**O’zbekistan Respublikasi Xaliq Bilimlendiriw Ministrligi.**
**A’jiniyaz atindag’i No’kis ma’mleketlik pedagogikaliq instituti**

Qol jazba huquqinda

Magistratura bo’limi
Baslawish ta`lim metodikasi kafedrası

**Abdijamilova Mahfuza Maxmudovna**

# Baslawish bilimlendiriwde dosliq qatnasti qa`liplestiriwde a`dep ikramliliq ta`rbiyasin alip bariw jollari

5A111701- “Baslawish ta’lim”

Magistr akademyali’q bilim da`rejesin aliw ushin orinlang`an magistrliq

**D I S S E R T A T S I Y A**

İlimiy basshı: dots. G.X.Jumasheva

**NO`KIS - 2014**

## MAZMUNI

Kirisiw................................ ….………………………………………….  3
**I-Bap. Baslawish bilimlendiriwde baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramli minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw ma’seleleri……………………………………..  9**

1.0. Tayanish tu’sinikler ………………………………………………….  9
1.1. Baslawish bilimlendiriwde oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw .....................................................  10
1.2.Kishi mektep jasindag’i balalardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda dosliq qatnasti qa’liplestiriw ..........................................................................  17
1.3. Bashlawish klass mu`g`a`lliminin’ ata-analari ha’m oqiwshilar menen dostana mu’na’siybeti ……………………………………………………………  25

**II-Bap. Baslawish bilimlendiriwde dosliq qarim-qatnas psixologiyasin qa’liplestiriw ha’m rawajlandiriw ma’seleleri ....................................... 35**

2.0. Tayanish tu’sinikler ………………………………………………  35
2.1. Baslawish klass oqiwshilarinda qarim-qatnas psixologiyasin ta’rbiyalaw usillari ……………………………………………………………………  35
2.2. Psixologiyaliq izertlewlerde oqiwshilarda dosliq qarim-qatnasti qa’liplestiriwdin’ a’hmiyeti ..................................................................  42
2.3. Baslawish klass oqiwshilarinda qarim-qatnas psixologiyasin ta’rbiyaliwdin’ a’hmiyeti ………………………………………………………………  49
2.4. Baslawish klass oqiwshilarinda insaniy qarim-qatnas psixologiyasin qa’liplestiriw ..........................................................................................  55

**III-Bap.Baslawish bilimlendiriwde dosliq qatnasti qa’liplestiriwde a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin alip bariwdin’ o’zine ta’n o’zgesheligi ……………………………………………………………….. 62**
3.0. Tayanish tu’sinikler …………………………………………………  62
3.1. Baslawish bilimlendiriwde dosliq qatnasti qa’liplestiriwde a’dep-ikramliliq ta'rbiyasin alip bariw jollari ....................  62
3.2. Baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep ikramliliqqa ta’rbiyalawda ortaliqtin’ ta’siri. ..............................................  69
3.3. Baslawish klasslarda alip barilatug’in ta’rbiyaliq saatlarda dosliq qatnasti qa’liplestiriw ...........................................................................................  75
3.4.Baslawish klasslarda oqiwshilardi a’dep-ikramliliqqa ha’disler ha'm ertekler misalinda ta’rbiyalaw .........................................................................  80
Juwmaq ............................................................................................  87
Paydalang’an a’debiyatlar .......................................................................  91

# KIRISIW

## Jumistin' uliwma sipatlamasi

Bilimlendiriw tarawi, a'sirese baslawish bilim beriw ba'rqulla ja'miyettin' talaplarin qanaatlandiriw ushin xizmet etip kelmekte. Sol sebepli Prezidentimiz I.A.Karimov biyilg'i 2014-jildi "Salamat bala" jili dep bejiz aytpag'an. Ma'mleketimiz g'a'rezsizlikke eriskennen keyin qa'liplesip atirg'an demokratiyaliq ja'miyetimiz du'n`ya tsivilizatsiyasinda o'z ornin tabiw ushin ta'lim ha'm ta'rbiya ma'selesine jan'asha mazmun engiziw za'ru'rligin seze basladi.

"Bilimlendiriw haqqinda"g'i Nizaminda ha'm "Kadrlar tayarlawdin' milliy bag'daralma"sinda XX-a'sirdin' aqiri, XXI a'sirdin' baslarinda ta'lim-ta'rbiya jumislarin reformalastiriw boyinsha aniq waziypalar belgilep berildi. Olardi bilimlendiriw sistemasina engiziw ushin ko'plegen jumislar islenip atir.

Prezidentimiz I.A.Karimov "Barkamal avlod orzusi" miynetinde, "Usi ku'nge shekem hesh kim, baslawish klasslarda ha'm onnan keyingi basqishlarda, qaysi klassta qanday pa'nlerdi u'yreniw maqsetke muwapiq ekenligin ilimiy jaqtan da'lillep bergen emes", dep ashiq aytqan edi.

Eldin' keleshektegi o'sip rawajlaniwi, gu'llep jaynap jasnawi bizlerdin' ta'lim ha'm ta'rbiya berip atirg'an balalarimizg'a, demek keleshek a'wladimizg'a baylanisli. O'zbekstannin' ulli keleshegine ha'r bir puxara puxaraliq ha'm dosliq qatnasinan, sol qatnasti ha'r kim o'z ju'regine jaqin qabillawinan keleshekte bekkem dosliq ha'm puqaraliq ja'miyet quriladi. G'a'rezsizlik ideyalarina sadiqlig'inan, ko'z-qarasinin' ken'liginen, a'deplilik da'rejesinen, qa'nigelerdin' tayarlig'inan, ha'r bir shaxstin' jeke insan bolip jetilisiwinen bizler iyoshlanip maqtanish etep, keleshekke u'lken u'mitler menen qaraymiz.

"Bizin' aldimizdag'i ulli maqsetlerge iygilikli qa'demlerge, ja'miyettin' jan'alaniwina erisiw ulli keleshek ha'm progress ushin o'tkerilip atirg'an bizin' peformamizdin' pidayilig'i, bizin' u'mitlerimizdin' na'tiyjeleri - bulardin' barlig'i bir-biri menen tig'iz baylanisli, ba'rinende burin zaman talaplarina juwap

beretug'in sanali shaxslardi erten'gi ku'nnin' kadrlarin, qa'nigelerdi tayarlaw mashqalasina g'a'rezli ekenligin- biz tu'sinemiz"- dedi I.A.Karimov.

Mektep - bul ja'miyet`imizdin' bir bo'limi bolip, onda pu'tkil xalqimizdin' keleshegi do'reledi. Ha'zirgi waqitqa shekem mekteplerde oqitiwshilar o'z qa'nigeligi boyinsha jaqsi sabaq o'tse, klasstag'i oqiwshilar toliq u'lgerse ha'm mektep pitkeriwshilerinin' joqari oqiw ornina kiriw sanina qarap, mektep ja'ma'a'ti u'lken jetiskenliklerge eristi dep esaplap keldik. Biraq mektep pitkeriwshilerinin' ma'deniyati, a'dep-ikramliliq paziyletleri, ruwxiy du'n`yasi, du'n`tyag'a ko'z-qaraslari ja'miyetimiz rawajlaniwinin' bu'gingi ku'ngi talabina juwap bere me? Sonin' ushinda jan'a jas a'wladlardi ta'rbiyalawda pedagog qa'niygelerdin' bilimi menen birge ata-analardin' t`a'rbiyaliq bilim da'rejesi ma'selelerine ayriqsha itibar beriwdi talap etedi ha'm bul ma'seleni sheshiw pu'tkil ja'miyetshiligimizdi o'zine tartatug'in u'lken juwapkershili waziypalardin' biri.

Adamzat tuwilg'an ku'ninen baslap sem`ya ortalig'inda jasap jeke, a'dep-ikramli, ta'rbiyali adam boliwg'a, rawajlaniwg'a fundament jaraladi, al onin' qa'liplesiwi ushin t`iykarg'i miynet mekteplerde, a'sirese baslawish klasslarda a'melge asiriladi. Mekteplerde bilimli balalardi a'dep-ikramli etip ta'rbiyalap shig'ariw menen birge o'z bilimlerin a'meliyatta qollana biletug'in aktiv isker balalar etip ta'rbiyalap shig'ariw da talap etiledi.

Joqarida ko'rsetip o'tilgen jas a'wladlardin' ta'lim ha'm ta'rbiyasi haqqindag'i ma'selelerdi a'melge asiriwda mektep ja'ma'a'ti, a'sirese baslawish klass mug'allimleri menen birge ata-analar, ja'miyetimizdegi ha'r bir insan toliq isenim menen juwapkeshilikli qatnas jasawi kerek.

**Temanin' aktuallig'i:**

O'zbekstan Respublikasi o'z g'a'rezsizligine erisken waqtinan baslap ta'lim-ta'rbiya ma'selesine ayriqsha itibar qaratip kiyatir. A'sirese keleshek a'wladimiz bolg'an balalardi ha'r ta'repleme jetilisken, a'dep-ikramli ka'mil insan etip ta'rbiyalap shig'ariwda ta'rbiyani kompleksli tu'rde alip bariwdi a'melge asiriwdi jolg'a qoymaqta. Ta'lim-ta'rbiya tarawindag'i reformalar ta'lim protsessinde jan'a

oqitiw texnologiyalardin’ engiziliwi - bulardin’ barlig’i keleshegimiz bolg’an balalardin’ sawatli, a’dep-ikramli bolip jetilisiwine o’z ta’sirin tiygizbey qoymaydi.

Balalarda a’dep-ikramliliq qa’siyetlerin qa’liplestiriwde uliwma bilim beriwshi baslawish mekteplerde dosliq qatnasti qa’liplestiriw maqsetke muwapiq boladi. Sebebi, balalardin’ dosliq qatnas arqali a’dep-ikramliliq ta’rbiya barisinda ha’r qanday teoriyaliq bilimlerin a’meliyatta qollay biliwge, o’z betinshelikke, do’retiwshilik qa’biletlerinin’ rawajlaniwina tu’rtki boladi.

Ha’zirgi waqitta pa’n ha’m ma’deniyattin’ en’ son’g’i jetiskenlikleri tiykarinda keleshegimiz bolg’an jas a’wladti turmisqa tayarlawdin’ na’tiyjeli tu’rleri ha’m usillarin izlep tabiw en’ a’hmiyetli waziypa bolip esaplanadi. Usi ko’z-qarastan baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw islerin’ jetilistiriwdin’ zamanago’y ha’m qolayli bag’darlarin qidirip tabiw ha’m a’meliyatta qollanip ko’riwimizge baylanisli.

Mektepte ta’rbiyanin’ bas maqseti jas a’wladti ruwxiy jetilisken, a’dep-ikramli, xalqimizdin’ milliy da’stu’rlerine, uliwmainsaniy qa’diriyatlarina tiykarlang’an halda ta’rbiyalawg’a qaratilg’an sho’lkemlestiriwshilik, pedagogikaliq forma ha’m qurallardi islep shig’iwg’a ha’m a’melge asiriwg’a qaratilg’an.

**Ilim-izertlew jumisinin’ maqseti:**

Baslawish bilimlendiriwdin’ uliwma bilim beriwshi orta mekteplerdin’ baslawish klasslarinda dosliq qatnasiqti qa’liplestiriw tiykarinda oqiwshilarg’a a’dep ikramliliq ta’rbiya beriwdin’ pedagogikaliq sistemasin qa’liplestiriw.

**Ilim-izertlew jumisinin’ waziypalari:**

- jumista ko’rsetilgen mashqalanin’ teoriyaliq ha’m a’meliy ta’replerin u’yreniw ha’m analiz etiw;

- baslawish bilimlendiriwde baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa'liplestiriw arqali a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalawda minezquliq madeniyatin ta'rbiyalaw usillarin u'yreniw;
- oqiwshilarda a'dep-ikramliliq qa'siyetlerin ta'rbiyalawdin' psixologiyaliq aspektlerin ha'm pedagogikaliq tiykarlarin u'yreniw;
- baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti sho'lkemlestiriwde shan'araq ha'm ja'ma'a'tshiliktin' birgeliktegi islesiw jollari aniqlaw;
- baslawish klasslarda alip barilatug'in ta'rbiyaliq saatlarda dosliq qatnasti qa'liplestiriwde interaktiv usillardan paydalaniw arqali a'dep-ikramliliqqa ha'disler ha'm ertekler misalinda ta'rbiyalaw ha'm oni a'meliyatta qollaniwg'a usiniw;
- oqiwshilardi a'dep ikramliqqa ta'rbiyalaw boyinsha metodikaliq usinislar islep shig'iw ha'm oni a'meliyatta qollaniwg'a usiniw.

**Ilim-izertlew jumisinin' ob`ekti:**

Baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasiqti qa'liplestiriwde a'dep ikramliliq ta'rbiyasin beriw protsessi.

**Ilim-izertlew jumisinin' predmeti:**

Baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasiqti qa'liplestiriw arqali a'dep ikramli etip ta'rbiyalawdin' pedagogikaliq sistemasi.

**Ilim-izertlew jumisinda paydalang'an tiykarg'i metodlar:**

Prezident I.A. Karimovtin' ruwxiy-ag'artiwshiliq, ta'lim-ta'rbiya tarawina, a'dep-ikramliliq, milliy ideya ha'm ideologiyag'a baylanisli shig'armalari, filosof, psiholog, pedagog, metodist ha'm basqa da alimlarimizdin' miynetleri ha'm ilimiy maqalalar, baslawish klass oqiwshilari menen gu'rrin'lesiw, soraw-juwap o'tkeriw.

**Ilim-izertlew jumisinin' ilimiy jan'aliq da'rejesi:**

Mashqalani u'yreniwge jan'asha ilimiy qatnas jasaldi, baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasiqti qa'liplestiriwde oqitiwdin' jan'a pedagogikaliq texnologiyalarinan, interaktiv metodlarinan paydalanip dosliq qatnasiqti qa'liplestiriw arqali a'dep ikramliliq ta'rbiya beriwdin' ha'r tu'rli usillarinan

ha’disler ha'm ertekler misalinda ta’rbiyalaw ha’m oni a’meliyatta ken’nen qollanip o’tkeriw ko’rsetildi.

**Ilim-izertlew jumisinin’ a’hmiyeti:**

Jumis juwmaqlari baslawish klasslarda alip barilatug’in klasstan tis jumislarda oqiwshilarda dosliq qatnasiqti qa’liplestiriw arqali a’dep ikramliliqqa ta’rbiyalawda mu`g`a`lliminin’ ata-analari menen dostana mu’na’siybetin, qarim-qatnas psixologiyasin ta’rbiyaliwdin’ a’hmiyetin, ha’disler ha'm ertekler misalinda dosliq qatnasiqti qa’liplestiriw arqali a’dep ikramliliqqa ta’rbiyalaw ha’m oni a’meliyatta qollaniw mu’mkin.

**Ilim-izertlew jumisinin’ tiykarg’i na’tiyjeleri:**

Jumistin’ kirisiw bo’liminde O’zbekstan Respublikasinda g’a’rezsizlikten keyingi jillarda jas a’wladti milliy qa’diriyatlar tiykarinda ha’r ta’repleme qa’leplestiriw jumislarin rawajlandiriw boyinsha elimizde qabil etilgen hu’jjetler ha’m bilimlendiriw tarawindag’i ju’z berip atirg’an reformaliq, o’zgerisler haqqinda bayan etilgen.

**Ilim-izertlew jumisinin’ ilimiy boljawi:**

Ilim-izertlew jumisinin’ tiykarg’i a’hmiyeti sonda, birinshi baptan baslap u’shinshi baplarda baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw ma’selelerinin’ mazmuni ha’m tu’rlerine sipatlama berilgen. Sonday-aq balalardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda dosliq qatnasti qa’liplestiriw, oqiwshilarda qarim-qatnas psixologiyasin qa’liplestiriw ha’m rawajlandiriw haqqinda pikir ju’rgizilgen, bunnan tisqari baslawish klasslarda alip barilatug’in klasstan tis jumislarda oqiwshilarda dosliq qatnasiqti qa’liplestiriw arqali a’dep ikramliliqqa ta’rbiyalawda mu`g`a`lliminin’ ata-analari menen dostana mu’na’siybetin, qarim-qatnas psixologiyasin ta’rbiyaliwdin’ a’hmiyetin, ha’disler ha'm ertekler misalinda dosliq qatnasiqti qa’liplestiriw arqali a’dep ikramliliqqa ta’rbiyalaw ha’m oni a’meliyatta qollaniwg’a ayriqsha toqtap o’tken.

Juwmaqlawda baslawish klass oqiwshilarinda qarim-qatnas psixologiyasin t`a’rbiyalaw usillari, oqiwshilarda dosliq qatnasti sho’lkemlestiriwde shan’araq

ha’m ja’ma’a’tshiliktin’ birgeliktegi islesiw jollari ha’m baslawish klasslarda alip barilatug’in ta’rbiyaliq saatlarda dosliq qatnasti qa’liplestiriwde interaktiv usillardan paydalaniw arqali a’dep-ikramliliqqa ha’disler ha'm ertekler misalinda ta’rbiyalawdag’i na’tiyjeleri haqqinda aytip o’tilgen.

**Ilim-izertlew jumisinin’ aprobatsiyasi:**

Magistrlik dissertatsiya jumisinin’ ilim-izertlew na’tiyjeleri «Fizika ha’m ekologiya» resp. ilimiy-a’meliy konferentsiya materiallar toplaminda ”Balalarg’a ekologiyaliq ta’rbiya beriwde naqil-maqalalardin’ a’hmiyeti” (NMPI, 11-12-dekabr 2013j.), «Etnikaliq o’zgeshelikler ha’m oqitiwdi joybarlastiriw texnologiyalari» resp. ilimiy-a’meliy konferentsiya materiallar toplaminda ”Vospitanie nravstvennix navikov i intellektual`nogo razvitiya detey v uchebnix zavedeniyax i v sem`e” (QMU, 22-23-noyabr 2013j.), «Qaraqalpaqstan jaslari» gazetasinda (1.01.2013. №1-2 (7707)) ”Baslawish ta’limde modernizatsiya”, «Mug’allim ha’m u’ziliksiz bilimlendiriw» jurnalinin’ 2014 jil № 1 saninda ”Bashlawish klass mu`g`a`lliminin’ ata-analari menen dostana mu’na’siybeti” degen atamada maqalalarim ja’riyalandi. Ja’mi 4 maqalam ja’riyalandi: sonnan 1 maqalam gazetada, 1 maqalam jurnalda ha’m 2 mezisim respublikaliq ilimiy-a’meliy konferentsiya materiallari toplamlarinda.

**Ilim-izertlew jumisinin’ du’zilisi:**

Jumis kirisiw, 3 bap, juwmaqlaw ha’m jumisti izertlewde paydalanilg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

# I-Bap. Baslawish bilimlendiriwde baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa'liplestiriw arqali a'dep-ikramli minez-quliq madeniyatin ta'rbiyalaw ma'seleleri.

## 1.0. Tayanish tu'sinikler

Haqiyqiy demokratik ja'miyet quriw jolinan baratirg'an O'zbekstan o'zinin' g'a'rezsizligine erisken da'slepki jillardan baslap-aq, jaslardin' ta'lim-ta'rbiyali, bilimli boliwi ha'm olardin' keleshekte ja'ha'n ta'limi standartlari talaplarina juwap beretug'in, rawajlang'an ma'mleketlerdin' jaslari menen qa'biletleri ha'm ilimiy da'rejesi arqali bellese alatug'in jetik a'wlad bolip jetilisiwine u'lken a'hmiyet berdi. A'lbette bunday ulli maqset, waziypalardi a'melge asiriwda uliwma bilm beriwshi mekteplerde alip barilatug'in sabaqlar, a'meliy isler u'lken a'hmiyetke iye. Sebebi balalardin' ha'r qanday arzu-a'rmanlari, qizig'iwshiliqlarinin' ju'zege keliwi en' da'slep usi klass sabaqlari ha'm  shinig'iwlarinda qa'liplesip baradi.

## 1.1. Baslawish bilimlendiriwde oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw

Baslawish mektep klasslarinda alip barilatug’in sabaqlar, a’meliy shinig’iwlar o’zinin’ ta’sirshen’ligi ha’m turmisqa baylanislilig’i menen qa’nshelli a’hmiyetke iye bolmasin, ba’ribir ol jas a’wladti ha’r ta’repleme rawajlang’an, ka’mil insan da’rejesine jetkeriwge ta’lim-ta’rbiyaliq islerdin’ toliq waziypasin atqara almaydi.

Shig’istin’ belgili danishpani Abu Rayxan Beruniy, «Bizin’ maqsetimiz sha’kirtti sharshatip qoymasliq. Tek g’ana bir na’rseni oqiy beriw zerikerli boladi ha’m shidam tawsiladi. Eger sha’kirt bir ma’seleden basqa ma’selege o’tip tursa, ol tu’rli-tu’rli bag’darda sayir etkendey boladi. Adam olardin’ ha’mmesin ko’rgisi ha’m tamasha etkisi keledi. Ha’r bir jan’a na’rse balag’a ra’ha’t bag’ishlaydi», dep biykarg’a aytpag’an.

Klasstan ha’m mektepten tisqari shinig’iwlar baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw islerin’ jetilistiriwde, oqiwshilardin’ bos waqitlarinan tuwri ha’m u’nemli paydalana aliwinda u’lken a’hmiyetke iye.

Ha’zirgi waqitta pa’n ha’m ma’deniyattin’ en’ son’g’i jetiskenlikleri tiykarinda keleshegimiz bolg’an jas a’wladti turmisqa tayarlawdin’ na’tiyjeli tu’rleri ha’m usillarin izlep tabiw en’ a’hmiyetli waziypa bolip esaplanadi. Usi ko’z-qarastan baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw islerin jetilistiriwdin’ na’tiyjeliligin arttiriw en’ da’slep, barkamal insandi ha’r ta’repleme jetik insan etip ta’rbiyalawdin’ zamanago’y ha’m qolayli bag’darlarin qidirip tabiw ha’m a’meliyatta qollanip ko’riwimizge baylanisli.

Qaraqalpaqstandag’i baslawish klasslarda alip barilatug’in ta’rbiyaliq saatlarda dosliq qatnasti qa’liplestiriwde interaktiv usillardan paydalaniw arqali a’dep-ikramliliqqa ha’disler ha'm ertekler misalinda ta’rbiyalaw ha’m oni a’meliyatta qollaniwg’a usiniwdi u’yreniwge tariyxiy-pedagogikaliq jaqtan tallaw bizden burin basip o’tilgen jollardi tuwri ko’z-qarastan bahalawdi talap etedi.

Balalarda a’dep-ikramliliq qa’siyetlerin qa’liplestiriwde uliwma bilim beriwshi baslawish mekteplerde dosliq qatnasti qa’liplestiriw maqsetke muwapiq boladi. Sebebi, balalardin’ dosliq qatnas arqali a’dep-ikramliliq ta’rbiya barisinda ha’r qanday teoriyaliq bilimlerin a’meliyatta qollay biliwge, o’z betinshelikke, do’retiwshilik qa’biletlerinin’ rawajlaniwina tu’rtki boladi.

Ha’zirgi ku’nde o’tken da’wirdin’ jaqsi ha’m jaman ta’replerin ha’r ta’repleme izlestirmesten turip onin’ barliq ko’rsetkishleri boyinsha jan’a bag’darda uliwmainsaniyliq qa’diriyatlari onin’ ma’deniy turmis ta’rizin, da’stu’rlerin qayta tiklew jolinda millettin’ ha’m xaliqlardin’ tilek a’rmanlarina juwap beretug’in kishi mektep jasindag’i balalardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda dosliq qatnasti qa’liplestiriw sistemasin du’ziw mu’mkin emes.

Usi jerde Prezidentimiz I.A.Karimovtin’ to’mendegi pikirin keltirip o’tiw orinli: «Jan’a u’y qurmay turip, eskisin buzba. Ha’r qanday jag’dayda da biz o’zimizdi bag’ip, toydirip kelgen na’rselerdi wayran etip buzip ketiwimizge haqimiz joq».

Baslawish bilimlendiriwde baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalawdin’ basli maqseti jas a’wladti ruwxiy jetilisken, a’dep-ikramli, xalqimizdin’ milliy da’stu’rlerine, uliwmainsaniy qa’diryatlarina, tariyxiy u’rp-a’detlerine tiykarlang’an halda ta’rbiyalawg’a qaratilg’an sho’lkemlestiriwshilik, pedagogikaliq forma ha’m qurallardi islep shig’iwg’a ha’m a’melge asiriwg’a qaratilg’an.

Baslawish klass oquwshilarinda minez-quliq ma`deniyatin tarbiyalawdin` tiykari dosliq qatnastag’i a`dep ikramliliqtan baslanadi, onin’ o`zgeshelikleri to`mendegilerden ibarat: balanin` aldinda tan`law mashqalasi turadi, ol mu’mkin bolg`an minez-quliq normalarinin` bir neshe tu`rinin` ishinen birewin tan`lap aliwi kerek. Bir adamnin` ekinshi bir adamg`a ja`rdem beriwi yamasa bermewi de, mumkin, o`zine berilgen mu’mkinshiliktin` barlig`in o`zi paydalaniwi yamasa ayirimlarin basqalardin` paydalaniwina beriwi mu’mkin: qiyin jag`dayda shinliqti aytiwda u`ndemey qaliwida yamasa “bilmeymen” dep aytiwida mu’mkin. A`dep

ikramsiz minez-quliq ma`deniyati nizam boyinsha jazalanbaydi, sonliqtan minez-quliq ma`deniyatin tan`lawda onin` a`dep–ikramliliq ta`repine beriletug`in bahag`a qaramastan, erkinlik berilgendey ko’rinedi. Biraqta balaliq waqittin’ o’zinde-aq adep-ikramliliq minez-quliq ma`deniyati normalarin tan’lawdag’i erkinlik ja’miyetlik pikir menen, u’lkenlerdin’ ha’m pedagoglardin’ pikirinshe, balanin’ ar-namisi, adamgershiligi onin’ joldaslari menen dostana qatnasi arqali ta’rtipke keltirilip otiriladi. Bunin` barlig`ida balalar sho`lkeminin` tarbiyalawshilarinin` ku`ndelikli o`mirdin`, o`sken ortaliqtin` ta`siri arqali qa`liplesedi.

Balalardin` adep-ikramli ta’rbiyalawda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali rawajlaniw protsesine adamgershilik normalarin o`zinshe erkin tan`lawdi payda etetug`in jag`daylar ku`shli ta`sir jasaydi. A`dep-ikramliq normalarin tan`law jag`daylarin ta’rbiyaliq maqsettegi ha`rekettin` barliq tu`rinde ku`ta` tiyimli usil retinde paydalaniladi. Bunday pedagogikaliq jag`daylar minez-quliq ma`deniyatinin’ tarbiyaliq jag`daylarinin` mazmunin quramaydi, ol balalardin` qarim-qatnasina ta`sir etetug`in bolg`anliqtan, sol ilajlar qosimsha usil retinde qollaniladi. Balalardin` ku`ndelikli mekteptegi o’mirine jasalg`an baqlawlar a`dep ikramli minez-quliq ma`deniyati normalarin tin`lawda bala o`zinin` tilegin qoyip basqalardin` talabina qaray tan`law jasaytug`in ko`pshilik jag’daylarda ko`remiz. Misali: “Raketa nisanag`a qaray ushiwda”, “Kim epli?” degen ha`m basqa da oyinlar waqtinda ha`r tu`rli balalardag`i “dosliq” sezim qalay sa`wlelenetug`inlig`in alip qarayiq. Belgili bir mug`dardag`i ilaqtiriwlarda 4-5 baladan quralg`an gruppalar tiyisli ochko sanin jiynaw ushin gezekpe–gezek o`zinin` mergenligin, epliligin sinaydi. Ayirim balalar, o`zlerine tiyisli mug`dardag`i ilaqtiriwlardan toliq paydalanbay-aq ochko sanin jiynap aladi. Bunday jag`dayda olardin’: 1) o’zleri ilaqtiriqdi dawam etiwine ham ilaqtiriwlari sa’tli bolg’anda bayraq aliwina yamasa 2) bul huquqtitiyisli ochko sanin toltira almag’an basqa bir joldasina beriwine boladi. Tan’lawdin’ birinshi varianti – “O’zi ushin”, ekinshi varianti “dosti (joldasi) ushin” dep ataladi.

Bunday jag`dayda 1-klass oqiwshilarinin` yariminan ko`bi o`zinin` huquqin (dostina) joldasina bermeydi, al 3-klassta bunday balalar az bo`lg`ani

menen olar oynawshilardin` ten` yarimin quraydi, lekin bug'an qaramay dosliq qatnas qa'liplesken boladi. Oqiwshilarda dostina degen isenim, jan ashiw, og'an bolg'an hu'rmet-izzet sezimi joqari boladi.

Balalardin` ko`pshiligi, a'serese 1-klassta bunday da huquqin joldasina bermegenine qisinbaydi ha`m basqasha etiw kerekligi haqqinda oylanbaydida: sonin` menen birge o`zlerinin` mergenlik, eplilik qa`biletlerin ja`ne bir sinap ko`rip ja`ne bayraq alg`isi keletug`inlig`in ashiq aytadi. Al ekinshi bir balalar tap usinday islegeni menen bir tu`rli qisinip qaladi: al qizlar to`men qarap turadi, o`zinin` pikirin aste aytip  qoyadi, olarda dosti haqqinda da oylaw kerekligin, o`zinin` oynap bolsan`, dostin'a  oynawi ushin jag`day jasatiw kerekligi tu`sinigi boliwi tiyis. Baslawish klass oqiwshilarinin` minez-quliq ma`deniyati normalarin "o`zi ushin" , "dosti (joldasi) ushin"  tan`lawi tabiyg`iy na`rse bolip tabiladi.

Pedagogikaliq tiykardan alip qarag`anda bul tan`lawdin` balanin` keleshekdegi a`dep-ikramliligi minez-quliq ma`deniyati haqqinda oylaw kerek. Eger bala o`zinin` tileginen bas tarta almaytug`in bolsa, a`dep ikramliliq printsipi tiykarinda o`zinin` tilegin jen`iwge u`yretiw kerek. Bundayda basqalar menen "esaplasiw-nizam", "dosliq qatnas-o'mirdin' tiykari", "aldin o'zin'de sinap ko'r keyin dostin'da sina", "dostin'di irza etiw, o'zin'di quwanishqa bo'leydi", "a'dil boliw kerek: o'zin' oynap bolg'annan son' basqalarg'a da oynawg'a ber" degen oylar payda boladi.

Bunday soraw juwap, tu'sindiriw jumislarin o'tkergende 1- ha`m 2-klasslardan eksperiment barisinda jiynalg`an mag`liwmatlardi salistirg`anda "dosti ushin" tan`law saninin` bir qansha artqanin ko`remiz. 3-klass oqiwshilari "dosti ushin" tan`law jasag`anda buni sanali tu`rde, joldasin irza etiw ushin, o`zinin` tilegin jen`ip isleydi.

Geyde "balalar qalay etkende duris ha`reket islewge boladi?" degende olar o`zinin` bilimin, qiliqlarin an`law ushin paydalandi. Da`slep juwiriwdan, onnan keyin mergenlikten jaris sho`lkemlestirilgen oyinda eki balanin` jaman atatug`inlig`i belgili boldi. Pedagogikaliq jol menen usi balalardin` shinig`iwinajag'day jasawdi maqset etildi. Olar menen qaytadan jumis alip bariw

maqsetke muwapiq boldi. Da`slepki waqitta balalardin` birewi o`zinin` gezegin berip turdi, son` balalardin` birewi o`zinin` gezegin bermewdin` formasin tapti, ol “Komandanin` jen`iwi  ushin ha’m kop ochko toplaw ushin – o`zim ataman”, dedi. Bug`an basqa balalar da qosildi. Mergenlikke u`yreniwi tiyis bolg`an eki bala umitilip qaldi.

Balanin` aldina minez-quliq ma`deniyati normasin tan`law ma`selesi qoyilg’anda a`dep-ikramli bolip o`siwi ushin o`zinin` minez-quliqinin` basqalar menen qarim-qatnasinin` a`dep –ikramli ta`repin sanali tu`siniw sharayati qa`linlestiriledi. O`kinishlisi mektep a`meliyatinda bunday tan`law jasaytug`in jag`daylar ju`da` az. Haqiyqatinda da oqiwshilarg`a ha`r tu`rli islerdi islewge sho`lkemlestiriledi, olardi bul jumisti atqariwdin` basqalar ushin kerekliligine isendirip anaw yamasa minaw tapsirmani orinlawin qadag`alaydi. Mu`g`a`llim ha`m balalar ja’ma’a’tinin` talaplari jaris oyinlari arqali a`melge asiriladi. A`dep ikramliliq minez-quliq ma`deniyatin tan`law jag`dayin tallaw ta’rbiyalawdin` bir qansha ma`selelerin  sheshiwde dostana mu’na’siybet, erkinlilik printsipin qollaniwg`a ma`jbu`rleydi.

Baslawish klass mug`a`llimi oqiw ha`m ta’rbiya jumislarinda en` jaqsi na`tiyjelerge  erisiwge umtilip oqiwshilardin` ha`r qiyli toparlarina ta’rbiyaliq ta`sirlerdi differentsiyalawdi sinap ko`redi. Bunday differentsiyalaw ha`r qiyli sebeplerge baylanisli o`tkeriliwi mu’mkin. Pedagog oqiwshilardin` birdey belgilerin biliwi tiyis: u`lgeriwi, bilim da`rejesi, aktivlik da`rejesi yamasa belgili ha`reketlerge qizig`iwin esapg`a alip olardi o`z qiyalinda toparlarg`a bo`ledi, bul arqali pedagog az ku`sh sariplap u`lken na`tiyjelerge erisedi. Differentsiyali qatnas ta’rbiya jumisinin` na`tiyjeliligin ko`teriwge ja`rdem beredi. Ta’rbiya jumislari ushin a`hmiyetli bolg`an differentsiyalaw belgilerinin` biri, tarbiyalaniwshinin` jinisi bolip esaplanadi.Er bala menen qiz balanin’ jeke basinin’ qa’liplesiwi, o’siw protsessi ayirim o’zgesheliklerge iye, buni kishi mektep jasinda esapqa almawg’a bolmaydi.

Pedagog er balalar menen qiz balalardin` dara-dara ha`m kollektiv ishindegi qatnaslarin esapg`a aliwi kerek. Kishi mektep oqiwshilari ushin xizmetti tan`lawdi

ha`m oni sho`lkemlestiruwde, a`sirese klasstan tis jumislarda bunday qatnasti na`zerde shette qaldiriwg`a bolmaydi. Er balalar menen qiz balalar bir xizmet tu`rine jeke ha`r qiyli ko`z-qaras ko`rsetedi. Er balalar menen qiz balalar arasinda dosliq qatnasti ornatiwda olar ushin ortaq xizmetti sho’lkemlestiriw lazim, bunda olardin’ xizmet tu’rinin’ almasiw tempi a’hmiyetli rol oynaydi. Miynet sabag’inda, krujok sabaqlarinda, ekskursiya ha’m seyillerde mug’a’llim balalarg’a jan’a tapsirma bere otirip, olardi bir xizmetten ekinshisine awdara otirip, er balalar menen qiz balalardin’ o’zgesheliklerin esapqa aladi.

Baslawish klasslarda balalar menen jiyi bilimlilik, minez-quliq ma`deniyati, dosliq qatnas ha`m a`dep ikramliliq temalarinda gu`rrin`ler o`tkeriwge boladi. Og`an tayarlang`anda anaw yamasa minaw temanin` er balalar h`am qiz balalar ta`repinen qalay qabillaniw mu`mkinliligin minnetli tu`rde esapg`a aliw kerek. Kosmonovtika haqqinda gu`rrin` balalar ushin da, qizlar ushin da birdey qiziqli etip baslanadi ha’m og’an intuziazm menen qatnasadi. Balalar ko`p na`rseni biledi ha`m o`z bilimlerin basqalar menen ortaqlasiwg`a ha’reket etedi. Bir nehse minutlardan son` kartina o`zgere baslaydi. Qizlar aktivlilikti aniq jog`alta baslaydi, keyin bolip atirg`an qizig`iwshiliqlari da pa`seyedi. Balalar gu`rrin` materialin jaqsi men`eredi, ko`p oqiydi ha`m ko`p esitedi, olar qizlardi ekinshi plang’a isirip shig’ara basladi. Mu`g`a`llim uliwma jag`dayg`a berilip ketip o`zgerislerdi bayqamay qaladi. Qizlardin` ko`pshiligi balalardin` aytqanlarin apiwayi g`ana tin`lap otirdi, keyin olardin` birazi alan` boldi, ana jer, mina jerde so’ylesiw ko’beydi.

Pedagogikaliq dosliq qarim-qatnas degenimizdin’ o’zi sabaqtag’i, sabaqtan tisqari waqittag’i mug’allim ha’m oqiwshilar arsindag’i belgili bir maqsetke qaratilg’an qolayli psixologiyaliq klimatti payda etiwge arnalg’an qatnas bolip tabiladi. Egerde pedagogikaliq dosliq qarim-qatnas duris ornatilmasa oqiwshilardag’i isenimnin’, diqqattin, oylawdin’ rawajlaniwi to’men boladi. Bunin’ saldarinan oqiwshilardin’ mug’allimge degen ko’z qarasi, mu’na’siybeti, u’yrenilip atirg’an pa’nge bolg’an qizig’iwshilig’i to’menleydi ha’m oqiwshilardi qolaysiz awhalg’a tu’siredi.

Mug’allim menen oqiwshilar arasindag’i dosliq qarim-qatnas sezimlerge ta’sir etetug’in, quwanish alip keletug’in, iske qizig’iwshiliqti payda etetug’in tiykarg’i oqiw-ta’rbiya jumislarin jen’illestiretug’in da’rejede bolg’ani jaqsi boladi.

Mekteptegi ta’lim-ta’rbiya jumislarinda tiykarg’i orinda turatug’in eki bas figura-bul mug’allim ha’m oqiwshi bolip tabiladi.

Mug’allim ha’m oqiwshi arasindag’i dosliq qarim-qatnas jaqsi ornatilg’an bolsa oqiw-ta’rbiya jumislari da jaqsi jolg’a qoyiladi.

## 1.2. Kishi mektep jasindag’i balalardi a’dep-ikramliliqqa ta’rbiyalawda dosliq qatnasti qa’liplestiriw.

Dosliq, joldasliq qatnas, adamlar arasindag`i qatnas tuwrali bolg`an basqa gu`rrin` waqtinda er balalardin` aktivliligi tez to`menlep ketti, olar gu`rrin` temasina baylanisli bilimlerin de, qizig`iwshiliqlarin da umita basladi. Mu`g`a`llim gu`rrin` na`tiyjesinin` usinday boliw mu`mkinligin aldin-ala bilip (tayarliq jumislari barisinda aq ko`re bilip), kimlerdin` aktivliligin ko`teriw kerek bolsa sol balalardi qiziqtiriwg`a ha`reket etti. Gu`rrin` waqtinda mu`g`a`llim er balalar ha`m qizlardin` qizig`iwshiliqlarinin’ ko`rinislerine, emotsional qatnaslarina ayriqsha diqqat awdariwi kerek. A`dep ikramli tarbiya protsesinde minez-quliq ma`deniyatinin’ tarbiyaliq ta`sirlerin sho`lkemlestiruwde adamnin` a`dep-ikramli du`nyasi balalar menen qizlardin` aldina birdey tez ha`m teren` ashila bermeytug`inlig`in esapg`a aliw kerek. Pedagog o`zinin` oqiwshi qizlarinin` a`dewir o`skin, jetilisken bolip, adamzat qatnasi dunyasin teren` tu`sinetug`inlig`in ko`rgende, bul oni quwandiradi. Bazi bir waqitlarda baslawish klass oqiwshilari a`dep-ikramli minez-quliq ma`deniyatin bahalawdi talap etetug`in jag`daylardi analizlewden bas tartatug`in faktlerdi baqlaw mu`mkin. Bunin` sebebi olardin` buni isley almaytug`inlig`inda, tallawg`a uqipsiz ekenliginde jasirinip jatadi.

Baslawish klasslardin` o`zinde-aq er balalar menen qiz balalardin` ja`miyetlik aktivlik da`rejesinin` a’dewir pariqlanatug`inlig`i joqarida ko`rsetilgenindey bilmew ha`m uqipsizliqtin` sebebin quraydi. Bul qiz balalardin` a`dewir til alg`ish ha`m haq kewilliliginde emes; sonday-aq er balalardin` bunday xizmetlerge eli tayar emesliginde boladi. Kishi mektep jasindag`i er balalardin` arasinda geyde 9-10 jaslarg`a shekem ha`r bir adamnin` o`z xarakteri boladi, adamlar bir qiyli jag`daylarda ha`r qiyli ha`reket etiwi mu`mkin, bunday ha`reketlerdi salistiriw ha`m oni bahalaw mu`mkin degen na`rseler u`stinde oylap ko`rmegenleri ushirasadi. Haqiyqatliqtin` bul ta`repi olardi eli qiziqtirmag`an. Oqiwshilardin` shig`armalari ha`m olar menen gu`rrin`lesiwler bunday jag`daylardin` siyrek emesligin ko`rsetpekte. Buni da baslawish klass mu`g`a`llimi esapg`a aliwi za`ru`r.

Mektepke endi g`ana qa`dem qoyip atirg`an er balalar ha`m, qiz balalar ha`m onda bir jil yamasa eki jil oqig`anlar o`zlerinin` ko`p sanli joldaslarinin` aldinda o`z pikirlerin aytiwg`a, waqiyalardi bayanlawg`a, oqig`anlarin aytip beriwge ha’m olar menen dosliq qatnasta boliwg’a u`yrenedi. Kishi mektep jasindag`i oqiwshilardin` tilin o`siruw u`stinde islegende pedagog so`zsiz er balalar ha`m qiz balalar ushin so`ylesiwdi men`geriwdin` ha`r qiyli da`rejesin esapg`a aliwi kerek. Birdey jastag`i er balalar ha`m qiz balalar ushin  pariq qiladi. Er balalar qiz balalarg`a salistirg`anda u`lken qiyinshiliqlardi bastan keshiredi, tapsirmani qiynalip orinlaydi. Oqiw sabaqlarinda ha`m klasstan tis oqiw waqitlarinda bunday balalardi olarg`a usi waqitqa shekem az tu`sinikli bolg`an na`rseler jo`ninde  taliqlawg`a tartiwdin` mu`mkinshiligi bar. Anaw yamasa minaw jinistag`i  balalardin` a`dep-ikramli bolip o`siwinin` o`zgesheliklerin biliwge su`yenip, is alip barg`anda pedagog er balalardin` a`dep-ikramli minez-quliq ma`deniyati haqqinda tu`siniklerdi o`zlestiriw da`rejesine, pikirlesiwde olardi erkin qollaniw uqiplilig`ina arnawli diqqat bo’ledi. Bunda olardin` a`dep ikramli o`siw tempi tezlesedi, pikir ju’ritiwdin` teren`ligi ha`m erkinligi  gu’mansiz ken`eyedi, bul er balalardin` real minez-qulqinda sa`wlelenedi. Pedagog er balalardi a`dep-ikramli minez-quliq ma`deniyati haqqinda bilim ha`m tu`siniklerdin` dunyasina arnawli ku`sh saliwlarsiz kirgize otirip, er balalardin` aktivliligin ko`teriwge  a`dep ikramli minez-quliq ma`deniyati ma`selelerdi taliqlaw arqali g’ana emes, sonday-aq ha`reketler, sheshimler, praktikaliq xizmet arqali da erisiledi. Kishi mektep oqiwshilari a`sirese da`slepki oqiw jillarinda ju`da` isengish boladi. Olarg`a u`lkenlerge eliklewge umtiliw, a`sirese olar ushin abroyli bolg`anlarg`a  eliklew ku`shli rawajlang`an boladi. Biraq bunda da er bala ha`m qiz balag`a ta`n bolg`an psixologiyaliq  ayirmashiliqlar ko`rinedi. Qiz balalar a`dewir isengish, olar er balalarg`a qarag`anda mu`g`a`llimnin` talaplarin g`ana tez ha`m an`sat qabillap qoymay, onin` qatnaslarin, so`ylegenlerin, bahalawlarin, minez–quliq manerasin o`zlerine sin`dirip, og`an elikleydi.  Er balalar menen jumis alip barg`anda jiyi isendiriw metodinan paydalaniwg`a tuwra keledi. Er balalar menen qatnasta tikkeley buyiriw, anaw yamasa minaw formadag`i ma`jbirlew emes, al teren`

da`lilli isendiriw – kishi mektep jasindag`i er balalardi a`dep-ikramli ta’rbiyalawda jemiske erisiwdin` za`ru`rli sha`rti.

6-10 jasta er balalardin` xarakteri qa`liplesiwdin` a`hmiyetli ha`m quramali etabinan o’tedi: olar minez quliqtin` “erkeklik” tipin aktiv qabillaydi. O`siw situatsiyasinin` quramalilig`i sonnan ibarat mektepte kishi mektep oqiwshilari ko’binshe basim ko`pshiligi hayallar bolg`an mug`a`llim ha`m ta’rbiyashilardin` qorshawinda boladi. Sabaqlarda ha`m gu`rrin`lerde erkeklerge ta`n bolg`an minez -quliq normalarin ha`m qatnas formalarin arnawli bo`lip aliw ha`m bahalaw minnetli, turaqli diqqat ha`m shinig`uwlar arqali er balalardi do`geregindegilerge apiwayi diqqat ha`m kishipeyillik ko`rsete biliwge u`yretiw kerek. Kishi mektep oqiwshilarin a`dep-ikramli minez-quliq ma`deniyatina tarbiyalawdin` ta`sirli ha`m na`tiyjeli qurali pedagogikaliq baha bolip esaplanadi. Ol jo`ninde aytqanda ha`m balanin` tabislarin onin` o`zindegi jaqsi na`rseleri menen salistiriw, baylanistiriw kerek degen oylardi tiykarlaydi. Pedagogikaliq bahalawdan ha`m oni er bala ha`m qiz balalardin` qabillaw o`zgesheliklerinen paydalaniw baslawish mektep mu`g`a`lliminin` qolindag`i, kishi mektep oqiwhsilar toparindag`i dosliq qatnaslardi qa`liplestiriwdin` ta`sirli qurali bolip esaplanadi. Kishi mektep jasindag`i er balalar ha`m qiz balalar bahag`a, a`sirese ol qo`shametlew yamasa jazalaw rolin atqarg`an jag`dayda, og`an ha`r qiyli juwap beretug`inlig`inda aytip o`tiw kerek. Qiz balalar qo`shametlewdin` ha`r qiyli formalarina a`dewir sezimtal keledi ha`m a`sirese klasslas joldaslarinin` qatnasinda bolg`an keys atlari olardi a’dewir qiynaldirip qoyadi. Qiz balalar baslawish mektepte a`dewir tinish er balalarg`a qarag`anda jaqsi oqiydi, a`dewir til alg`ish ha`m ko`ngish, sonliqtan oqiwda ha`m klasstan tis jumista olardin` u`lesine minez-qulqi ha`m istegi tabislarina baylanisli ko`birek qo`shametlew boliwi tiyis. Olardin` mug`a`llimi jiyi basqa balalar ushin minez-quliqtin` unamli u`lgisi retinde ko`rsetedi. Er balalar o`z minezlerindegi o`zgesheliklerge ilayiq ha`reketshen’ligi menen jumis tu`rin tez awmastiriwg`a, joqari talapshan’lig`i menen jiyi ta`rtipke baylanisli eskertiwler aladi, arnawli baqlawlardin` ko`rsetkenindey tiykarinana mug`a`llim olardin` minez-qulqin unamsiz u`lgi retinde ko`rsetedi. Olardi siyrek maqtaydi jiyi

eskertiwler jasaydi. Waqittin` o`tiwi menen er balalar ken`eytilgen so`z benen berilgen bunday bahalawlarg`a o`z qatnaslarin ko’rsetip, unamsiz ha’reketlerdi a’dewir ayqin bildirmewge a`detlenedi. Sirttan qarag`anda bul ha`reket balag`a ta`sir etip atirmag`anday ko`rinedi.

Pu’tkil klass kollektivi aldinda oqiwshinin` ha`reketin taliqlaw, anaw yamasa minaw waqiyanin` mayda shu’ydesin aniqlaw, bunday qalay etkende de gu`nasin ko`pshiliktin` aldinda moyinlatiw ushin balani ma`jbu’rlew siyaqli ta`sir etuwdin` a`dewir ku`shli usillarin qollang`anda ta`sir etiwdin` keri na`tiyjelerine erisiw mu`mkin: qorg`ana otirip bala do`gerekdegilerdin` aqlina muwapiq bolg`an da`lil ha`m bahalawdin` barlig`in birden ilaqtirip tasalg`anday boladi. Olar menen kelisuwge ma`jbu’r bolip, o`zin ten`qurlarinan a`dewir alislap ketkendey ko`redi. Al er balalar ushin ayriqsha a`hmiyetlisi ortaliqqa tiyisliliq sezimin o`zinin` barlig`i ha`m aralasiwi kollektiw ushin za`ru`r ekenligin bastan keshiriw bolip tabiladi. Er balalar ha`m qiz balalarg`a ta`sir etiw usillarin pedagogikaliq jaqtan ma`qsetge muwapiq ta`riplewdin` bolmawi kishi mektep oqiwshilar kollektivindegi o`z-ara dosliq qatinaslardi duris qa`liplestiriwlerdi a`dewir qiyinlastiradi.

Kishi mektep jasindag’i oqiwshinin` a`dep-ikramliliq kelbeti ha`mmesinen burin oqiw, miynet, oyin, ja`miyetlik paydali miynet siyaqli ko`p tu`rli xizmet protsesinde ha`m o`zin qorshag`an adamlar menen dosliq qarim-qatnas protsesinde qa`liplesedi. Sonin` menen birge balalardi turaqli tu`rde a`dep-ikramliliq jag`inan bilimlendiriwdin` olardi moralliq normalar menen rejeler qa`deler jo’nindegi bilimler menen qurallandiriwdin’ ro`li u`lken. Adep-ikramliliqqa baylanisli bilimler duris ha`reketler islewdin`, oqiwshilarda duris minez-quliq normalarin qa`liplestiriwdin` deregi bolip esaplanadi. Bul bilimler balanin` jeke ta`jiriybesinin` shekleniwshenligin jen`iwine, burin keshirmegen jag`day gezlesgende duris bag`dar uslawg`a o`zinin` ha`m basqalardin` minez-qulqin sanali tu`sinip, duris bahalay biliwge ja`rdem etedi. Kishi mektep oquwshilarina a`dep-ikramliliq tuwrali bilim beriw waqtinda belgili bir sistemadag`i mag`liwmatlardi o`zlestiredi. A`dep ikramli minez-quliq ma`deniyati normalari menen qa`delerin

o`zlestiriw, iyelew degenimiz uluwma alg`anda a`dep-ikramliliq sanani qa`liplestiriwdin` basil sha`rtlerinin` biri bolip esaplanadi.

Kishi mektep oquwshilarin ideyaliq-siyasiy bilimler menen qurallandiriw balani mektepte oqitiwdin` birinshi ku`nlerinen baslanadi. Moral teoriyasin tu`sindiriw qurali sipatinda etikaliq gu`rrin`lerge A.S. Makarenko u`lken a`hmiyet bergen edi: “Ta`jiriybemden ko`rgenimdey moral teoriyasin tu`sindiruw bizler ushinda za`ru`rli degen juwmaqqa keldim…

Ha`tte men o`z ta`jriybemde teoriyaliq moralliq tipdegi usinday gu`rrin`lerdin` tayar konspektlerinede iye boldim, usi bag`dardag`i o`z jumisimdi biraz jetilistiriwge waqitta taptim bunday moral teoriyasinin` ju`da` jaqsi u`lken na`tiyjelerin de ko`rdim…”

V.A. Suxomlinskiy o’zinin` pu`tkil pedagogikaliq xizmeti waqtinda so`zdi ju`da` a`hmiyetli pedagogikaliq qural retinde paydalana biledi. Ol oqiwshilardin` ruwhiy o`siwinin` barliq basqishlarinda da praktikaliq xizmet siyasiy ideyalar menen ha`m a`dep ikramliliq normalardi tu`sindiriw menen ushlasip otiriwi tiyis degen bekkem isenimde boladi.

A`dep-ikramliliqqa bayalanisli tu`sinik ha`m pikirlerdin` qa`lliplesiw da`rejesi mektep oqiwshilarinin` a`dep-ikramli o`siw da`rejesinin` a`hmiyetli ko`rsetkishi bolip esaplanadi. Oni ma`qsetge qaratilg`an ha`m izbe-iz tu`rde qa`liplestiriw boyinsha alip baralatiwg`in jumislar tarbiyanin` a`hmiyetli waziypalarin quraydi. Onin’ sheshiliwi oqiwshilardin’ ishki ma’deniyatina bekkem tiykar jasawg’a mu’mkinshilik beredi.

Balalardin` a`dep-ikramliliq tarbiayasinin` mazmunin aniqlawda ha`m olar menen etikaliq gu`rrin`ler o`tkeruwge tayyarlawda mu`g`a`llim en`aldi menen bul jo`ninde balalardin` qanday mag`luwmatlarg`a iye ekenin bilp aliw kerek. Arnawli jurgizilgen izertlewlerdin` na`tiyjesinde birinshi klass oqiwshilarinin` jaqsi ha`m jaman ha`reketlerdi ha’m dosliq qatnasiqlardi o`z betinshe ayira alatug`inlig`i aniqlanadi. Egerde balalarg`a o`z ten`leslerinin` ha`reketleri sa`wlelengen su’wretler ko`rsetilse, olar hesh qanday ekilenbesten, olardin` qaysisinin’ duris qaysisinin’ naduris ekenligin ayta aladi. Pedagogtin’ waziypasi – mazmuni ha’r

qiyli waqiyalardi tan’lap bolip atirg’an waqiyalarg’a adamgershilik ta’repinen duris baha beriwge u’yrete otirip, olardi balalar menen talqilawdin’ xarakterin kem-kemnen quramalastiriw bolip tabiladi.

Balalardin’ adamgershilik haqqindag’i tu’siniklerinin’ ko’pshiligi dosliq, joldasliq haqqindag’i tu’sinikler. Kishi mektep jasindag’I oqiwshilardin’ dosliq haqqindag’i tu’siniklerinde o’z doslarinin’ a`dep-ikramliq, moralliq belgilerin sipatlaw u’lken a’hmiyetke iye. Balalar dos haq kewil, haqiyqatshil, ashiq qolli, keshirimli, dosliqqa sadiq boliwi, kekshil, siqmar bolmawi kerek dep esaplaydi. Mug’a’llim balalardin’ bul qa’siyetin klass kollektivinde tu’rli waqiyalarg’a baha beriwde, ja’miyetlik pikirdi qa’liplestiriwde paydalana biliwi tiyis. Barliq klasslada da dosliq tuwrali oqiwshilardin’ juwaplari alindi. Son’ olarg’a dosliq tuwrali ken’ tu’sinik berildi. Barliq klasslardin’ oqiwshilari dosliqtin’ ortaliq belgilerin atap o’tti. Oqiwshilardin’ juwaplar da’rejesi olardin’ kollektivke yamasa olardin’ doslarina bolg’an qarim-qatnasina qaray emes, onin’ uliwma ruwxiy o’siw da’rejesine qaray boldi.

Adamgershilik tu’sinikler dosliqtin’ sirtqi ko’rinisin seziniwden (birge oynaymiz, birge otiramiz) onin’ a’dewir quramali ha’m na’zik ko’rinislerin seziniwge (menmensinbeydi, kemshiliklerdi duris aytadi, betin’e haqiyqatliqti aytadi, sirtin’nan ku’lmeydi) deyin ko’teriledi. 3-klassqa kelgen balalardin’ dosliq haqqindag’i tu’sinikleri de o’z joldaslarinin’ moralliq qa’siyetlerine beriletug’in xarakteristika (joldasinin’ ha’reketlerin bayanlaw) ko’birek orin aladi.

A’dep-ikramliliq tu’siniklerdi balalardin’ o’zlestiriwinde tajiriybe-sinaw barisinda ha’r tu’rli da’rejedegi qiyinshiliqlarg’a dus keldik. Baslawish klass oqiwshilarina a’dillik kategoriyasin men’gertiw ju’da’ qiyin boldi. Olar ushin a’dillik degen tu’sinik barliq bayliqti (ruwxiy bayliq, jaqsiliq) ten’dey etip bo’liw menen baylanisli.

Mektep ta`jriybesinde a`dep-ikramliliq normalari ha`m qa`delerin aytiw ha`m tu`sindiriw jumisi oqituw protsesinde, balalardin` ku`ndelikli turmisi ha`m xizmeti waqtinda ha`m arnawli planlastirilg`an gu`rrin`lerde a`melge asiriladi. Oqiwshilar ta`rtibine qoylatug`in moralliq talaplar bir qatar normativ hu`jjetlerde

berilgen. Uliwma orta arnawli bilim beretug`in mektep Ustavinda oqiwshilardin` oqiwg`a, ja`miyetlik paydali miynetke, mekteptin` ja`miyetlik turmisina qatnasiw normalari aytilg`an. "Baslawish klass oqiwshilari ushin qa'deler"de baslawish klass oqiwshilarinin' minnetleri bayanlang'an ha'm dossliqtin', uqipliliqtin', miynet su'ygishliktin', jasi u'lkenlerge, ataa-analarg'a, kishilerge qarim-qatnastin' a'dep-ikramliliq, moralliq qatnas normalari ko'rsetilgen.

A`dep-ikramliliq bilimlerdi jetkeriw oqitiw protsesinde tiykarinan alg`anda oqiw ha`m til o`siriw sabaqlarinda ju`zege asadi. Ha`tte K.D.Ushinskiydin` o`zi balanin` a`dep-ikramliliq jag`inan qa`liplesiwine olardin' kitap oqiwinin` a`hmiyetli ekenin atap ko`rsetken edi. Ol qa`legen shig`arma balag`a o`mirdin` anaw yamasa minaw ta`repin tanitatug`inlig`in aytqan edi. Ko`rkem a`debiyatta a`dep-ikramliliq ideyalarina baylanisli og`ada bay material bar. Baslawish klass oqiwshilari kitap oqig`anda ondag`i qaharmanlardin` adamgershilik ha`reketlerine eliklewge umtiladi.

Baslawish klass oqiwshilarinin' dosliq qatnasiqlar arqali a'dep-ikramliliq normalarin iyelewi adamlar ha'm doslari menen qarim-qatnasta bolip o'z ta'jiriybesinin' toplaniwi, islegen is-ha'reketlerin o'zinin' tu'siniwi arqali u'zliksiz bayip baradi. Baslawish klass oqiwshilarinin' dosliq qatnasiqlardi ha'm adamgershilik tu'siniklerin teren' tu'siniwi balalar kollektivinin' ja'miyetlik pikirin qa'liplestipedi.

Adamlar arasindag'i dosliq qarim-qatnas konkret xizmet u'stinde payda boladi. Konkret xizmet tu'ri onin' mazmuni ha'm ko'lemi sho'lkemlestiriw formasi ta'rbiyanin' toliq na'tiyjeliligin ta'miyinley almaydi, al tekte ta'rbiya jumislarina mu'mkinshilik tuwdiratug'in kerekli sha'rayatlardi jaratadi.

Oqiwshilar menen birgelikte islenetug'in jumislar waqtinda pedagog penen oqiwshilar arasinda kerekli bolg'an dosliq qarim-qatnas ornaydi. Bunday qatnastin' mug'allimnin' aytqanina, qoyg'an talaplarina oqiwshinin' sapali tu'rde bayitiwi bolip, og'an mug'allim basshiliq etedi, birliktegi jumis islew qatnasig'i ornaydi.

Klasstag'i, mektepdegi ha'r bir balanin' uliwma kewil xoshlig'i, onin' bala ja'ma'a'ti menen dosliq qatnasta boliw tilegi pedagog ha'm oqiwshilar arasindag'i ornatilg'an dosliq qarim-qatnaslardin' sipatina g'arezli boladi.

Mug'allim oqiwshilar menen qanday jumis alip barmasin, ol belgili da'rejede olardin' a'dep-ikramliliq da'rejesin, adamgershilik minez-qulqin, sezimlerin, aqil-oyin qa'liplestiretug'inlig'ina ta'sir jasaydi. Sonliqtan da mug'allim ha'm oqiwshilar arasinda mektep turmisinin' pu'tin protsessinde, sabaq waqtinda, klasstan tis jumislarinda ja'miyetlik turmista, miynette qanday da'rejedegi dosliq qarim-qatnaslardin' ornatilatug'inlig'i ju'da' a'hmiyetli bolip tabiladi. Balalar menen alip barilatug'in ta'rbiyaliq jumislardin' na'tiyjeliligi ko'pshilik jag'daylarda mug'allim ha'm balalar arasindag'i dosliq qarim-qatnastin' xarakteri menen aniqlanadi.

Pedagogtin' balalarg'a bolg'an isenimi olarda mug'allimdi hu'rmetlew sezimin, mug'allimnin' alg'a qoyg'an talaplarinin' barlig'inda orinlaw za'ru'rligin ha'm tilegin payda etedi. Bunday mu'na'sebet a'lbette mug'allim ha'm oqiwshilar arasindag'i dosliq qatnas jaqsi jolg'a qoyilg'anda, o'z-ara tu'siniw bolg'anda g'ana ornaydi.

Mug'allim ha'm oqiwshi arasindag'i dosliq qarim-qatnas duris jolg'a qoyiwi ushin mug'allimde jeterli da'rejede qa'bilet boliwi kerek ha'mde o'zine-o'zi ba'rqulla to'mendegi sorawlardi beriwi ha'm olarg'a juwap tabiwg'a ha'reket etiwi kerek: Nege, kimdi, qanday u'yretiw kerek?

Nege u'yretiw degende: a) ilim-pa'n jan'aliqlarin an'lap biliw, pa'ndegi jan'a terminlerdi tu'siniw, oqiw pa'ni materiallarin toliq o'zlestiriw; b) uqip, ko'nlikpe ha'm qa'biletti qa'liplestiriw; v) oqiw pa'nleri arasindag'i baylanisliliqti iske asiriw; g) oqiw mazmunin tu'sinikli sistema tiykarinda quriwdi na'zerde tutamiz.

Kimdi u'yretiw degende: a) oqiwshilardin' ayirim psixikaliq o'zgesheliklerin ha'mde olardin' qay da'rejede oqimisli, bilimli, ta'rbiyali ekenliklerin aniqlawdi; b) oqiwshilardin' bir basqishtan ekinshisine o'tiwdegi qiyinshiliqlardin' aldinan aniqlawdi; v) oqiw-ta'rbiya protsessin

sho'lkemlestiriwde balalardin' da'liyllerin, pikirlerin esapqa aliwdi; g) oqiwshilardag'a ha'r tu'rli psixikaliq o'zgerislerdi ha'm rawajlaniwin esapqa alip o'zinin' pedagogikaliq xizmetin sho'lkemlestiriwi; d) ziyrek oqiwshilar menen o'z aldina islewdi sho'lkemlestiriwdi na'zerde tutamiz.

Qanday u'yretiw degende: a) energiyani (jumis protsessinde jumsalatug'in ku'sh) ha'm jumsalatug'in waqitti esapqa alg'an halda oqitiw ha'm ta'rbiyalawdin' ha'r tu'rli usillarin qollaniwdi na'zerde tutamiz.

Pedagogikaliq ta'sir ko'rsetiwdin' tiykarg'i usillarina: talap qoyiw, inta oyatiw, marapatlaw ha'm jazalaw, ja'ma'a't ta'sir ko'rsetiwler jatadi. Mug'allimnin' oqiwshilarg'a qoyatug'in talaplari onin' ha'reketine qarap sha'rtli tu'rde u'shke bo'linedi: 1. Oqiwshilardin' miynet etiwge qatnasi. 2. Sabaq waqtindag'i ta'rtibi. 3. Basqalarg'a bolg'an qatnasi. Mug'allimnin' oqiwshilarg'a qoyatug'in talaplari tiykarinan oqiw ha'm ta'rtibinin' mazmunina baylanisli bolip keledi de, al balalardin' o'z-ara dosliq qatnaslarina az itibar beriledi. Sonin' menen birge oqiwshilardin' o'z-ara dosliq qarim-qatnasina baylanisli qoyilatug'in talaplar da hesh qanday bir sistema bolmaydi ha'm olar arnawli tu'rde qoyilatug'in minnetlerdi orinlaw bolip esaplanbaydi, al ko'pshilik jag'daylarda tosinnan qoyiladi.

## 1.3. Baslawish klass mu`g`a`lliminin' ata-analari ha'm oqiwshilar menen dostana mu'na'siybeti.

2014-jildi Prezidentimiz "Salamat bala" jili dep ja'riyalawi bizler pedagoglar aldina u'lken waziypalardi ju'kledi, sebebi ha'r bir ata-ana ha'm mug'allim ta'rbiyalap atirg'an balalarinin' saw-salamat, jetik insanlar bolip jetilisiwin tileydi. Bunin' ushin baslawish klass mu`g`a`llimi menen ata-analar arasinda tig'iz dostana mu'na'siybet boliwi lazim, sebebi olar en` negizgi ta'rbiyashilar bolip esaplanadi. Sonliqtan pedagog alip baratig'in jumistin` na`tiyjeliligi onin` ata-analar menen dostana mu'na'siybette jumis isley aliw qa`biletine ha`m olar menen jaqsi mu`na`sibette boliwina tikkeley baylanisli.

Mug`a`llimnin` ata-analar menen jumis jumis alip bariw sistemasi ha`m du`zilisi ha`r qiyli bolip, mug`a`llim bul sistemani orininda qollay biliw qa`biletine iye boliwi tiyis.

Mug`a`llimnin’ ata-analar menen dostana mu’na’siybette qatnasinda jetekshi roldi pedagog atqaradi. Ta’lim ta’rbiya protsesinde pedagog ha`m ata-ana ortasindag`i mu`na’siybet en` tiykarg`i orindi iyeleydi.

Mug`allim ata-analar menen dostana mu’na’siybette jumis isley otirip, balanin` qatti-ha`reketine, sa`tsizligine ha`m minnetlerine, ko`z qarasina ha`m tag`i basqalarg`a baha berip otiradi. Ha`mme waqittada baslawish klass mu`g`allimi barliq ata-analardin` kewlin birdey taba almaydi, bunday jag`dayda baslawish klass mu`g`allimi sol ata-ananin` ma`ha’lle aqsaqalina bariwi kerek.

Mug`allim ata-analar menen dostana mu’na’siybette jumis isley otirip, balag`a onin` ha`reketlerine, oqiwdag`i tabislari menen sa`tsizliklerine o`z minnetlerine ha`m ko’z qaraslarina ham tag`i basqalarg`a itibar qaratadi.

Mug`allimnin` ata-analar menen o`z-ara tu`sinisiwi o`lshemdi saqlawi menen erisiledi ha`m mug`llimnin` oquwshilar menen dostana mu’na’siybettegi qatnasig`inada o`z ta`sirin jasaydi. Minnetli tu`rde ata-analar menen birlesip ushrasqanda jag`daydan shig`uwdin` oni du’zetuwdin` jollarin tabiwi kerek.

Mu`g`allimnin` balag`a ha`m ata-analardin` ta’rbiyaliq ta`sirine duris talap qoyip, duris baha beriwi, pedagogikaliq ko’zqarastan maqsetke miwapiq a`depli formada boliwi tiyis. Sonda g`ana pedagog penen ata-analardin` arasinda dostana mu’na’siybet duris jolg’a qoyilip, jaqsi qatnasiqqa erisiledi. Pedagogikaliq jaqtan duris qatnas ornatiw ushin mu`g`allim menen ata-ana ortasindag`i mu`na’siybet duris jolg`a qoyiliwi kerek. Mug`allimnin` balag`a ha`m ata-analardin` ta’rbiyaliq ta`sirinde duris talap qoyip, duris baha beriliwi pedagogikaliq ko`z qarastan maqsetge muwapiq a`depli formada boliwi tiyis, sondag`ana pedagog penen ata-analardin` ortasinda dostana mu’na’siybet duris qatnasiqqa erisiledi.

Pedagogikaliq jaqtan mug`allim menen ata-ana milliy ta’rbiyanin` maqsetleri menen waziypalarin, birdey tu`siniwi balalardin` o`siwine birdey pikirde boliwi, ha`r bir balanin` o`siwinin` qiyinshiliqlarin ko`re biliwi kerek.

Mug`allim u'zil-kesil aytpaydi, balani ta'rbiyalawda birlesip jumis islew boyinsha aqil-usinis beredi, o`z-ara kelisedi, ata-analar oqiwshinin` oqiwindag`i, ta`rtibindegi yamasa dostlari menen mu`na'siybetinde ko`redi.

O`z–o`zine iseniwi oqiwshini ta'rbiya su`bektine aylandiradi; ol kem-kemnen o'zinin` aldina ha`r tu`rli waziypalar qoyip, oni sheshiwdin` jollarin izlep tabadi. Pedagog penen ata-ana dostana mu'na'siybette qatnasinin` gumanistik usilinin` xarakterli belgisi bir - birine teren` isenim ha`m shin ju`reklik bolip, esaplanadi. Mu`g`allim menen ata-ananin` qatnasi basqa qatnasiqlarg`a da ta`sir jasaydi. Egerde mu`g`allim menen ata-ananin` qatnasi jaqsi bolmasa tilekke qarsi mug`allim geyde balani da jek ko`redi. Bul pedagogikaliq jaqtan na`zik qa`telik ha`m bunday jag`dayda balalardi ta'rbiyalawda jaqsi na`tiyjege erisiwge isenip bolmaydi.

Yamasa mug`a`llim menen oqiwshi belgili bir waqit ishinde o`z-ara til tabisa almadi deylik, ko`pshilik ata-analar bunday jag`dayda o`z-ara tu`sinbewshiliktin` aldin aliwdin` ornina balasinin` so`zine isenip mu`g`allimge qarama-qarsi mu`na'siybette boladi. Sonin` menen mug`allim menen ata-ana ortasindag`i dostana mu'na'siybet qarama-qarsi bolip qaladi. Mu`g`allimnin` ata-analar menen jumis alip bariw protsesi balanin` mektepke birinshi qa`dem qoyg`an da'wirinen baslanadi.

Oqiw jili dawaminda mug`allim o`z oqiwshilarinin` shan`aragina barip, olardin` jag`dayin u'yreniwi lazim. Bunda mug`allim da`slep oqiwshinin` u`yinde nelerge diqqat awdariwi kerek, ata-anadan neni sorap, qanday usinis beriwi kerekligin biliwi tiyis. Ha`r bir shan'araqtin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar ekenin esapqa ala otirip mug`a`llim minalarg`a diqqat awdariwi kerek:

1. Shan'araqtag`i uluwmaliq jag`day; ata-ananin` o`z-ara mu`na'siybeti, balanin' shan`araqtag`i basqa ag`zalari menen qatnasiqlarinin` qalay ekenligi.

2. U`ydegi uliwma ta`rtip; oquwshinin` sabaqqa tayarlanatug`in arnawli mu`yeshi barma, balanin` zatlari, oqiw qurallari, kitaplari, oyinshiqlari qanday jag`dayda. Oqiwshi mu'yeshinin` duris sho`lkemlestiriliwine, balanin` jumis

islewine, onin` qolaylilig`ina, stol menen stuldin` balanin` boyina sa’ykesligine, balanin` xanasina quyashtin` duris tu`siwine itibar qaratiwi kerek.

3. Gu`rrin`lesiwge u’ydegi u`lken adamlardin` barlig`inin` qatnasqani maqul, olardin` bala ta’rbiyasin qalay tu`sinetug`inlig`ina, balasinin` qanday bolip o`siwin qa`lewin, ta’sir etiwdin` qanday usillarinin` en` baslisi ha`m en` na`tiyjelisi dep esaplaytug`inlig’in aniqlawi kerek.

Mug`allim bul shan’araq haqqinda aldin alg`an mag`liwmatlarina su`yene otirip ata-ananin` balani mektepke tayyarlaw da`wirinde ko`birek nelerge itibar qaratiwi kerek ekenligi haqqindagi tiykarg`i tu`siniklerdi berip o’z pikir ha’m usinislarin aytadi.

Ata-ananin` en` tiykarg`i a`hmiyetli ma`selelerinen biri balag`a mu`g`allimge degen muhabbat tuyg`isin miyina sin`diruwden ibarat. Sabaqta balag`a o`zin qalay uslaw kerekligi, mug`allim sabaqta temani tu`sindirip atirg`aninda inta qoyip tin`law, mu`g`allimnin` talap etkenlerinin` barlig`in orinlawi haqqinda tu’sindirip bariwi tiyis.

Birinshi klass oqiwshilarinin` shan`arag`inda balanin` mektep sharayatina u`yrenip ketiwine qalay ko`meklesiw kerek ekenligi haqqinda aytip o`tiwi lazim.

Balag’a u’lkenlerdin’ so’zin tin’lay, tapsirmalarin o’rinlay ha’m biliwge u’yretiwdin’ ahmiyeti u’lken ekenligin tu’sindirip bariw lazim. Mug’allim ata analarg’a o’zinin’ pedagogikaliq bilim ha’m ta’jiriybelerin u’yretiwi tiyis, bala ta’rbiyasinda ata analardi da pedagogikaliq bilimler menen qurallandiriwi lazim. O’qiwshilardin’ ata - analari a’dette mektepte iske asirilip atirg’an na’rselerdin’ barlig’ina mug’allimnin’ balalar menen alip baratug’in jumisina u’lken qizig’uwshiliq menen, hurmet menen qarap, baqlap otiradi. Ata analardi klastag’i sabaqqa qatinastiriw qizina yamasa balasina klasindag’i doslarina qalay qaraytug’inlig’in, sabaqta qalay juwap berip qatinasatug’inlig’in ko’riwge qiziqtiradi. Tilekke qarsi barliq ata-analar birdey bala ta’rbiyasina o’z betinshe qatinasa bermiydi. Olardin’ geyparalari mug’allimge kesent beriwden qorqip mektepke kelebermeydi, al basqa birewleri bolsa xojaliq islerine ja’rdemlesiw ushin g’ana keledi. Sonliqtan da mug’allimnin’ ata anani ta’rbiya jumisina

tartiwina boladi ha’m bul za’ru’rli dep oylayman. Ata-analardin’ ta’rbiya jumisina qatinasiwinin’ formalari ha’r tu’rli boladi. Ko’binese olardi belgili bir ilajlardi o’tkeriwge ha’m oqiw protsessine jan’a pedagogikaliq texnologiyalardi engiziw ma’selelerin sheshiwge qatinastirip barilsa jaqsi na’tiyjeler beredi. Mug’allimnin’ ata analar menen islesiwinin’ en’ tiykarg’i formasi bul “Ashiq esikler” ku’ni, “Ata analar jiynalisi”na shaqiriw arqali usinis ha’m xabarlar beriw arqali a’melge asiriladi. Ayirim jag’daylarda baslawish klass mug’allimi ata analar arasinda ha’r tu’rli do’gerekler sho’lkemlestiriwge boladi, bul arqali mug’allim ata ananin’ qanday da’rejede pedagogikaliq, psixologiyaliq bilim ha’m ta’riybege iye ekenligin bilip aliwina boladi. Baslawish klass mug’allimi ata-analar jiynalisinda ko’binese pedagogikaliq temalarda dizimli tu’rde gurrin’ler o’tkerip, sa’wbetlesiw sho’lkemlestiriwi ju’da’ ahmiyetli bolip esaplanadi. Ata analardi bilimlendiriw jumisi menen ha’m Ma’mleketlik baslawish bilimlendiriw standart talaplari, baslawish ta’lim kontseptsiyasi menen jaqinnan tanistiriw, olardin’ pedegogikaliq ma’deniyatin ko’teriwge, jeke balani qa’liplestiriw protsesi diziminde onin’ rawajlaniwi, uliwma nizamlar haqqinda bilimler menen qurallandiriwg’a, bala ta’rbiyasina mektep menen birdey qatinasti qa’liplastiriwge mu’mkinshilik beredi.

Mug`a`llimnin` ata-analar menen jumis jumis alip bariw sistemasi ha`m du`zilisi ha`r qiyli bolip, mug`a`llim bul sistemani orininda qollay biliw qa`biletine iye boliwi tiyis. Og`an to`mendegiler kiredi:

- ata-analar jiynalisi;
- ata-analar menen toparlarda islesiw;
- ata-analar menen jeke o`tkerletiwg`in jumislar;
- ata-analarg`a pedagogikaliq ta`lim-tarbiya boyinsha ma’sla’ha’t beriw;
- ata-analardin` u’yine barip, semyaliq jag`dayin u’yreniw;
- ma`halle aqsaqallarinan semiyanin` jag`dayin u`yreniw.

Ata analar menen gurrin’lesiw o’tkeriw ushin en’ a’hmiyetli temalar to’mendegiler bo’lip tabiladi:

1. Balalar ta’rbiyasina g’amxorliq, ata analardin’ konstitutsiyaliq minneti mugallimnin’ belgili bir klasstin’ balalari menen ta’rbiya jumisinin’ ma’zmuni menen usillari.
2. Balani shan’araqqa ha’m turmisqa qa’liplestiriw.
3. Bilimdi iyelewde ha’m jaqsi oqiwda balalarg’a qalay ko’meklesiw kerek.
4. Shan’araqta balalarg’a a’dep ikramliliq ta’biya beriw.
5. Shan’araqta balalardi miynet su’yiwshilikke u’yretiw.
6. Shan’araqta dem aliwdi sho’lkemlestiriw.
7. Balalarda minez-quliq ma’deniyatin ta’rbiyalaw.
8. Balanin’ minez-qulqindag’i unamsiz a’detlerdi saplastiriw jollari.
9. Bala minezindegi unamsiz ha’reketlerdi saplastiriwg’a qaratilg’an ma’selelerdi islep shig’iw.
10. Balalardi ta’rbiyalawdag’i ata analardin’ aktivligi jeke o’zinin’ u’lgisi ha’m juwapkershiligi.

Ko’rsetilgen uliwma temalardin’ ha’r qaysisin bir neshe temashalarg’a bo’lip u’yretiwge boladi. Ma’selen: “Bilimdi o’zlestiriwde ha’m jaqsi oqiwda balalarg’a qalay ko’meklesiw kerek” degen temada bir neshe temani bolip aliwg’a boladi. “Balalarda oqiwg’a qizig’uwshiliqti ta’rbiyalaw”, “Balalardi bilimdi o’z betinshe men’geriwge u’yretuw”, “Balalardi o’zin–o’zi baqlawg’a u’yretw”, “Balalarda minez-quliq ma’deniyatin ta’rbiyalaw” degen temada da bir neshe gurrin’ o’tkeriwge boladi. Ata-analar jiynalisinda gurrin’ o’tkeriwge mug’a’llim puxta tayarlaniwi tiyis. Bunda da’slep mug’a’llim o’tkeriletug’in gurrin’nin’ temasin tan’lap aliwi kerek ha’m oni o’zi jaqsi o’zlestirgen boliwi sha’rt. Tema tan’law mina jag’daylarg’a: ata analardin’ balalardi ta’rbiyalawg’a tayarlang’anlig’in, olardin’ pedagogikaliq ma’deniyatina, mug’a’llim aldinda turg’an aniq ta’rbiyaliq waziypalarg’a, balalardin’ ta’rbiyalaniw da’rejesine baylanisli. Mug’allim ata-analar menen gurrin’ o’tkeriwde o’zinin’ ka’siplik sheberligin ashadi.

Soni aytip o’tiw kerek, oqiwshilardin’ o’z-ara dosliq qarim-qatnasina qoyilatug’in talaplar sani oqiw jilinin’ aqirinda kelip azaya baslaydi, al ta’rtipti talap etiwdin’ sani arta baslaydi.

Inta oyatiw - oqiwshilarg’a ta’sir ko’rsetiwdin’ ta’sirli usili bolip, ol balalardin’ is-ha’reketleri, alg’a qoyg’an maqsetleri, ja’ne umtiliwlarin, qizig’iwshiliqlarina aylanadi.

Marapatlaw ha’m jazalaw usili - oqiwshilardin’ minez-qulqina baqlawdi yag’niy paydali is-ha’reketlerin qosimsha marapatlawdi ha’mde unamsiz qiliqlarin saplastiriwdi ta’miyinleydi.

Ja’miyetlik ta’sir ko’rsetiwler oqiwshilardin’ ja’miyetlik paydali is-ha’reketlerdin’ ja’n-jaqlama ha’m turaqli tu’rde marapatlap beriwdi ta’miyinleydi.

Talap qoyiw - bul padagogikaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ da’slepki usili bolip, ol ta’rbiyalaniwshilarda o’zine degen juwapkershilik ha’m talapshan’liqti rawajlandiriwda ayriqsha orin tutadi.

O’z-ara pikir ataw menen ta’sir ko’rsetiw qurallari bolip isendiriw, ta’sir ko’rsetiw, o’z-ara pikirlesiw arqali ta’sir ko’rsetiwler xizmet etedi.

Isendiriw pedagogikaliq ta’sir ko’rsetiwdin’ usili sipatinda sabaqlarda oqiw mag’liwmati, do’retiwshilik pikir ju’rgiziwler formasinda qollaniladi.

Mug’allimnin’ balalar menen dosliq qarim-qatnas ko’plegen faktlerde de aniqlanadi. Bul faktlerdin’ en’ basshilari-pedagogtin’ balalarg’a bolg’an printsipli dosliq qarim-qatnasin aniqlaytug’in sotsialliq faktorlar ha’m ta’rbiyashinin’ tulg’asina, onin’ pedagogikaliq oylarina, ta’rbiyanin’ waziypasin ha’m maqsetin tu’siniwine g’a’rezli bolg’an sub`ektiv faktorlar bolip tabiladi.

Pedagogikaliq qatnastin’ funktsiyasi sotsial psixologiyaliq protsessi retinde to’mendegi funktsiyalar menen xarakterlenedi. Jeke adamdi biliwi xabarlar menen almasiw, isti sho’lkemlestiriw, roller menen almasiw, o’zin-o’zi bekitiw. Xabar funktsiyali almasiw protsessin material ha’m ruwxiy bahalawlar menen ta’miyinlew. Oqiw-ta’rbiya protsessine jaqsi jol tuwdiradi.

Pedagogikaliq qatnastin’ du’zilisi bolip:

1. Mug’allim ta’repinen bolajaq (sabaqtin’) klass penen dosliq qatnasti modellestiriw.

2. Da’slepki o’z-ara ha’reket gezindegi dosliq qatnasti sho’lkemlestiriw.

3. Pedagogikaliq protsess waqtinda dosliq qatnasti basqariw.

4. Bolg'an dosliq qatnasti taliqlaw.

Mug'allimnin' balalar menen dosliq qarim-qatnas stili turaqli tu'rde ha'm u'zliksiz rawajlanip baratug'in qospali psixologiyaliq - pedagogikaliq qubilis bolip tabiladi. Dosliq qarim-qatnas stili arqali mug'allimnin' pedagogikaliq protsessine bolg'an tiykarg'i printsipial bag'iti, oni bag'darlang'anlig'in an'lawg'a boladi.

Pedagogtin' ata-analar menen dosliq qarim-qatnas stili degende balag'a ta'rbiyaliq ta'sir ko'rsetiwdin' belgili printsiplerine tiykarlang'an jumis usillari menen qurallarnin' turaqli sistemasin tu'sinemiz. Pedagog ta, ata-ana da ha'r-bir oqiwshig'a optimistlik isenim menen dosliq qarim-qatnas jasawi tiyis.

Mug'allim oqiwshilar menen bolatug'in ha'r qa'demdegi dosliq qarim-qatnas protsessinde to'mendegi mamanliqlardi iyelegen boliwi lazim: sirtqi ko'rinisti qadag'alawdi, so'ylewdi men'geriwi, pedagogikaliq qatnasiq ma'deniyatin o'zlestirgen boliwi, oqiw-ta'rbiya protsessin sho'lkemlestiriwshilik ha'm men'geriw sheberligin iyelegen boliwi tiyis.

Mug'allimnin' oqiwshi menen dosliq qarim-qatnasin basqariwdin' stilleri: 1. Avtoritarliq. 1. Demokratiyaliq. 3. Liberalliq formasinda boladi.

**Avtoritarliq stilde** mug'allim o'zi jekke halda klasstag'i oqiwshilardin' is-ha'reketinin' bag'darlaniwin belgileydi, o'zi ko'rsetpe, buyriq beredi, juwapkershilikti o'z moynina aladi, oqiwshilardin' so'zsiz tek o'zine boysiniwin talap etedi. Qatan' ta'rtipti talap etedi, aytilg'an zatti toliq orinlawdi talap etedi, oqiwshilardin' o'zine ga'p qaytariwin jaqtirmaydi, so'zleri turpayi bolip materialdi toliq tu'sindirmeydi, biraq oqiwshilardan talap etedi. Bunday avtoritarliq stildegi qarim-qatnas ornatiwshi mug'allimnin' qatnasig'i tiykarinan buyriq boladi. Bunday qatnasiq stili oqiwshilar ushin qiyin ha'm awir awhal bolip tabiladi.

**Demokratiyaliq stilde** mug'allim ja'ma'a't pikirine su'yenip jumis alip baradi. Bunda ja'ma'a'ttin' pikirin, baslamasin maqullaydi, rawajlandiradi, basqalardin' pikirine hu'rmet penen qaraydi. Demokratiyaliq stilde mug'allimnin' dosliq qarim-qatnastin' tiykarg'i formalari: o'tinish, ma'sla'ha't beriw, shin kewililik mu'na'siybet boladi.**Liberalliq stilde** mug'allim baslama ko'termeydi, ja'ma'a'ttin' islerine aralasa bermeydi, barliq ma'selelerdi ju'zeki qarap shig'adi,

o’zinin’ jeke pikiri, usinisi joq, juwapkershilikten o’zin shetke alip qashadi. Juwmistin’ na’tiyjeligi menen qiziqpaydi, balalarg’a itibarsiz biyga’p qaraydi, uliwma jeke o’z jumisina suwiqqanlililiq penen qaraydi. Mug’allimnin’ bunday liberalliq qatnasig’i oqiwshilardin’ kewlin suwitip, mug’allimge degen, oqiwg’a degen qizig’iwshilig’in so’ndiredi.

Na’tiyjesi unamli bolatug’in pedagogikaliq is-ha’reket pedagogtin’ oqiwshilar menen dosliq qarim-qatnasin balalar menen unamli atmosfera ornag’an jag’dayda, jumisti demokratiyaliq stilde sho’lkemlestirgende, do’retiwshilik penen birliktegi jumis aparilg’anda g’ana ornaydi.

Mektep ma’mleketimizdin’ bir bo’legi, al mug’allimnin’ oqiwshilarg’a dosliq qatnasi - ja’miyetlik talapti bildiriw tu’siniginen kelip shig’iwi kerek. Mug’allim ma’mlekettin’ isenimli adami sipatinda o’z pedagogikaliq pazitsiyasin ashiq ko’rsetiwi kerek. Pedagogikaliq maqsetke muwapiq dosliq qatnas mug’allim ha’m oqiwshi arasinda o’z-ara siylasiqta quralg’an. Mug’allimnin’ birden-bir sheberligi oqiwshini ko’biriek so’yletiwge u’yretiw bolip sanaladi.

Mug’allim ha’m oqiwshi arasinda bolatug’in dosliq qatnasta pedagogikaliq taktin’ a’hmiyeti zor. Pedagogikaliq takt dep biz mug’allimnin’ ta’rbiya protsesinde balalardin’ kewilin jan du’n`yasin minez-qiliqlarin ha’m psixologiya-fiziologiyaliq o’zgesheliklerin teren’ biliwdin’ negizinde belgili bir jag’daylardin’ talabina sa’ykes qollanatug’in ha’dis, usillardin’ qosindisina aytamiz. Pedagogikaliq takt toliq bolmag’aninsha mug’allim o’z pa’nin qansha teren’ bilgeni menen, ta’rbiyaliq jumista ha’r tu’rli usillardi bilgeni menen o’zinin’ aldina qoyg’an jas awladqa ha’r ta’repleme ta’rbiya beriw maqsetine jete almaydi. Pedagogikaliq takttin’ psixologiyaliq ma’nisi bar ekenligin aytip ketiw orinli. Pedagogikaliq takttin’ qa’liplesiwi jeke oqiwshilardin’ basindag’i sanali yamasa stixiyali tu’rde o’mir su’retug’in psixologiyaliq-emotsionalliq du’n`yasinin’ qurilisina baylanisli. Usig’an qaray jeke adam basqa adamlar menen, sonday aq jas a’wlad penen dosliq qarim-qatnas jasag’anda ol o’zinin’ jeke o’mir ta’jriybesin adamlar arasindag’i dosliq qatnaslardin’ qanday normalar arqali ju’zege asatug’inlig’in aniq ko’rsetiwge tirisadi. O’ytkeni pedagogikaliq takt belgili bir

sistemada o’zine ta’n o’zgeshe quramali bo’leklerden turadi. Solardin’ ishinde oqiwshilarg’a pedagogikaliq ta’sir etiwdegi ma’nilerdi saqlaw ma’selesi, jeke adamlardin’, atap aytqanda mug’allimnin’ balalardin’ ruwxiy du’n`yasin ha’r ta’repleme tu’sine biliwi, jas a’wladlardin’ unamli qa’siyetlerin taniw biliw onda pu’tkil adamgershilik minezdi qa’liplestiriwge qabiletliligi bolip tabiladi.

Demek pedagogikaliq takt en’ basli moralliq qa’siyet, onisiz ustazliq etiw mu’mkin emes. Pedagogikaliq takttin’ uliwma negizi joqarida aytilg’aninday, ol ha’r bir oqiwshinin’, oqitiwshinin’ praktikaliq xizmetinde ko’p tu’rli ha’m ha’r qiyli mazmunda bolip keledi. O’ytkeni ha’r bir mug’allim o’zine ta’n jekkelik, jas awladti ta’rbiyalawda qollanatug’in usillari menen ta’silleri bar. Ta’rbiya protsesinin’ usinday qurallarin praktikada, turmista mug’alimnin’ ku’ndelikli turmisinda paydalaniwi mu’mkin. Usinin’ saldarinan mug’allimnin’ pedagogikaliq takttin’ tu’p ma’nisin tu’sinbew o’zinin’ oqiwshilar menen dosliq qarim-qatnasin o’z ma’nisinde qollanbawi mu’mkin. Bizin’ pikirimizshe mug’allimnin’ oqiwshilar menen dosliq qarim-qatnasi ha’r tu’rli jag’daylarda ha’r tu’rli boliwi mu’mkin. Sonin’ ushin jag’daylarg’a baylanisli duris sheshi menen ortaq til tabiw duris talap qoyiwi, bir so’z benen aytqanda mug’allimnin’ oqiwshig’a orinli, a’dil ha’raketleri menen ta’sir etip otiriw kerek. Mug’allimnin’ belgili shekten aspay oqiwshig’a ta’sir etiwi onin’ pedagogikaliq taktine, sezimine, moralliq kelbetine baylanisli.

# II-Bap. Baslawish bilimlendiriwde dosliq qarim-qatnas psixologiyasin qa’liplestiriw ha’m rawajlandiriw ma’seleleri.

## 2.0. Tayanish tu’sinikler

Kishi mektep da’wiri 6-7 jastan 9-10 jasqa shekem dawam etedi. Bul da’wirde bala mektep oqiwshilarina qoyilatug’in tu’rli talaplar menen tanisadi, ha’r qiyli pa’n tiykarlarin u’yreniw ushin biologiyaliq ha’m psixologiyaliq jaqtan tayarlanadi. Onin’ psixikasi bilim aliwg’a jetetug’in da’rejede rawajlanadi. Usi jastag’i balalardin’ o’tkirligi, hadallig’i (haqlig’i), aniqlig’i, o’zinin’ qizig’iwshan’lig’i, iseniwshen’ligi, qiyalinin’ jariqlig’i, yadinin’ ku’shliligi ha’m t.b. qa’siyetlerinin’ barlig’i menen basqa jastag’i balalardan ajiralip turadi. Mektep ta’limine tayarlanip atirg’an balalada diqqat ha'm dosliq qatnas tu'sinigi uzaq mu’ddetli ha’m sha’rtli boladi.

## 2.1. Baslawish klass oqiwshilarinda qarim-qatnas psixologiyasin ta’rbiyalaw usillari.

Kishi mektep jasindag’i balalardin’ tiykarg’i xizmeti oqiw bolip esaplanadi. Balanin’ mektepke bariwi, onin’ psixologik jaqtan rawajlaniwi ha’m shaxstin’ qa’liplesiwindegi orni ju’da’ u’lken a’hmiyetke iye. Bala oqiw xizmetinde oqitiwshi  (mug’allim) basshilig’inda insan sanasinin’ tu’rli tiykarg’i formalarinin’ mazmunin iyeleydi ha’m insaniy ha’m a’dep-ikramliliq paziyletlerdin’ qa’liplesiwinin’ t`iykarinda dosliq qatnasta ha’reket qiliwdi u’yrenedi. Oqiw xizmetinde  bala o’zinin’ bar ku’shin’ oqiw maqsetlerine  erisiw ushin shiniqtiradi. Oqiw xizmeti baladan so’ylew, diqqat, yadi ha’m oylawin kerekli da’rejede rawajlaniwin  talap etken halda, bala shaxsi rawajlaniwi ushin jan’a sharayatlardi jaratadi. Birinshi ma’rte mektepke kelgen bala o’z a’tirapindag’ilar menen psixologik jaqtan jan’a dosliq mu’na’sibet du’ziwge o’tedi. Ol turmisinin’ bastan o’tkergenin, og’an jan’a ma’jbu’riyatlar:  tek g’ana ha’r ku’ni mektepke bariw, ba’lki oqiw xizmeti talaplarina boysiniw ha’m de qorshag’an

adamlar menen dosliq qatnasta boliw da ju’kletilgenligin seze baslaydi. Shan’araq ag’zalarinin’ bala oqiw xizmeti, jetiskenligi menen qizig’ip atirg’anlig’i, sonday-aq oni baqlap bariwi, og’ar ko’rsetip atirg’an jan’a qatnaslar, mu’na’sibet onin’ sotsial abiroyinin’ o’zgergenligin toliq seziwine, o’zine qarag’anda mu’na’sibetlerdin’ o’zgeriwine tiykar boladi.

U’lkenler balalardi a’meliy jaqtan o’z waqitlarin tuwri bo’listiriw barisinda jaqsi oqiw, oynaw, doslari menen jaqsi qatnasta boliw, sayaxat etiw ha’m basqa na’rseler menen shug’illaniwg’a u’yretedi. Demek, shan’araqta bala onin’ menen esaplasatug’in, ma’sla’ha’tlesetug’in jan’a bir orindi iyeleydi. Oqiwshinin’ mekteptegi jetiskenligi onin’ keyingi psixik rawajlaniwi ha’m shaxsinin’ qa’liplesiwinde toliq do’retiwshilik tiykar boladi. Bala insaniy mu’na’sibetler diziminde de ayriqsha orin iyelep atirg’anin, ata-anasi, jaqinlari, a’tiraptag’ilar og’an jas baladay emes, ba’lki o’z waziypalarin, ma’jbu’riyat toliq orinlaytig’in, o’z xizmeti na’tiyjesine ko’re hu’rmetke sazawar boliwi mu’mkin bolg’an ayriqsha shaxs sipatinda mu’na’sibette boladi.

Bunin’ na’tiyjesinde balanin’ o’z-o’zinen shan’arag’i, klassi ha’m basqa ja’ma’a’tlerdegi o’z ornin an’lay baslag’inan ko’riw mu’mkin. Bul da’wirde balanin’ “Men usini qa’leymen” motivinen “Men usini orinlawim kerek” motivi u’stinlik ete baslaydi. Mektepte birinshi klassqa kelgen ha’r bir oqiwshida psixik qizig’iw ha’m shin dosliq mu’na’siybetler ku’sheyedi. Bul tek g’ana onin’ fizikaliq salamatlig’inda, ba’lki qatti-ha’reketinde de yag’niy ma’lim da’rejede qorqiwdin’ ku’sheyin’de boladi. Bul da’wirge kelip bala a’tirapindag’ilar menen o’z-ara mu’na’sibette ma’lim bir na’tiyjelerge erisken, o’zi qa’leytug’in na’rselerdi ha’m de o’z shan’arag’inda o’zi iyelegen ornin aniq biletug’in boladi. Sonday-aq ol o’zin-o’zi basqariw da’rejesine iye boladi, awhal ha’m jag’dayg’a qarap is ju’rite aladi. Bul jastag’i balalardin’ ha’reketleri ha’m motivleri olardin’ o’zlerine beretug’in bahalarina qarap “Men jaqsi balaman” emes, ba’lki bul qatti-ha’reketler o’zgeler ko’z aldinda qanday boliwina qarap balaniwin tu’sine baslaydi. Bala mektep ta’limine baqshada ta’lim alip yamasa ta’rbiyalanip atirg’an waqittan baslap tayarlanadi. Mektepke keliw aldinda turg’an balanin’ so’z baylig’i o’z

pikirin bayan ete alatug'in da'rejede artip baradi. Eger bul jastag'i normal rawajlanip atirg'an bala o'z so'ylew tilinde 500-600 so'zdi isletse, alti jasli bala 3000-4000 so'zdi isletedi. Baslang'ish klass jasindag'i balalar so'ylew tili tiykarinan atliq, feyil, kelbetlik, sanliq ha'm ko'mekshi so'zlerden ibarat boladi. Bul jastag'i balalar o'z so'ylewinde qaysi so'zlerdi paydalang'ani abzal, qaysilarin paydalaniw mu'mkin emesligin pariqlay aladi. 6-7 jasli bala o'z oylarin bekkem grammatik du'zimde du'ze aladi. Bala pu'tin balaliq da'wirinde turmisti jedel ra'wishte iyelep barip, balalardin' o'z miynetin o'zlestiriwi ma'lim bir xizmetke aylanip baradi. 7-9 jasli balalardin' o'zine ta'n ja'ne bir o'zgesheligi bala aytajaq oy pikirin bayan etip g'ana qoymastan, ba'lki o'z sa'wbetlesinin' diqqatin o'zine qaratiw ushin da so'yleydi. Bul da'wirde jazba tili de qa'liplese baslaydi. Jazba tildin' rawajlaniwin tuwri aniq ha'm so'zlerdi duris jaziwg'a ma'lim talaplar qoyilg'anlig'i menen xarakterlenedi.

Bala so'zlerdi qanday esitken bolsa, sondaylig'insha jaziliwie biliwi, olardi duris qabil etiwge ha'm jaziwg'a u'yreniwi za'ru'r. Jazba tidji iyellewi tiykarinda balalarda tu'rli temalar haqqindag'i mag'liwmatlar ju'zege keledi. Bul da'wirde jazba tili endi g'ana qa'liplese baslag'anlig'i sebepli ballada ele o'zi jazg'an pikirlerdi, so'z ha'm ha'riplerdi baqlaw da'rejesi ele rawajlanbag'an boladi. Lekin og'an do'retiwshilik etiw imkaniyati beriledi. Usi g'a'rezsiz do'retiwshilik is mektep jasindag'i oqiwshilarda berilgen temani an'law, onin' mazmunin aniqlaw, pikirin bayan etiw ushin mag'liwmat toplaw, za'ru'r ta'replerin ajiratip aliw, oni ma'lim izbe-izlikte bayan etiw, reje du'ziw da'rejesin ju'zege keltiredi. Oqiw xizmeti kishi mektep jasindag'i oqiwshinin' aqil-oyinin' sezgirligi, gu'zetiwshen'ligi, eslep qaliw ha'm eske tu'siriw imkaniyatlarinin' rawajlaniwi ushin za'ru'rli sha'rt-sharayatlar jaratadi, esaplaw da'rejelerin qa'liplestiredi. Ta'lim protsessinde olardin' bilimler ko'lemi ken'eyedi, qizig'iwlari artadi, do'retiwshi izleniwshen'lik qa'bileti rawajlanadi, g'a'rezsizligi artadi, aqiliy imkaniyatin iske saliw ju'zege keledi. 7-10 jastag'i oqiwshinin' qabil etiwi, onin' qiymili, ha'reketi, oyini ha'm miynet iskerligi menen baylanisli.

Oqiwshi o'zinin' za'ru'rligi iqtiyaji, qizig'iw ha'm umtiliwi turmis sharayatina ta'n, sonday-aq oqitiwshi usinis etken na'rselerdi paydalaniladi.

Frantsuz psixologi P.Jeymstin' pikirinshe, insan psixikasi ja'miyetlik qarim-qatnaslarg'a baylanisli, degen menen ja'miyet ha'm ta'biyat ortasindag'i tu'rli baylanislardin' qa'liplesiwi insanniq jetilisiwin belgileydi. Bul insannin' a'tirap-do'geregine shaxsiy jeke qarim-qatnasinan basqa hesh na'rse emes. Sonday-aq J.Piaje, E.Toridayk, D.J.Uotson, A.Bin, T.Simonlarda balanin' psixikaliq rawajlaniwda ta'limnin' ornin, olardin' aqiliy o'zgesheliklerin, ko'nlikpe ha'm uqiplarinin' a'hmiyetin, ilimiy ha'm a'meliy jaqtan tiykarlap beriwde belgili oroin iyeleydi. Bul ta'liymatlar ha'zirgi ku'nde de o'z a'hmiyetin joytqan emes.Bunday problemalardin' sheshimi ha'zirgi da'wir psixologiyasi pa'ninin' metodoloiyaliq tiykarlarina su'yenip, shet ma'mleketlerde de ju'rgizilip atirg'an ilimiy izertlewlerdin' tabislari ha'm ideyalari haqqinda mag'liwmatlarg'a iye boliw menen birge o'zinin' belgili orin iyelemekte. Bul tuwrali T.Qari-Niyaziy, S.Rajabov, P.I.Ivanov, M.G.Davletshin, E.Goziev ha'm t.b. ilimiy izertlewlerin atap o'tiw orinli. Qarim-qatnas degenimiz adamnin' biliminin', jan tolg'anislarinin' ja'ne praktikaliq islerinin' jiyindisi. Du'n`ya psixologiyasi pa'ninde B.Parigin, A.Leontoev, A.Bodalev, L.Bueva, V.Panfilov ha'm basqada izertlewshilerdin' teoriyalari uliwmalastirilsa, qarim-qatnas to'mendegi bag'dar boyinsha sa'wleleniwi mu'mkin.

-Kommunikatviylik xabar (qarim-qatnas) shaxsqa baylanisli kommunikatsiya sipatinda xabar almasiw protsessinde ju'zege shig'adi.

- Interaktivlik (qarim-qatnas kooperatsiya protsessinde shaxslardin' o'z-ara ta'siri tiykarinda payda boladi).

- Aksiologiyaliq interaktivlik (qarim-qatnas shaxslardin' o'z-ara u'rip-a'det, da'stu'rleri menen baylanisli ekenligin bildiredi).

-O'lshemli (shaxs minez-qulqin o'lshemli basqariw protsessinde qarim-qatnastin' a'hmiyeti ha'm orni aniqlanadi).

-Semantikaliq (qarim-qatnas o'zine ta'n waqiyalarg'a baylanisli sipatinda ko'rinedi).

-Praksiologiyaliq (qarim-qatnas protsessii xizmet, uqipliliq, ko’nlikpe yaki a’detler menen orin almasiw ma’nisinde).

Teoriyaliq ha’m a’meliy mag’liwmatlarg’a qarag’anda qarim-qatnas kommunikativlik xizmet sipatinda to’mendegi protsesslerden payda boliwi mu’mkin. Qarim-qatnas predmeti qatnas jasawshi sherik, ayirim sub`ekt insan sipatinda qaraladi. Qarim-qatnasqa ta’n za’ru’rlik basqa adamlardi biliw ha’m baqlawg’a insannin’ umitiliwi ha’m solardin’ ja’rdeminde o’zin-o’zin biliw, baqlaw. Kommunikativlik motivler, qanday niyette qarim-qatnastin’ a’melge asirilg’aninin’ seepleri, tu’rtkileri. Qarim-qatnas ha’reketleri basqa adamg’a bag’darlang’an jeke akt, kommunikativlik xizmetinin’ birligi. Qarim-qatnas waziypalari qarim-qatnas protsessinin’ a’melge asiriwindag’i operatsiyalar, bag’darlar. Qarim-qatnas na’tiyjesi qarim-qatnas na’tiyjesinde ju’zege shig’atug’in materiallar ha’m ruwxiy mag’liwmatlar jiyindisi. Joqaridag’i ha’r qiyli ha’reketlerdin’ jiyindisinan qarim-qatnas protsessii, xizmeti ju’zege keledi, bunin’ ushin baslama ko’teriw sha’rt. Insanlar arasindag’i o’z-ara baylanista qarim-qatnastin’ mazmuni ha’r qiyli bola beriwi mu’mkin. Adamnin’ adamg’a xabar beriwi, insannin’ insan ta’repinen qabil etiliwi, sheriklerdin’ o’zli-o’zin bahalawi, olardin’ bir-birine ta’siri, topari kommunikatviv x`izmeti basqariw. Qarim-qatnas mazmuninin’ qarim-qatnas funktsiyalari ju’zege keledi. Ma’selen, instrumental, sindikativ, o’zin-o’zi sa’wlelendiriw, ekspressiv, sotsialliq baqlaw ha’m t.b. Tiyanaqli, toliq qarim-qatnas o’zinin’ sirtqi ha’m ishki du’zilisine iye. Onin’ birinshisi minez-quliqtin’, operatsiaonal texnikaliq ta’repin, ekinshisi shaxs ushin teren’ ma’ni beriwshi quramali mazmundi sa’wlelendiredi. Shaxslar arasindag’i qarim-qatnas o’lshemi de tiykarg’i orindi iyelep, ol minaday halda bilinedi. Qarim-qatnas sesti (a’piwayi, baqiris, jo’gilik, ashiliwi, o’sh aliw h.t.b.). Qarim-qatnas sezimi (distantsiya, muxabbat, psixologiyaliq jaqinliq, shaxsiy, ja’ma’a’tlik xarakterde). Qarim-qatnas ja’rdeminde adamlar arasindag’i qatnaslar a’melge asiriladi. Lingivistikaliq (so’z so’ylew arqali). Optikaliq–kinetikaliq (im-shara, mimika, pantomima arqali). Paralingvistikaliq (ses, dawis, ko’terin’kiligshi, diapazon h.t.b.). Ekstralingvistikaliq (pauza, ku’lki , jilaw h.t.b.). Ma’kan

zamang’a say (araliq, waqit, da’wir, orni). Qarim-qatnasta o’z-ara tu’siniw mexanizmleri iske qosilip onin’ na’tiyjeligin arttiriwg’a xizmet etedi. Identifikatsiya – basqa adamlardi an’lap an’lamay o’zine usatiw arqali oni tu’siniw usili. Stereotipizatsiya alding’i ja’miyetlik jag’dayg’a salistirip sebeplerin analizlew usili. Refleksiya-qatnas protsessindegi sub`ekttin’ pikirlewi. Qarama-qarsi baylanis - qatnas tuwrali mag’liwmat aliw jag’dayg’a baylanisli qatnasqa o’zgeris kirgiziw ha’m og’an ta’sir jasaw. Insannin’ en’ ayriqsha o’zgesheliklerinin’ biri onin’ so’ylew uqiplilig’inda. So’z adam psixikasinin’ o’mir su’riwinin’ en’ a’hmiyetli faktori. Qarim-qatnassiz ja’miyet idirap ketedi. Qarim-qatnas oydag’iday rawajlana almaydi. Bizin’ miyimiyzdin’ aktivliligi ekinshi signal sistemasinin’ xizmetine baylanisli.

Sonliqtanda adamnin’ barliq psixikaliq o’zgeshelikleri so’ylew arqali g’ana ko’rinip o’mir su’redi.

Qarim-qatnas degenimiz – til arqali pikir alisiw. Lingvistler tildi qarim-qatnas qurali, ja’miyet payda etken bilimlerdi taratiwshi retinde burinnan izertlep kelmekte. Adamlardin’ qarim-qatnasi informatsiya almasiwdin’ jeke dara tu’rine aylandi.

So’ylew qurali menen bir qatarda adam qarim-qatnasinin’ so’zden tis jollari, kelbet, im, mimika, pantomimika, sa’wlelendiriw ken’ izertlene basladi.

Haywanatlarda bolsa kelbet, sirtqi ko’rinis dene qurilisi, tu’r-tu’s, iyis a’hmiyetli informatsiyaliq signal xizmetin atqaradi. (Qumirsqa ha’m jaman iyisli qa’wip do’ngendegi ten’iz haywanlarinin’ ayirimlarinin’ dene formasinin’ o’zgeriwi).

Haywanlarg’a qarag’anda adamnin’ sirtqi tu’ri sanali tu’rde o’zgeredi. Ha’m belgili da’rejede oni adamnin’ o’zi o’zgertedi. Adam kelbeti fiziolnomiyaliq maskadan, kiyimnen, ju’ris turistan quraladi.

Fiziognomiyaliq maska adamnin’ basim oyinan, seziminen, qarim-qatnasinan turadi. Masalardan izg’ardi, jaydarliqti, o’r ko’krekti, miyirmanliqti h.t.b. an’g’ariwg’a boladi. Kelbetti geyde jas shamasin mamanlig’in ja’miyetlik jag’dayin bildiretug’in an’g’artatug’in kiyim kiyiw tu’rleri de toliqtirilip otiriladi.

Kiyim kiyiw formasi da belgili bir minez quliq tipin an’g’artadi. !skeriy kiyim qatan’ ta’rtip, jiynaqliliqti talap etedi. Al qara kiyim kiyip ju’rgen adamnin’ kewilli ju’riwi ersi ko’rine beredi. O’zin-o’zi uslay biliw adamnin’ ta’rbiyalilig’in, ja’miyetlik jag’dayin, o’zin-o’zi basqariwshililig’a’in, aynalasindag’ilarg’a qarim-qatnasin bildiredi. Adamlardin’ o’z-ara baylanis jasawinda jilli sezimlilik qarim-qatnasinda adamnin’ ishki du’n`yasi ko’rinip turadi. Usi qarim-qatnaslar arqali adamda da’slepki pikir payda boladi. Qarim-qatnastin’ arman qaray rawajlanip ketiwi tap usi da’slepki pikirge baylanisli boladi.

Qarim-qatnastin’ dinamikaliq qarari mimika menen im-isharadan ko’rinedi. Mimika degenimiz qatnas waqtindag’i bettin’ qubilisi. Im-ishara degenimiz psixikaliq jag’daydi bildiretug’in qa’liplesken qiymil.

## 2.2. Psixologiyaliq izertlewlerde oqiwshilarda dosliq qarim-qatnasti qa’liplestiriwdin’ a’hmiyeti

Son’g’i waqitlarda psixologiyaliq izertlewlerde qarim-qatnas jasawshilardin’ aralig’indag’i qashiqliqtin’, partnerlardin’ otirisinin’ kommunikativlik ma’nisine kewil awdarilmaqta. Amerikaliq qarim-qatnas psixologiyasinda bul bag’ittag’i izertlewlerge proksemika – dep at qoyildi. To’rt tu’rli o’z-ara baylanis bar. 1- kewilleslik, 2 - jeke dara, 3 - ra’smiy, 4 - ko’pshiliklik. Da’slepki eki ara qatnas jaqtiliqti, dosliq baylanisli an’g’artadi. Ra’smiy baylanistag’i adamlar ra’smiy qatnasqa kirildi. Ko’pshiliklik ara-qatnas basqa adamlar menen araalasip, qatnas jasawdi bildiredi.

Sa’wlelendiriw de (fotografiya, kartinkadag’a fil`m, su’wret) qarim-qatnas qurali bolip tabiladi.

Biraq, bular tikkeley baylnais jasaw qurallari emes, oni taratiw texnikag’a, kitap basiw, kino televideniege baylnaisli.

So’ylew degenimiz - tildin’ ja’rdemi menen qarim-qatnas jasaw protsessi. So’ylew psixikaliq qubilis. Ol ha’r bir adamnin’ tek o’zine g’ana ta’n boladi ha’m so’ylewde ob`ektiv shinliqti usi adamnin’ sub`ektiv sa’wlelendiriwin ko’rsetedi, og’an individtin’ ko’z-qarasin bildiredi. Qarim-qatnasta adamnin’ til baylig’inin’ kishken bo’leginen g’ana paydalaniladi.

So’z qaysi bir na’rseni xabarlaw ushin zattin’ atawin, qiymildin’, qa’lipti h.t.b. bildiriwi kerek. So’ylewdin’ bul funktsiyasi signifikativlik dep ataladi. Signifikativlik funktsiya adamnin’ so’ylewin haywanlar kommunikatsiyasinan ayirip turadi. Haywanlar shig’aratug’in tibis, ses ob`ektti bildirmeydi, qorqinishti, ashliqti yamasa qanaatlaniwdi bildiredi. Al adam, zattin’, qubilistin’ atin atap so’yleydi.

Solay etip qarim-qatnas protsessinde birin-biri tu’siniw signifikatsiyaniq birligine tiykarlang’an. Buni so’ylewdi u’yreniwdin’ da’slepki waqtinda an’sat biliwge boladi. Ko’rsetip turip aytsan’iz bala so’zdin’ neni bildiretug’inin’ tu’sinedi. Qabil etiw menen birge ko’p qaytalang’an so’ylew kompleksli, zatlardi elesletiwge alip baradi.

So’ylewdin’ ekinshi funktsiyasi dosliq qarim-qatnas qurali degendi bildiredi.

So’z jeke zatti bildirip qoymaydi, bir-birine uqsas zatlar toparin bildiredi ha’m olardin’ ayriqsha belgilerin bildiredi.

Misali: Ruslan degenimiz - adam, Layka degenimiz - iyt, minaw ag’ashtin’ japirag’i yamasa ju’zimnin’ h.t.b.

So’ylewdin’ u’shinshi funktsiyasi - kommungikatsiya funktsiyasi bolip. Ol bilimdi, qatnasti, sezimdi sirtqa shig’ariw bolip tabiladi. Eger so’ylewdin’ da’slepki eki funktsiyasin ishki psixikaliq is ha’reket dep qarawg’a bolsa, kommunikativ funktsiya basqa adamlar menen qatnas jasawg’a bag’itlanip, basqalarga esittirip, dawislap so’ylew ha’reketi. Dawislap so’ylew bir qansha mamanliqlar ushin-jaziwshi, lektor, mug’allim ushin is-ha’rekettin’ jetekshi tu’ri bolip tabiladi.

Adamnin’ du’n`yag’a, Watang’a, miynetke ja’ne adamlarg’a degen negizgi qatnaslarin qa’liplestiriw tiykarg’i ta’rbiyaliq waziypa, al usi qarim-qatnaslardin’ qa’lipleskenligi adamnin’ adamgershilik ta’rbiyasinin’ en’ mazmunli ko’rsetkishi bolip tabiladi. Qatnaslar jeke sezimlerge yamasa minez-quliq sapasi menen belgilenip qoyilmaydi, olar ha’r bir jeke insannin’ qaytalanbas kelbetin

sa’wlelendiretug’in ha’r tu’rli qa’siyetlerdin’ jiyindisi. Qatnaslar jeke element tu’rinde emes, al ol tutas kompleks tu’rinde qa’liplesedi.

O’sip kiyatirg’an jas a’wladlardi jetik insan etip ta’rbiyalap shig’ariw ju’da’ qiyin ha’m quramali juwapkerli waziypa. Bul waziypani rawajlaniwdin’ ha’r bir basqishinda, o’mirdin’ ha’r bir ku’nin u’zliksiz xizmet islew arqali iske asiriw mu’mkin.

Ha’r bir jeke insan o’zi aralasatug’in ko’pshilik penen ha’r qiyli qarim-qatnasta boladi. O’z shan’arag’inda ol a’ke ja’ne u’l, ag’a-ini jumista xizmetker, avtobusta jolawshi, jumisinda aldin’g’i xizmetker, sportshi h.t.b. Usinday ha’r qiyli adamlar arasindag’i qatnaslarda ha’r bir jeke adam ha’reket etedi, ol o’mir su’re otirip, o’zinin’ jeke qa’siyetlerin ko’rsetedi: adamlardi jaqsi ko’redi, o’zine-o’zi isenimli boladi, kishi peyil geyde turpayi, ta’rtipli geyde ta’rtipsiz ha’m t.b.

Usi ko’rinislerde adamda qa’liplesken onin’ du’n`yag’a jeke sub`ektivlik qatnaslarinin’ bir formasi sa’wlelenedi.

Ha’zirgi g’a’rezsiz ja’miyetimizde ha’r bir azamattin’ ja’miyetlik qarim-qatnaslari dep onin’ Watanina, xalqina, miynetke, jeke adamlarg’a qatnasip tu’sinemiz.

Baslawish klass oqiwshilarinin’ oqiwg’a bolg’an qatnasin A.I.Bojovich, L.S.Slavina, T.S.Nazarova, G.G.Guseva ha’m basqalar izertlegen. 6-7 jasqa tolg’an ha’r bir bala oqiwg’a baradi. Olardin’ nege oqiwg’a barasan’ yamasa ne ushin oqiy jaqsan’ dep sorasa olar, “Watang’a payda keltiremen”, “Ba’rin u’yreniw ushin”, “Ilimpaz bolaman”, “Doqtir bolaman”, “U’lken adam bolaman”, “Jaqsi dos bolaman ha’m jaqsi dos tabaman” h.t.b. dep juwap beredi. Olar klass turmisina aralasiw arqali ha’r tu’rli oqiw predmetlerine unamli qatnasi payda bolip, oqiwdan joldaslari ha’m mug’allim menen qarim-qatnasi arqali quwanish sezimlerine bo’linedi.

Jan’a doslar arasina beyimlesiwdin’ da’slepki ku’nlerinen son’ bala o’zinin’ jaqsi ko’retug’inlarin basqalardan bo’lip aladi. Izertlewlerdin’ ko’rsetiwinshe, bunday oqiwshi ol balalar menen partalas yamasa jaqin otiradi. Al geyde mugallimlerde balalardi “aqilli”, “aqilsiz” dep o’zinshe kishi toparlarg’a

bo’lip qaraydi. Bunday ko’z-qaras oqiwshilardin’ o’z-ara qarim-qatansina unamsiz ta’sir etedi.

Kishi mektep jasindag’i balalardin’ oqiw xizmetinde onin’ mug’allim menen da’slepki ushirasiwlari, sol ushirasiwdan payda bolg’an qarim-qatnaslari ayriqsha u’lken a’hmiyetke iye boladi. Baslawish klass oqiwshilari arasindag’i kollektivshilik qarim-qatnaslar, eresek oqiwshilardag’iday, miynetke, ja’miyetlik paydali jumislarda, oyinda, do’gereklerge qatnasqanda qa’liplesip baradi. Olardin’ qarim-qatnaslarinda bir-biroine ja’rdem beriw, birigip jumisti tez pitkeriw, birigip abiroyli boliw, jaqsi unamli so’z esitiw, mug’allimlerinen alg’is aliw sezimleri qa’liplesedi.1-2 klass oqiwshisinin’ o’zine jeke qatnasinda da ele “bastan-ayaq” ol tuwrali avtoritetti mug’allimnin’ bayqawi rol` oynaydi. O’zin bahalaw o’zine-o’z bahasi, aldi menen og’an mug’allimnin’ qatnasinin’ ta’siri arqali payda boladi.

Balanin’ qurbi-qurdaslari menen o’z-ara qarim-qatnasi, balanin’ o’zine degen qtanasi belgili da’rejede u’lkenlerdin’ tikkeley ta’siri arqali qa’liplesedi. Bul qatnaslar erte balaliq da’wirde-aq quralg’an boladi.

Eresek adamnin’ balag’a so’ylewdegi intonatsiyasi, miyrimliligi yamasa qatallig’i, oyini, zatlar menen ha’reket etiw, balag’a ayriqsha qatti ta’sir etiwshi qozdiriwshig’a aylanadi. Kishkene bala ushin a’dette ba’rin biletug’in ja’ne tu’sindire alatug’in ata-anasi en’ tiykarg’i qaharman. Baslawish klass oqiwshisi ushin ba’rinen burin onin’ da’slepki mug’alli mi u’lken insan. Sebebi mug’allim talap etedi, bag’dar beredi, oqitadi, bahalaydi, maqtaydi ja’ne oni barliq balalar tin’laydi. Ata-analarda mug’allimnin’ talaplarin orinlawg’a ma’jbu’r. Oqiwdin’ da’slepki aylarinda, jillarinda balanin’ mug’allimge degen qatnasi o’zgeshe boladi. Mug’allimnin’ jilli ju’zliligi, shidamlilig’i, a’dilligi, ushin oqiwshilari oni jaqsi ko’redi, oni tin’laydi, u’lgi aladi, elikleydi.

Insan ushin ju’da’ za’ru’rli qatnaslar arasinan Watandi su’yiw aldin’g’i orinlardi iyeleydi.

Watandi su’yiw-patriotizm sezimi dep ataladi. Ol eresek adamnin’ o’z eline, xaliqtin’ jetiskenliklerine, onin’ adamlarina su’yispeyshiliginen ko’rinedi.

Patriotizm adamlardin' tuwilg'an turmisin ko'rkeytiwge, baylig'in arttiriwg'a, onin' ma'deniyati, ilimi menen o'nerin gu'llentiwge bag'darlang'an miynetinen ko'rinedi. Patriotizm adamlardin' islerinen bilinedi.

9-10 jaslar balalar ushin patriotizm degen ne? Balalardin' tuwilg'an eline, qatnasin qa'liplestiriw ushin mug'allimge, xalqimizdin' o'mirine, ta'biyattin' ken'isligine, go'zzalig'ina yamasa ilim menen texnika tarawindag'i jetiskenliklerine, ilimpazlardin' ashqan jan'aliqlarina o'zinin' hadal kewlin bildiriwde jetkiliksiz.

Balalar o'z eline teren', hadal sezimlerge bay bolip ha'm olar bilimli boliwi za'ru'r. Bunin' ushin olarg'a go'zzal ta'biyattin' suliwliqlarin, bayliqlarin ko'rsetip, tu'sindirip beriwimiz kerek.

Adamgershilik ta'rbiyasi balanin' jasag'an ortalig'ina en' da'slep Watanina, miynetke ja'ne adamlarg'a ha'reket arqali qarim-qatnas jasaw sistemasinda ko'rinedi.

Balanin' psixikaliq rawajlaniwin ondag'i sotsialliq ha'reketlerdin' qa'liplesip bariwi, olardin' o'z a'tirapindag'i adamlardi (qatar qurbisi, ata-anasi, mug'allimi) sezimtalliq, emotsiyaliq da'rejede (qa'lbindegi, olarg'a degen issiliq, ishtartiw, miriwbet) ta'n aliw, olardi qabillap tu'siwine baylanisli boladi. Baladag'i bul burilis o'zgeshelikleri onin' a'tirapdag'ilar menen qarim-qatnasinin' aktivligine, baylanislarinin' unamli, jaqsi yamasa unamsiz jaman boliwina baylanisli ha'r tu'rli sipatqa, tu'ske iye boladi. Mine usig'an qarap bala menen ata-ana, qatar-doslar, basqa eresek adamlar, mug'allimleri menen o'zin qalay seziniwi, olardin' ta'sirin o'zine sin'diriwi. U'yreniw yamasa kerisinshe qarsi boliw, ha'kisine islew, unamsiz minez-quliqlardin' sebepshisi boladi.

A'sirese kishi mektep jasinda o'zine qatar qurbi, dos, jora, joldas tan'lawinda olar menen unamli qarim-qatnasta boliwina, olardin' jaqsi ta'replerdi u'yrenip, ta'n alip, o'zlestirip, o'zine sin'dirip bariwinda en' aldi menen ata-analardin' balag'a ta'siri, olarda qabil etilgen ha'reketler u'lken orin iyeleydi.

Bunday ta'sirlerden balanin' a'tirapindag'ilar menen qarim-qatnasta: bala menen bala, bala menen u'lkenler, bala menen ata-ana. Bala ha'm mug'allim

arasindag'i qatnaslarda mashqalalar ju'z beredi. Sebebi bala ol a'ytewir bir ju'rgen tiri jan emes, al o'sip barg'an sayin o'zin an'laytug'in, o'zin basqalardan ayira alatug'in, salistiratug'in, basqalardan alg'an ta'sir tu'siniklerinen o'z qa'lbine tu'rlishe terbelis, tolg'anis, keshirmeler payda ete alatug'in sotsiallasqan tiri jan esaplanadi. Buni ha'r bir adam tu'siniwi, ta'n aliwi lazim. Bunday qa'telerge joy qoymaw ushin en' da'slep balanin' sizdi shin qa'lbi menen ta'n aliwina, sizge degen isenimi, jilliliq, berilgenlik, haq niyetlilik sezimlerin oyata aliwg'a tirisiw kerek. Bul ha'r bir eresek adamnin' waziypasi ha'm parizi.

Siz benen bala arasindag'i tatiwliq, hu'rmet, berilgenlik, sadiqliq, bulardin' en' qu'diretli sha'rti ha'm qurali. Bul sha'rtlerdin' shan'araqta, baqshada, mektepte qanday a'melge asiriwina qaray balalarda aldi menen ata-analarina, u'ydegi u'lkenlerge ha'tte kishkene u'kelerine, qatar qurbilarina, mug'allimlerge degen qarim-qatnasi, ko'z-qarasi qa'liplesip, o'zgerip, rawajlanip baradi.

Ha'r bir ata-ana o'z perzentinin' jaman bolg'anin tilemeydi. Geyde balalarimizg'a degen mehribanliq, oni jaqsi ko'riw niyetinen, iqlas ha'reketlerinen ha'dden tisqari da'rejege barip qalg'animizdi sezbey qalamiz. Bundayda bala qa'lbinde unamsiz o'zgeshelikler: menmenlik, miyrimsizlik, o'jetlik payda boladi. Bul onin' basqalarg'a unamsiz qarim-qatnas jasawina alip keledi. Sonliqtan bularg'a shek qoyip, an'lap oylanip is apariwimiz tiyis.

Balag'a kewil bo'lmew, og'an biyparwa qaraw, balalarin birdey ko'rmew balani jekelendirip, tuyiq, hu'reyli, o'zine isenimsiz tartinshaq, kem kewil boliwg'a alip keledi. Shan'araqta u'lkenlerdin' de , kishilerdin'de, o'z orni, o'z hu'rmeti bolsin. Balanin'da o'zinshe adam ekenin, o'zinin' orni bar ekenligin ta'n aliw, moyinlaw olardi da tu'siniwge ha'reket etiw kerek.

Qarim-qatnasti jaqsilawdin' ja'ne bir qolayli usili o'zimizdi de ju'da' to'menlete bermey, moying'a mindiripte almay, ha'r bir na'rseni o'z o'lshemine o'z orninda qollang'an maqul. Bunin' ushin ha'r bir ata-ana, mug'allim bala ne ushin? Ne sebepten? ata-anasina yamasa sizge bunday qarim-qatnasta boliwinin' sebeplerin izlestiriw, oni an'lawg'a, tu'siniwge ha'reket etiwi kerek.

Mug’allim, oqiwshi, ata-ana ha’m basqalar menen jaqsi qarim-qatnas ornatiw ushin pedagogikaliq ha’m psixologiyaliq nizamlardi jas ayirmashiliq da’wirlerinin’ ha’m jeke adamlardin’ (individual) o’zgesheliklerininde tutatug’in orni o’zgeshe ekenligin biliw tiyis. Bala kishkene waqitinda (mektepke shekemgi ha’m kishi mektep jasi) u’lkenlerden g’a’rezli boladi. Sonliqtan olardi abaylap ta’rbiyalaw kerek. Ta’rbiyalawdin’ o’z jollari, usillari bar. Bala jasinin’ o’zgeriwi menen onin’ psixikasida o’zgerip, du’n`ya taniwi, o’zin an’law, qarim-qatnasqa tu’siwi de o’zgerip baradi.

Kishi mektep jasindag’i balalarda oylaw aqil protsessleri ken’eyip baradi, tu’sinikleri tolisip, dosliq qarim-qatnas jasaytug’in adamlari da o’zgeredi. Endi olardin’ aldinda biraz qiyin waziypalar, talaplar turadi. Olar oqiw, jaziw, bilim u’yreniw, ta’rtip qa’delerine boysiniw, ko’pshilik penen jasawg’a, miynet islewge, olar arasinda o’zin qalay tutiwg’a u’yreniw usag’an basli waziypalar turadi.

Mug’allim menen oqiwshilar arasindag’i dosliq qarim-qatnastin’ jaqsi unamli bolip, bir-birine isenim shin hu’rmet arqali, bir-birine ta’n aliw tek oqiwshinin’ o’zgesheliklerine g’ana emes, al mug’allimlerge jeke psixologiyaliq o’zgesheliklerinin’ qanday ekenligine baylanisli boladi. Mug’allim de adam, onin’ da o’zine ta’n bolg’an jeke o’zgeshelikleri bar. Usi o’zgesheliklerdin’ ishinde balani o’zine tarta alatug’in, bala kewlin, bala qa’lbin alatug’in unamli ha’m unamsiz da o’zgeshelikler gezlesedi. A’sirese mug’allimnin’ jeke o’zgesheliklerinde o’z ka’sibine, o’z pa’nine bolg’an jetikligi, bilimliligi, sol bilimdi balag’a jetkerip oni bilimli etiwge, og’an o’mirden o’z ornin tabiwg’a ja’rdemlesiw, balag’a jaqsiliq, su’yiwshilik niyetinen g’ana qatan’liq, talapshan’liq tileytug’ini tu’sinikli. Balani isendirerlik da’rejede dosliq qatnas jasawg’a umitilatug’inin ko’rsetip. Balani o’zine tartatug’in sheberlik ha’m bilimlilik, balani su’ysindiretug’in adamgershilik, ma’deniyatliliq, miyirbanliq, a’dep-ikramliliq, hadalliq belgileri sezilip, ko’zge taslanip tursa g’ana balalarda ustazina berilgenlik, sadiqliq, hu’rmet penen qarim-qatnas jasaydi.

Mug’allimnin’ jeke o’zgesheliklerindegi onin’ sirtqi ko’rinisinen, ju’ris turiwisinan, basqalarg’a dosliq qarim-qatnas jasaw o’zgesheliginen, adamlarg’a

degen siylasig'inan, miriybetliliginen, adamgershiligi, shin so'zliliginen, haq niyetli kewlinen, kishipeyilliliginen, a'dillig'inan, su'ykimli dosliq qarim-qatnas jasay aliwinan, o'zine de basqalarg'a da talapshan'lig'inan, bir so'zliliginen, adamlarg'a degen jaqsilig'inan, xalqina, eline berilgenliginen, pidayililig'inan bilinip turatug'in jeke o'zgeshelikleri bala ta'repinen da'rdayim ta'n alinadi, sonday boliwg'a umtildiradi, og'an degen berilgenlik bekkemlenip baradi.

Oqitiwshidag'i bunday unamli o'zgeshelikler balalar ushin u'lgi bolip, balalar bunday mug'allimlerdi shin qa'lbinen hu'rmetleydi. Olar menen ashilisip so'ylesedi, onnan hesh na'rseni, haqiyqatliqti jasirmaydi. Bunday mug'allimler oqiwshilar menen tez tu'sinise aladi, balag'a qoyg'an talaplarin waqitinda orinlatadi.

Bala menen ata-analar, shan'araqtag'i basqa adamlar arasindag'i dosliq qarim-qatnastinda qanday bag'darda boliwi, qanday aqibetlerge alip keliwi ata-ananin' jeke basindag'i sipatlarg'a, se`myadag'i basqa adamlar menen qarim-qatnas tu'rlerine, shan'araqtag'i uliwma psixologiyaliq klimatqa, shan'araq birligine, siylasig'ina o'z ta'sirin tiygizedi. Sonliqtan ata-anadag'i o'zgeshelikti an'g'ariw, bilip aliw, qarim-qatnasinin' unamli ta'repleri konflikt qarama-qarsiliqlardin' bolmawi ja'miyet, shan'araq ja'ma'a't, insan ushinda ju'da' paydali.

Pedagogtin' balalar menen baylanisi, onin' menen pedagogikaliq dosliq qarim-qatnas na'tiyjesinde ha'r tu'rli bolip iske asiwi mu'mkin. Ko'binese pedagogtin' baylanisi onin' minez-qulqinda payda bolg'an sirtqi jag'dayg'a sa'ykes kelmeydi.

Mug'allimnin' pedagogikalin' o'z-ara ha'reketi tiykarg'i eki formada iske asiriladi. Mug'allimnin' oqiwshi menen jeke o'z-ara ha'reketi ha'm pedagogtin' toliq klass penen yamasa balalar topari menen tikkeley formada qatnas jasawi. Ko'rsetilgen eki sistemanin' ha'r qaysisinda da pedagogikaliq dosliq qarim-qatnas jasaw mug'allimnen ha'r tu'rli psixologiyaliq qurallardi paydalaniwdi ha'm ha'r qiyli jeke ta'jiriybelerge su'yeniwdi talap etedi. Qarim-qatnas jasawdin' qa'liplesken shinig'iwlari tiykarinda mug'allim tikkeley toliq dosliq qarim-qatnas

jasaw waziypalarin tabisli orinlawi, biraq "betpe-bet" didaktikaliq qarim-qatnas jasawda o'zin jog'altip almawi kerek.

Pedagogikaliq dosliq qarim-qatnas jasawda tilekleslikte balalardi su'yiwshilik penen iske asirilsa, qatnas jasaw qurallarinan, formalarinan paydalanilsa, balanin' ta'biyatina onin' jas ha'm jeke psixologiyaliq o'zgesheliklerine ta'sir jasaydi.

Sheber pedagoglar, psixologlar balalardin' xizmetine baha beriwde olardin' jaslarin, qatarin ko'birek qatnastiradi. Bunday pedagoglar qatnas jasawdin' emotsionalliq unamli formalarin qollanadi. Ma'selen, balanin' basinan siypaw, ku'le shiray beriw, maqtaw, al sa'tsizlik waqitta qapaliq bildiriw, baqiriw, ruxsat etpew, ashiw bildiriw ha'm t.b.

Kishi mektep jasindag'i balalar menen jeke biylik etiw, buyriq beriw stili menen qarim-qatnas jasaw tek orinsiz bolip qoymastan, ol jol qoyiwg'a bolmaytug'in na'rse. Bul oqitiw ha'm ta'rbiyalaw tarawindag'i jetekshi qa'niygelerdin', psixologlardin' pikiri esapqa alinsa, qatnas jaqsi na'tiyje beredi.

## 2.3. Baslawish klass oqiwshilarinda qarim-qatnas psixologiyasin ta'rbiyaliwdin' a'hmiyeti.

Kishi mektep jasinda duris ta'rbiya berilgende keleshekte turmista o'z ornin tabiw ko'nlikpelerin qa'liplesiw tiykarlari du'ziledi. U'lkenler (mug'allimler) ha'm o'z qatarlari (klasslari) menen jan'a qatnasiqlar jasaw, kollektivler sistemasina (uliwma mektep, klass) aralasiw, jumistin' jan'a tu'rine (oqiwg'a) kirisiw - bulardin' barlig'i adamlarg'a, kollektivke bolg'an jan'a qatnasiqlar sistemasinin' qa'liplesiwine ha'm bekkemleniwine sheshiwshi tu'rde ta'sir jasaydi, xarakterdi, erkti qa'liplestiredi.

Moralliq jaqtan rawajlaniw, a'lbette balani a`dep-ikramliliq jaqtan rawajlandiriw ha'm ta'rbiyalaw mektepke oqiwg'a barmasinan a'dewir burin baslanadi.

Tek mektepte g'ana ol aniq moralliq talaplar menen normalar, minez-quliq qag'iydalari sistemasin saqlaw za'ru'rligi aldinda turadi, olar mektepte, ko'shede,

ja’miyetlik orinlarinda onin’ minez-qulqin belgileydi ha’m iretleydi, u’lkenler ha’m qatarlari menen qatnasiqlarinda ol bulardi basshiliqqa aliwi tiyis.

Kishi mektep jasinda a’dep-ikramli minez-quliq tiykari qa’liplesedi, moralliq normalar ha’m minez-quliq qag’iydalari o’zlestiriledi, adamnin’ ja’miyetlik bag’darlang’anlig’i qa’liplese baslaydi.

Kishi jastag’i oqiwshilardin’ moralliq tu’sinikleri ha’m pikirleri 3- klassqa jetkende a’dewir bayiydi, a’dewir ayqin, aniq bola baslaydi. Birinshi klass oqiwshilarinin’ moralliq pikirleri o’z minez-quliq ta’jiriybesine ha’m mug’allim menen ata-analarinin’ konkret ko’rsetpelerine ja’ne tu’sindiriwlerine qaray a’dewir aniq qa’liplesedi. 2-3 klass oqiwshilarinda o’zinin’ minez-quliq ta’jiriybesinen tisqari (a’lbette bayip baratug’in) ha’m u’lkenlerdin’ korsetpelerinen basqa, (bul ko’rsetpeler endi a’dewir  sanali qabil etiledi)  basqalardin’ ta’jiriybesin analizlew uqibi da, ko’rkem a’debiyattin’, balalar fil`mlerinin’ de a’dewir ta’siri bayqaladi. Al bul moralliq minez-quliqti xarakterleydi. Eger 6-7 jastag’i balalar ko’binese u’lkenlerdin’ atap aytqanlari, mug’allimnin’ tikkeley ko’rsetpeleri boyinsha jaqsi moralliq is islese, al u’shinshi klass oqiwshilari basqanin’ ko’rsetpesin ku’tpesten o’z initsiativasi menen usinday is isley aladi.

Erktin’ uliwma  jetkiliksizligi – mektepke bara baslag’an balalardin’  jas o’zgesheligi  bolip tabiladi:  kishi jastag’i  oqiwshi belgilengen maqset ushin  uzaq gu’resiw, qiyinshiqlardi  ha’m tosqiliqlardi jeniw  ta’jiriybesine ele iye emes. Is on’ina baspag’anda onin’ qoli suwiwi, o’z ku’shine ha’m mu’mkinshiliklerine isenimin joytiwi mu’mkin. Kishi jastag’i  oqiwshi o’z sheshimlerin  ha’m uyg’ariwlrin, niyetlerin ele ha’r ta’repleme oylap ko’re almaydi, olardi asig’isliq, u’stirtin a’ytewir qabil etedi. O’z erkine jetkilikli da’rejede  ku’sh sala almawi tag’i minada bayqaladi, bala geyde qiyinshiqlarg’a  ha’m tosqinlarg’a qarsi gu’resiwden bas tartadi, iske qoli suwiydi, ko’binese oni pitkermey taslap ketedi. Ol o’z jumisin qayta islewdi, jetilistiriwdi basl;i waziypa etip aliwg’a a’detleniwi tiyis. Sistemali tu’rde ta’rbiyalawdin’ ta’sirinde qiyinshiqlardi  jen’iw, alip ushpayliqti qoyiw, jigerlilik ko’rsetiw ha’m shidamliliq etiw, o’z ha’reketlerin qadag’alaw uqibi kem-kemnen qa’liplesedi.

Kishi mektep jasinda temperamenttin’ barliq to’rt tipinin’ ko’rinisin a’dewir bayqawg’a boladi. “Temperament” - bul tiplerdin’ ko’rinisi ta’riyiplenedi ha’m oqiw-ta’rbiya jumisinda kishi jastag’i oqiwshilardin’ temperamentlerinin’ o’zgesheliklerin qalayinsha esapqa aliw boyinsha rekomendatsiyalar beriledi. Duris ta’rbiyalag’anda temperamentlardin’ ayirim unamsiz ko’rinislerin du’zetiwge toliq mu’mkinshilik bar: xoleriklerde sabirliqti, flegmatiklerde aktivlilikti ha’m shaqqanliqti, melanxoliklerde a’bjillikti ha’m o’zine isenimlilikti ta’rbiyalawg’a boladi. Kishi jastag’i oqiwshilarg’a erkti ha’m xarakterdi ta’rbiyalay otirip, mug’allim olardi o’z temperamentin basqariwg’a u’yretedi.

Kishi jastag’i oqiwshilardin’ xarakteri ayirim jas o’zgeshelikleri menen ajiralip turadi. Balalar ba’rinen burin talwasli – tikkeley ta’sir jasawlarg’a berilip, sezimlerge berilip, a’ytewir ba’ne menen barliq jag’daylardi oylastirmastan ha’m salistirip otirmastan irkinishsiz ha’reket etiwge beyim boladi. Minez-quliqti bir ta’rtipke saliw erkinin’ jasqa balanin’ bosan’lig’i jag’dayinda sirtqi aktiv ta’sirge bolg’an talap onin’ sebebinen esaplanadi.

Kishi jastag’i oqiwshilar, a’dette, quwnaq, kewilli boladi. Olar a’bjilli, miyrimli, isengish, a’dipli boladi. Bir qatar jag’daylarda baslawish klasslardin’ oqiwshilari unamsiz minez-quliq formalarina iye boladi, ma’selen, qirsiqliq ha’m o’jetlik usi formalarg’a jatadi. Qirsiqliq ha’m o’jetlik – mekteptin’ qatti talaplarina qarsi, kerek na’rse dep ku’segeninen qaytiw za’ru’rligine qarsi balanin’ naraziliq bildiriwinin’ o’zgeshe formasi. Geydi bala o’tirik sa’yleydi, balanin’ qiyalg’a beriliwi yamasa jazadan qorqip o’zinin’ jaman qiyalarin jasiriw tilegi onin’ sebebi bolip tabiladi. Kishi jastag’i oqiwshida xarakter endi g’ana qa’lipleskenlikten, ko’binese bul waqitsha, tosin psixikaliq jag’daydin’ xarakterge aynaliwinin’ aldin aliw a’hmiyetli.

Emotsiya ha’m sezim kishi jastag’a oqiwshilarda og’ada ku’shli boladi. Emotsionalliq, birinshiden, olardin’ psixikaliq xizmetinin’ emotsiyalilig’inda bayqaladi. Balalardin’ baqlag’anlarinin’, oylag’anlarinin’, islegenlerinin’ barlig’i olarda emotsiya payda etedi. Ekinshiden, kishi jastag’i oqiwshilar (a’sirese 1- ha’m 2- klass oqiwshilari) sezimlerin irke almaydi, olar o’zlerinin’ sirtlqi

ko’rinisin qadag’alay almaydi, balalar quwanishin, uwayimin, qayg’isin, qorqinishin, qanatlaniwshilig’in yamasa qanaatlanbawshilig’in og’ada sezdirgish ha’m bildirgish keledi. U’shinshiden, kishi jastag’i oqiwshilardin’ emotsoinallig’i, olardin’ emotsionallig’inin’ og’ada turaqsizlig’inda, kewil-hoshinin’ tez o’zgeriwinde, ku’shli ta’sirlengishliginde, az ha’m qatti quwaniwg’a, qayg’iriwg’a, uwayimlawg’a, izalaniwg’a, qorqiwg’a beyimliliginde ko’rinedi.

Minaday jag’daylar da 3- ha’tte 4- klass oqiwshilarinin’ teren’ emotsionalliq ta’sirleniwinin’ sebebi boliwi mu’mkin. Eger klassta balanin’ tutqan ornin jetkilikli bahalamasa, onda ol geyde izalanadi. Usinday jag’daylarda bala ta’rtipsiz, til almaytug’in, o’kpeshil, o’jet, nahaq, kewilsiz boliwi mu’mkin. Ta’rbiyashilardin’ha’m mug’a’llimlerdin’ miyirbanlig’i, balanin’ jumisinin’ ha’m onin’ joldaslari menen o’z-ara dostana qatnasiqlarinin’ duris sho’lkemlestiriliwin oni bul jag’daydan alip shig’iwg’a ja’rdemlesedi.

Jillardin’ o’tiwi menen balalarda o’z sezimlerin biylew, maqul emes sezimlerden qaytiw uqibi ko’birek rawajlanadi.

Oqiwdin’ ha’m ta’rbiyanin’ ta’sirinde joqari sezimler, atap aytqanda moralliq sezimler – minnet sezimi, milliy patriotizm sezimi rawajlanadi. Bala Ana Watannin’ ne ekenin kem-kemnen tu’sinise baslaydi, o’z eli haqqinda, onin’ adamlari haqqinda, ta’biyati haqqinda ko’r na’rselerdi biledi. Watang’a bolg’an muhabbat ha’m hu’rmet sezimi bala ushin tu’sinikli formada ku’sheyip ja’ne rawajlanip baradi.

Kishi mektep jasindag’i balalar xudojestvoliq - estetikaliq jaqtan tabisli rawajlanadi. Balalar a’dette, su’wret saliw, mu’sin jasaw, qosiq aytiw, muzika a’sbaplarinda nama shertiw menen qatti qizig’adi, tiyisli jumis ha’m ko’rkem shig’armalardi (qosiqlardi, muzikani, kartinalardi, skulpturalardi) qabil etiw tiykarinda olarda estetikaliq sezimler qa’liplesedi.

Dosliq ha’m joldasliq tu’sinikler kishi mektep jasindag’i balalarda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-ikramli minez-quliq madeniyatin ta’rbiyalaw ha’m kollektivlik qatnasliqlardi qa’rliplestiriw ushin u’lken mu’mkinshilikler aship beredi. Bir neshe jil ishinde oqiwshi o’zinin’ bunnan bilay da rawajlaniwi ushin

ta’rbiya duris jolg’an qoyilg’anda a’hmiyetli kollektivlik bolip qa’liplesip, jumis ta’jiriybesin - kollektivlikte ha’m kollektiv ushin jumis ta’jiriybesin toplaydi. Birinshi klass oqiwshilari o’zin kollektivtin’ bir bo’legi dep ele sezbeydi, olar belgili ma’niste o’zlerin bo’lek ha’m g’a’rezsiz sezedi, olardi ko’binese bo’lekleniwshilik, tan’lawshiliq, quri maqtaniwshiliq ko’rinislerin bayqawg’a boladi. Mug’allimnin’ arnawli jumis alip bariwinin’ ta’siri astinda balalar klasslaslarinin’ tabislarina ha’m sa’tsizliklerine, qa’teliklerine ha’m jetiskenliklerine haq kewli menen qizig’adi. Bir-birine o’z-ara ja’rdemlese b`aslaydi, pu’tkil klasstin’ isine qiziqqanday oqiwg’ada qizig’adi, solay etip kollektiv qa’liplesedi. Ja’miyetlik, kollektivlik islerge balalardin’ qatnasiwi kollektivizmdi ta’rbiyalawg’a ja’rdemlesedi. Atap aytqanda usilarda balalar kollektivlik ja’m iyetlik paydali jumistin’ tiykarg’i ta’jiriybesine iye boladi.

Kollektivte qa’liplestiretug’in moralliq minez-quliq normalari, bir-birewge ja’rdem ha’m hu’rmet sezimleri usi jastag’i oqiwshilardin’ jeke joldasliq ha’m dosliq qatnasiqlarina o’tedi, o’z-ara qatnasiqlar dep atalmish qatnasiqlar bayiydi.

Kishi jastag’i ha’r qiyli klasslar oqiwshilarinin’ dosliq xarakterindegi ayirmashiliqlardi ko’rsetip o’tiwge boladi. 3-4- klass oqiwshilarinda o’z-ara dosliq qatansiqlari ele jetkilikli da’rejede turaqli emes, tosin ha’m a’ytewir ba’neler boyinsha qa’liplesedi. Oqiwshidan Shaxrux ha’m Shaxlo menen ne ushin dossan’ dep sorasa: “Sebebi bir jerde jasaymiz”, “Sebebi bir partada otiramiz”, “Sebebi bizin’ ata-analarimiz tanis ha’m bir-birewge miymang’a barip turamiz”, - deydi. Doslardin’ tez o’zgeriwi, su’yispenshiliktin’ ha’m jek ko’riwshiliktik tez o’zgeriwi bayqaladi. Keshe Jumanazar edi, al bu’gin “men onin’ menen oynamayman”. Ka’rimbay pu’tkilley nemquraydi edi, al endi “menin’ en’ jaqsi dostim” bolip shiqti.

En’ kishi jastag’i oqiwshi dosliq o’zine ne beretug’inina, dostisi onin’ ushin ne isleytug’inina tiykarlanip oni unamli yamasa unamsiz bahalaydi. Bala dostina qoyatug’in talaplardi geydi o’zime de tiyisli demeydi, ol dosliqtian huqiqlardin’ ha’m o’z-ara minnetlerdin’ ten’ligine tiykarlanatug’inin’ ele

tu’sinbeydi. Ma’selen, minaday ga’pti, pikirdi esitiwge tuwri keledi “Menin’ qurdasim Seregu’l ju’da’ jaqsi, ol menin’ menen tartispaydi, ol meni ba’rqulla ha’mme na’rsede maqullaydi. Qidirayiq yamasa oynayiq desem, ol hesh qashan yaq demeydi. Al Rayxan jaqsi qurdas emes, barlig’in o’zinshe islegisi keledi, mennen qalispaydi, endi men onin’ menen dos emespen”. Dosti usilayinsha bir ta’replemeli subektiv - emotsoinalliq bahalaw kollektivte birinshi klass oqiwshisinin’ moralliq minez-quliq ta’jiriybesinin’ jetkiliksizligi menen tu’sindiriledi. Bul jastag’i balalar kollektivtin’ turmisina endi g’ana aralasip atir, olar o’z qatnasiqlarin bir-birewdi o’z-ara hu’rmetlewge tiykarlanip quriwdi ele u’yrengen joq.

3- klass oqiwshisinda kollektivte moralliq o’z-ara qatnasiqlar ta’jiriybesi bay. Bul tiykarda balalarda a’dewir teren’ ha’m bekkem joldasliq ja’ne dosliq o’z-ara qatnasiqlar qa’liplesedi, olar ha’reketlerdin’ a’dep-ikramliliq sipatlarin qa’liplestiriwde barg’an sayin a’dewir a’hmiyetli rol oynay baslaydi. Dosliq sezimler joldaslar ushin paydali boliwg’a talpiniwda, o’z ha’reketlerin ha’m qiliqlarin maqullasiwda ko’rinedi, a’dewir jaqin dosliq sezimler qa’liplese baslaydi, olar bawirmanliqta, dos penen quwanishti ha’m qayg’ini ortaqlasiwg’a talpiniwshiliqta ko’rinedi. Balalar kelispewshiliklerge ha’m ja’njellesiwlerge a’dette, qatti ha’m teren’ qiynalisadi.

Balanin’ rawajlaniwinda oyinnin’ ha’m miynettin’ roli ku’shli. Kishi dastag’i oqiwshilardin’ jetekshi isi oqiw bolsa da, olardin’ turmisinda oyin og’ada u’lken orin iyeleydi. Kollektivlik oyinlar kollektivtin’ tig’iz ja’mlesiwine ja’rdemlesedi. Oyin balanin’ minez-qulqinda ayriqsha ta’jiriybe ha’m praktikani payda etedi ha’m onin’ bahali sipatlarinin’ qa’liplesiwine ja’rdemlesedi.

Kishi jastag’i oqiwshilardin’ miynetinin’ ta’rbiyaliq a’hmiyeti de ulli. Mektepke shekemgi balanin’ turmisinda miynet tiykarinda o’zine o’zi xizmet etiw formasina iye boladi. O’zine o’zi xizmet ko’rsetiwdin’ a’hmiyeti kishi mektep jasinda da toliq da’rejesinde saqlanadi. Biraq miynet o’zine ha’m o’zi ushin individuallastiriwdi qa’liplestire aladi, basqa adamlardin’ itiyajlari menen ma’pleri onin’ ushin hesh na’rse emes. Sonliqtanda basqalar ushin, uliwma payda ushin

oqiwshilardi miynetke, ja’miyetlik paydali jumistin’ qolinan keletug’in tu’rlerine (klassti, mektep qaptalindag’i uchastkalardi, sport maydanshalarin tazalaw, kishi jastag’i balalar ushin, qa’wenderliktegi balalar bag’shasinin’ ta’rbiyalaniwshilari ushin paydali zatlardi islep tayarlaw ha’m t.b.) kem-kemnen aralastiriw og’ada a’hmiyetli. Balalar o’z miyneti menen do’geregindegi adamlarg’a payda keltire alatug’inin kem-kemnen tu’sinedi. Bul olarda maqtanish, quwanish ha’m qanaatlaniwshiliq sezimin, miynetke hu’rmetti payda etedi, adamlardin’ turmisinda miynettiq rolin olar tu’sinedi.

Miynet penen arnawli shug’illaniw tek esip, jelimlep, tigip, jarg’ilap, jonip g’ana qoymastan, al o’z qoli menen paydali ha’m kerekli zatlar (elka oyinshiqlari, ukazkalar, qutishalar ha’m sandiqshalar, su’wretler ushin ramkalar ha’m t.b.) islep tayarlag’an jag’dayda g’ana u’lken psixologiyaliq a’hmiyetke iye boladi.

U’lkenlerdin’ o’ndirislik jumisina kishi jastag’i oqiwshilardin’ qolinan kelgenshe qatnasiwi ayiriqsha a’hmiyetli.

## 2.4.Baslawish klass oqiwshilarinda insaniy qarim-qatnas psixologiyasin qa’liplestiriw jollari

Shaxs-sotsial qarim-qatnas deliniwinin’ en’ tiykarg’i sebebi – onin’ ba’rhama insanlar arasinda, olar menen o’z-ara ta’sir arasinda boliwin an’latadi.

Bul insannin’ en’ jetekshi sheberliklerinen biri qarim-qatnas ekenligine boysinadi.

Qarim-qatnastin’ tu’ri ha’m tu’rleniwleri tu’rlishe. Misali, bul sheberlik “ju’zbe-ju’z” boliwi yaki ol yaki bul texnik qurallar (telefon, telegraf t.b.) arqali a’melge asiriladi. Birde-bir professional sheberlik waqtindag’i a’meliy yaki dostana boliwi, sub`ekt – sub`ekt tipli boliwi yaki sub`ekt ha’m ob`ektli boliwi mu’mkin.

Insaniy qarim-qatnaslar sonday o’z-ara ta’sir waqti onda shaxslar ara qarim-qatnaslar tu’rlenedi ha’m payda boladi. Bunday waqit da’slep adamlar ortasinda roy beretug’in pikirler, oy-keshirmeler, ta’shwishi - quwanishlar na’zerde tutiladi. Adamlar qarim-qatnasta bolg’ani siyaqli, olar ortasindag’i uliwmaliq, uqsasliq ha’m uyg’inliq siyaqli sipatlar payda boladi, olar bir –birin

bir qarasta tu’sinetug’in yaki “yarim jumladan” ha’m pikiri ayan bolatug’in bolip qaladi, ayrim hallarda bolsa, a’ne sonday qarim-qatnastin’ tig’izlig’i, keri reaktsiyalarin bir-birinen sharshaw, aytatug’in ga’ptin’ qalmaslig’i siyaqli waqiyani, waziyatti keltirip shig’aradi. Misali: shan’araq ortalig’i ha’m ondag’i mu’na’siybetler a’ne sonday tig’iz qarim-qatnaslarg’a kiredi. Tek bunday tig’izliq shan’araqtin’ ba’rshe ag’zalari ortasinda emes, onin’ ayirim ag’zalari ortasinda boliwi mu’mkin (ana-bala, qa’yin ene-kelin).

O’z-ara qarim-qatnaslarg’a kirisip atirg’an tamanlar mu’na’siybetten go’zlenetug’in tiykarg’i maqsetleri o’z-ara til tabiw, bir-birin tu’siniw. Onin’ qiyinlig’i, kerek bolsa, qaytalanbaslig’i sonda, o’z-ara bir qiyli til tabiw, bir-birin tu’siniw.

Ha’r qanday isten zerigiw, sharshaw mu’mkin, tek adam qarim-qatnastan, a’sirese, onin’ tiykarsiz qural tu’rinen sharshamaydi, jaqsi pikirler menen barliq waqit xabarlandiriladi.

XXI-a’sir bo’sag’asinda adamnin’ en’ ta’biyiy bolg’an qarim-qatnasqa mu’ta’ji, onin’ sirlarinan xabardar boliw ha’m o’zgelerge belgili ta’sir ete aliwg’a bolg’an umtiliwi ja’nede o’sti ha’m bunin’ qatar sebepleri bar.

Tiykarinan ha’r bir insannin’ sotsial ta’jiriybesi, onin’ insaniy qiyapasi, pa’ziyletleri, ha’tteki qarim-qatnas waqtinin’ tiykari.

Ja’miyetten qarim-qatnasta boliw imkaniyatlarinan mahrum bolg’an adam o’zinde individ sipatlarin, lekin ol shaxs bola almaydi. Sonin’ ushin qarim-qatnastin’ shaxs rawajlaniwindag’i a’hmiyetin oylaw ushin onin’ funktsiyalarin taliqlaymiz.

Ha’r qanday qarim-qatnastin’ en’ elementar funktsiyasi - pikirlesiwshilerdin’ o’z-ara bir-birin tu’siniwlerin ta’miyinlew. Sonisi xarakterli, kewil bildiriwge barg’anda da a’ne sonday tu’siniwshen’likti sezemiz. Bul siyaqli kontakt usillar basqa millet ha’m xaliqlarinda da bar, yag’niy bul milliy o’zine ta’nlikke iye.

Onin’ ekinshi za’ru’r ta’repi sotsial ta’jiriybege tiykar saliw. Adam balasi tek adamlar ortasinda sotsiallasadi, o’zine za’ru’r insaniy sheberliklerin

tu'rlendiredi. Adam balasinin' jirtqish haywanlardan ayirilip ketiwi, son' ma'lim mu'ddetten keyin ja'ne adamlar arasinda payda boliwshi faktleri sonni ko'rsetken, "mauglilar" biologik jaratilis sipatinda rawajlana beredi, lekin sotsiallasiwda artta qalip ketedi. Bunnan basqa, bunday halat baladag'i biliw qa'biletlerin de sheklew ko'plep psixologik eksperimentlerde de o'z sipatin tapti.

Qarim-qatnastin' ja'ne bir za'ru'rli waziypasi – ol adamda ol yaki bul ta'repke bag'darlaydi, ruwxlandiradi. Adamlar toparinan uzaqlasqan, olar na'zerinen qalg'an adamnin' qoli iske de barmaydi, barsa da ja'miyetke emes, ba'lki tek o'zgege g'ana payda keltiretug'in islerdi qiliwi mu'mkin. Misali, uzaq waqit termokamerada bolg'an adamda oylap, eslew, seziw halatlarinin' buziliwi seziledi. Lekin, ataylap emes, ta'g'dir taqazasi menen jalg'izliqqa buyirilg'an adamlardin' maqsetli isler menen o'zlerin ba'nt etiwleri, onshama keri ta'sirlerge alip keliwleri ha'm t.b.

Shaxstin' qarim-qatnasqa bolg'an mu'ta'jinin' tolig'i menen qanaatlandiriliwi onin' is sheberligine de ta'sir ko'rsetedi. Adamlar olardin' barlig'i, sol ortaliqta o'z-ara pikirlesiw imkaniyatlarinin' bar fakti ko'binshe, adamdi islew qa'biletin de asirar eken, a'sirese, pikirlesip otirip qilinatug'in isler, birgelikte bejeriletug'in operatsiyalarda adamlar o'z aldinda turg'an ka'siplesine qarap ko'birek, tezirek islewge ku'sh ha'm qosimsha ku'sh tabadi. Tuwri, bul birgelikte sol qasindag'i adam og'an jaqsa, olar ortasinda o'z-ara jaqsi ko'riw sezimi payda boladi, onda adam iske "bayramg'a kelgendey" keletug'in bolip qaladi.

Sonin' ushin da amerikali psixolog Jon Moreno a'sirimiz basinda-aq a'ne sol ta'sirdin' o'nimdarliqqa ta'sirin u'yrenip, sotsiametrik texnologiyani, yag'niy sorawnamanin' arasinda bir-birin jaqtirg'an ha'm bir-birin biykar qiliwshilardi aniqlag'an ha'm sotsiametriya metodikasina tiykar salg'an edi.

Solay etip, qarim-qatnas adamlardin' ja'miyette o'z-ara birliktegi sheberliklerinin' ishki psixologik mexanizmin du'zedi. Qala berse, ha'zirgi jan'a demokratik mu'na'siybetler sharayatinda tu'rli islep shig'ariw qararlarin jeke ta'rtipte emes, ba'lki kollegial-birgelikte shig'ariw za'ru'rligi payda boldi, oni

esapqa alsaq, adamlardin’ qarim-qatnas ma’deniyati payda bolg’anlig’in esapqa alsaq, adamlarda qarim-qatnas texnikasi miynet o’nimdarlig’i ha’m za’ru’rligi .

Adamlar bir-biri menen qarim-qatnasqa kiriser eken, olardin’ tiykarg’i go’zlegen maqsetlerinin’ biri- o’z-ara bir-birewine ta’sir ko’rsetiw, yag’niy pikir-ideyalarina ko’ndiriw, ha’reketke sharlaw, ustanovkalardi o’zgerttiriw ha’m iz qaldiriw. Psixologik ta’sir - bul tu’rli qurallar ja’rdeminde insanlardin’ pikirleri, oylari ha’m ha’reketlerine ta’sir ko’rsete aliw.

Keyingi jillarda “professionalizm” tu’sinigi tez-tez isletiletug’in bolip qaldi. Sonliqtan ja’miyette tu’p tiykarin a’melge asiriw, miynet o’nimdarlig’in “insan oyip” teren’lestiriw esabinan asiriw da’wir talabi bolip qaldi. A’sirese, adamlardi basqariw tarawindag’i professionalizmge u’lken itibar qaratilmaqta. Ju’da’ ko’pshilik qa’niygeler ba’rshe isleytug’in funktsiyalari arasinda adamlar menen til tabiw, olarg’a ta’sir ko’rsetiw, olar islerin tuwri du’ziw ha’m basqariw en’ quramalilarinan ekenligin atap ko’rsetedi. Adamlar menen normal mu’na’siybetlerin ornata almasliq, a’sirese, biznes tarawinda a’meliy sheriklerdin’ halatlari, oy oyinsha o’zlerin professional ta’rizde ko’ndire almasliq, birewdi onin’ ishki keshirmeleri ha’m o’zine bolg’an mu’na’siybetlerin aniq oylay almasliq a’meliy psixologiyada kommunikativ uqipsizliq, yaki diskommunikatsiya halatin keltirip shig’aradi. Bunda adamlar jalpaq til menen aytqanda, bir-birin tu’sine almay qaladi, sonin’ aqibetinde pisip turg’an zat yaki jaqsi reje a’melge aspaslig’i, bir neshe aylarg’a sozilip ketiwi mu’mkin.

Sonin’ ushin da ha’zirgi zaman sotsial psixologiyasinin’, basqariw psixologiyasinda u’lken jasli adamlardi kommunikativ bilimlerin payda etiwge u’lken a’hmiyet bermekte.

Ha’r bir ka’rxana, jeke menshik firma yaki ma’mleket mekemelerin basqariwshi menedjer, basshi tayarlaw mashqalasi a’ne sol basshilardi, basqariwshilarin, psixologik ta’repten adamlar menen islewge u’yretiw mashqalasin shetlep o’te almaydi. Uliwma ha’zirgi da’wirde ha’r qanday qa’niyge – vrach, oqitiwshi, esapshi, agronom, qurilisshi, jurnalist yaki basqalar da kommunikativ qa’niygelikke iye bolmag’ansha, bazar mu’na’sibetleri sharayatinda

tezde ja’ma’a’tke kirisip, ko’pshilik penen til tabisip o’z professional sheberligin ko’rsete almaydi. Ha’r bir sheber insan basqalar menen birgelikte sheerligi ha’m sanaatina iye boliwi kerek.

Bul waziypa adamlardi qarim-qatnas ha’m baylanis etikasina u’yretiwdi ha’r qashang’idan da za’ru’r qilip qoymaqta. Tuwri, qarim-qatnasqa kirisiw – sotsiallasiw waqtinda ba’rshe sipatlardan aldiniraq tu’rlenetug’in qa’biletlerden, ol ta’biyiy ha’m o’mirlik na’rse. Bala tili ju’da’ jaqsi shig’ip u’lgermey, a’tirapindag’ilar menen aktiv qarim-qatnasta bola baslaydi. Lekin, jillar o’tken sayin oyli, aqilli adam ha’r bir ga’pin oylap aytatug’in, ha’r bir qa’demin oylap basatug’in bolip qaladi, bul onin’ ja’miyettegi waziypasin belgilewshi na’rse. Bul qarim-qatnasqa kirisiwge tayarlapiwdin’ a’hmiyetin de adam seziwin ko’rsetedi. Sonday qilip, a’ne sol en’ ta’biyiy ha’r bir qarawda a’piwayi insan sheberligin sol siyaqli quramali ha’m qirsiz, onin’ mexanizmlerin u’yreniw, toparlarda tuwri mu’na’siybetlerin du’ziw ha’m adamlardi o’nimli qarim-qatnasqa u’yretiw mashqalasi bu’gingi sotsial psixologiyanin’ za’ru’rli ma’selelerinen.

Ma’lim bolg’aninday, atip atirg’an adamlardin’ biri aytadi, ekinshisi tin’laydi, esitedi. Qarim-qatnastin’ o’nimliligi a’ne so leki ta’reptin’ qanshaliq o’z-ara sa’ykesligi, bir-birin toltiriwg’a baylanisli eken. Natuwri oylardan biri sol, adamdi qarim-qatnas yaki baylnaisqa u’yretkende, oni tek aytqanda tiykarlang’an so’zlerdi paydalanip, ta’sirshen’ aytiwg’a u’yretedi. Onin’ ekinshi tamani- tin’law qa’biletine itibar bermeydi. Blegili amerikali psixolog Deyl Karnegi “Jaqsi sa’wbetshi” degende sol qa’biletlerinin’ insanlarda rawajlang’an boliwin na’zerde tutqan edi.

Qa’niygelerdin’ aniqlawlarina qarag’anda, islep atirg’an adamlar waqtinin’ 45% 8 tin’law waqitta keter eken, adamlar menen ba’rqulla qarim-qatnas bolatug’inlar 35-40% mashqalalarin adamlardi “tin’lag’anlari” ushin alar eken. Bunnan sonday juwmaq kelip shig’adi, kommunikatsiyanin’ en’ keyin tarawlarinan esaplang’an tin’law qa’bileti adamg’a ko’birek payda keltirer eken.

Sonin’ ushin bolsa kerek, nemets filosofi A.Shopengauer “Adamlardi o’zin’iz tuwrisinda jaqsi pikirge iye boliwlarin qa’lesen’iz, olardi tin’lan’”- dep

jazg'an eken. Eger siz ku'yinip aytasan'iz sa'wbetlesin'iz sizdi tin'lamasa, basqa na'rse menen a'were bola berse, onnan qapa bolasiz, ba'lki onin' menen balynaisin da u'zesiz. Oqitiwshi aytip atirg'an payitta oni tin'lamaw a'depsizliktin' en' ken' tarqalg'an ko'rinisi dep bahalaniwin bilesiz be ?

Ne ushin biz ko'binese jaqsi aytiwshi, so'ylewshi bola alasiz, tiykarg'i kesent beriwshi bola almaymiz? Psixologlardin' pikirinshe, tiykarg'i halat beriwshi na'rse- bul bizin' o'z pikir-oylarimiz ha'm qa'lewlerimiz qa'lewinde bolip qaliwimiz. Sonin' ushin da geyde sherigimizdi tin'lap atirg'anday bolamiz, lekin tiykarinda oyimiz basqa jerde boladi. Tin'lawdin' da tap aytiwg'a uqsas texnikasi, us illari belgiliyu Olardin' tu'ri de ko'p, lekin tiykarinan biz ku'ndelik o'mirde onin' eki usilin da qollaymiz. So'zbe-so'z qaytariw ha'm basqasha taliqlaw. Birinshisi, pikirlesiwshi so'zlerinin' bir bo'limin qaytariw arqali, sherikti ko'plep-quwatlaydi qaytariw arqali, sherikti qollap-quwatlaydi bildiredi. Ekinshi usil bolsa – sherigin'iz so'zlerin tin'lap, ondag'i tiykarg'i ideyani o'zimizdin' taliqlawimizda tekseriw. Eki usil da sherik ushin za'ru'r, sebebi ol o'zinin' tin'lp atirg'anin'izdi, ha'tteki ondag'i ideyalarg'a qarsi emesligin'izdi bildiredi. Bunday sirtqi, biz jaqsi tin'lap atirg'an bolip, "Yag'-aw?", "Ne ushin?" sa'wbetlesimizdi so'ylewge, ja'ne de pikirlerin aydinlastiraiwg'a shaqirip turamiz. Demek, tiykarinda bizdegi aytip atirg'an shaxs jetekshi, ol pikirdin' ha'kimi, degen oylaw onshaliq tuwri emes, Yaqshi tin'lawda da sonday ku'sh bar, ol pikirlesiwshini sizge ju'da' jaqinlastiradi, isenimdi tuwdiradi. Sebebi qarim-qatnas waqtindag'i en' qimbatli na'rse – bul xabardin' o'zi. Tin'lap atirg'an adam ma'nili, jaqsi dialogtan tek jaqsi paydali pikir aladi. Aytiwshi bolsa kerisinshe, o'zindegi barin berip, aytpaytug'in pikirlesiwshisinen "keri baylanisti" alip u'lgermeydi, hesh na'rsesiz qaliwi da mu'mkin. Sonin' ushin qarim-qatnasta tin'lawg'a, bunda ba'rshe paralingvistik ha'm noverval sharalardan orinli paydalaniwg'a u'yreniw kerek.

Professional tin'lawg'a texnikasina minalar kiredi:

Aktiv halat. Bul – eger kreslo yaki divan, mebel bolsa, og'an biyma'lel dastanip yaki jatip almasliq, pikirlesiwshinin' ju'zinen basqa jerlerge qaramasliq,

mimika, bas shayqaw siyaqli halatlar menen onin’ ha’r bir so’zine qizig’ip atirg’anin’izda bildiriwdi na’zerde tutadi;

- Pikirlesiwinshe shinnan qizig’iwin bildiriw. Bul tek pikirlesiwshini o’zine tartip, ba’lkim, keyine gezegi kelgende o’zinin’ ha’r bir so’zine oni da ko’ndiriwdin’ o’nimli joli.

Eger biz pikirlesiwshi adamimizdi jaqsi, diqqat penen tin’lasaq, onin’ menen biz onda o’z-o’zine hu’rmetti de ta’rbiyalaymiz. Demek, tin’law waqti ko’pshilik oylaw qilg’an siyaqli onshalin passiv payit emes eken. Onin’ pikirinin’ mazmunli boliwindag’i a’hmiyeti og’ada u’lken. Sebebi tin’law qa’bileti aytiwshini ilhamlandiradi, oni ruwxlandiradi, jan’a pikirler, ideyalardin’ tu’rleniwine sharayat jaratadi.

Sonin’ ushin pikirlewshi professordin’ ha’r bir shig’iwi ha’m pikiri eger talabalar-tamaninan diqqat penen tin’lansa, bul pedagogik qarim-qatnastan eki jaqt`an da ten’ o’tedi.Eger qarim-qatnas payitinda qatnasiwshi eki na’rse – so’ylew ha’m tin’lawdin’ sheber o’z-ara ta’sir ushin ten’ a’hmiyetin na’zerde tutsaq, bul waqit qatnasiwshilardin’ psixologik sawatlilig’i ha’m qarim-qatnas texnikasin iyellewinin’ a’hmiyetin awlaw qiyin bolmaydi. Bul tamannan pa’nnin’ o’z uslubi bolip, onin’ ati sotsial psixologik trening (S.P.T.) dep ataladi. SPT- qarim-qatnas payitina adamlardi psixologik tamaninan tayarlaw, olarg’a za’ru’rli kommunikativ da’rejelerin arnawli da’stu’rler arasinda qisqa waqitta tu’rlendiriw. En’ za’ru’rli SPT waqtinda adamlardin’ payitinda bilimligi artadi.

A’meliy qarim-qatnas trenigi.- SPT nin’ bir ko’rinisi bolip, ol yaki bul professional sheberlikti a’melge asiriw waqtinda za’ru’r bolatug’in kommunikativ sheberlik, ko’nlikpe ha’m bilimlerin payda qiliwg’a qaratilg’an tayarliq. Gruppa ha’m ja’ma’a’tlerde qarim-qatnas trenigi qurali pikir almasiwlar alip bariw, is sebepli birgelikte is alip bariw jol-jobalarin birgelikte tabiw, u’lken auditoriya aldinda so’ylewge u’yretiw, ma’jlisler o’tkeriw, ja’njelli konfliktli halatlarda o’zin tuwri tutiw sheberlikleri ju’zege keledi. Bundag’i tiykarg’i na’rse trening qatnasiwshilari oyina birewdi tu’siniw, o’zin o’zge ornina qoya biliw, basqalar ma’pi menen o’zinikin uyg’inlastira aliw ideyasin sin’dire aliw.

## III-Bap. Baslawish bilimlendiriwde dosliq qatnasti qa’liplestiriwde a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin alip bariwdin’ o’zine ta’n o’zgesheligi

### 3.0. Tayanish tu’sinikler

Adamlarg`a ha`m ta`biyatqa insaniyliq qatnasti qa`liplestiriw erte balaliq da`wirden baslanadi. Oqiwshilardin` a`tiraptag`i adamlarg`a ha`m ta`biyatqa insaniyliq qatnasin ta`rbiyalaw jumislarin sistemali alip barg`an jag`dayda, olarda insaniyliq a`dep-ikramliliq sipatinda qa`liplesedi. Basqasha aytqanda, adamnin` insaniy shaxs retinde qa`liplesiwi, onin` sipat minezlemesi bolip tabiladi.

### 3.1. Baslawish bilimlendiriwde dosliq qatnasti qa’liplestiriwde a’dep-ikramliliq ta’rbiyasin alip bariw jollari

«Ma`mleketimiz g`a`rezsizlikke erisken da`slepki ku`nlerden aq elimizde uliwmainsaniy qa`diriyatlar ma`mleket siyasatinin` u`stem bag`darinin` biri esaplanip, onin tiykarg`i maqseti - o`zlikti anlaw, milliy qa`diriyatlardi tiklew, ko`p milletli xalqimizdi birlestiriw, milliy ha`m uliwmaxaliqliq qa`diriyatlarg`a tiykarlang`an halda ruwhiy-a`dep-ikramliliq paziyletlerge iye, do`retiwshilik penen pikirleytug`in ha`mde do`gerektegi ortaliqqa sanali qarim-qatnasta bolg`an shaxsti qa`liplestiriwge qaratilg`an» - dep atap ko`rsetedi professor N.Ortiqov.

Insaniyliq sezimlerdi ha`m qatnasiqlardi ta`rbiyalaw - quramali qarama-qarsiliqli protsess ekenin atap ko`rsetiw kerek. Birge qiynaliw, quwaniw, tinishsizlaniw, basqani qaralamaw, shin kewilden ha`m inta menen jaqsiliq islew uqibina mektep jasina deyingi da`wirde tiykar salina baslaydi.

*Insaniyliqti ta`rbiyalaw* - a`dep-ikramliliq sipatti qa`liplestiriw bolip, ol jani ashiw, quwanish ha`m qayg`ini ortaqlasiw, haq kewillik siyaqli jaqsi sezimlerdi na`zerde tutadi.

Insannin` a`dep-ikramliliq ta`rbiyasinin` o`zegi ha`m tiykarg`i ko`rsetkishi onin` adamlarg`a, ta`biyatqa, o`zine qatnasinin` sipati bolip tabiladi. Izertlewler bunday qatnasiqlar balalarda mektepke shekemgi jastag`i da`wirde qa`liplesiwi

mu`mkin ekenin ko`rsetedi. Bul protsesstin` tiykarinda basqani tu`siniw, basqanin` qiyinshiliqlarin o`zine o`tkeriw uqibi turadi.

Balanin` is-ha`reketinin` jetekshi tu`ri syujetlik-rollik oyin bolip, bunda bala o`zin tutiw usillarin modellestiredi, eresek adamlardin` ha`reketlerin, o`z-ara qatnasiqlarin qaytalawg`a umtiladi. Onda adamlar arasindag`i qatnasiqlar ha`m olardin` miynetinin` mazmun-ma`nisi aldin`g`i oring`a qoyiladi. Bala rollerdi orinlap, ja`miyette qabil etilgen a`dep-ikramliliq normalarina muwapiq ha`reket etiwge u`yrenedi.

Baslawish bilimlendiriw jastag`i balanin` a`dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwi o`z-ara baylanisli u`sh tarawdi o`z ishine aladi. Moral`liq bilimler, pikirler, ko`z-qaraslar, yag`niy kognitivlik bunda balalar ja`miyetlik moral`liq sananin` ha`r qiyli ta`replerin o`zlestiredi, moral`liq talaplardi, moral`liq bahalaw o`lshemlerin tu`sine baslaydi. Solay etip, moral`liq jaqtan o`zin tutiwdi o`zlestirip, bala so`z ju`zinde emes, al is ju`zinde duris moral`liq tan`lawdi a`melge asiriwg`a uqipli boladi. Moral`liq qa`diriyatlarda balada basqa adamlarg`a baylanisli moral`liq bahali ha`m moral`liq qollap-quwatlanatug`in qatnasiqlar qa`liplesedi. Ma`selen, balada insaniyliq sezimler ha`m qatnasiqlar, basqalardin` mu`ta`jliklerine ha`m qizig`iwshiliqlarina diqqat, olardi esapqa ala biliw uqibi, basqanin` qayg`isin ha`m quwanishin birge bo`lisiw, sonday-aq, normalardi buzg`an jag`dayda o`zinin` ayibin seziw qa`siyetleri qa`liplesedi.

Balalardin` a`tirapindag`ilarg`a insaniyliq qatnaslari (haq niyetlilik, ashiq kewillik, diqqatliliq, g`amxorliq, a`dillik) barliq a`dep-ikramliliq normalari ushin ta`n bolg`an na`rse - olar o`zin tutiwdin` sotsialliq usilin bekkemleydi. Buni baslawish bilimlendiriw jasindag`i balalar to`mendegishe tu`rde bildiredi: «U`lken jastag`ilardi aldawg`a bolmaydi», «Kishkenelerdi renjitiwge bolmaydi» ha`m t.b. yag`niy balalar neni islew mu`mkin, neni islewge bolmaytug`inlig`in tu`sinedi. Eger bala ne ushin normanni saqlaw za`ru`rligin tu`sindire alsa, onda a`dep-ikramliliq normasin tu`siniwdin` qa`lipleskeni haqqinda aytiw mu`mkin.

Baslawish bilimlendiriw jasindag`i balada ashko`zlik, qizg`anshaqliq en` unamsiz sipatlardin` bar boliwi tosinnan emes. O`ytkeni balalar arasindag`i

ja`njellerdin` en` basli sebebi, ha`r birew o`zine jaqsi na`rseni, unag`an na`rseni aliwdi qa`leydi. Eger oyinshiqti ala almasa, bala ku`shli da`rejede unamsiz sezimlerdi bastan keshiredi. Bala tek normani bilip ha`m tu`sinip qalmastan, oni belgili bir kategoriyag`a – «jaqsi» yamasa «jaman» dep bo`ledi. Bala og`an baha beriwge umtiladi. Baslawish bilimlendiriw jasindag`i balalar ata-analari ha`m ta`rbiyashilar menen birge gu`rrin`lesiw baslawshisina, u`lgi ko`rsetiwshisine aylanadi. Bul gu`rrin`lesiwlerdin` temasin «Jaqsi degenimiz ne, jaman degenimiz ne?» dep belgilewge boladi.

Baslawish bilimlendiriw jasindag`i balada basqa adamnin` qizig`iwshiliqlari, tilekleri barg`an sayin u`lken rol` atqara baslaydi. Bul jastag`i balalar a`dep-ikramliliq sipatlarin ha`m olardin` qarama-qarsi pikirlerin bildiretug`in so`zlerdi (jaqsi, urisa beretug`in, ashko`z, haq niyetli, o`sekshil ha`m t.b.) qollanadi, biraq olardi ha`m o`z ta`jiriybesin aniq bir jag`day menen baylanistiradi, bul balalardin` oy-pikirinin` aniq obrazlilig`i menen tu`sindiriledi.

A`dep-ikramliliq sana ha`m o`zin tutiw arasindag`i o`z-ara baylanis, bala a`dep-ikramliliq is-ha`reketlerge shiniqqan jag`dayda, moral`liq tan`lap aliwdi iske asirg`anda, ol qalayinsha ha`reket etiwdi o`zi sheshkende, misali oynap qaytiw yamasa u`lken jastag`i adamg`a ja`rdem etiw, konfetti o`zi jew yamasa anasina alip barip beriw, jan`a oyinshig`i menen oynaw yamasa oni kishkene balag`a beriw siyaqli jag`daylardi o`zi sheshetug`in bolg`anda g`ana ornatiladi.

Eger baslawish bilimlendiriw jasindag`i bala normalardi saqlawdin` yamasa buziwdin` aqibetlerin is ju`zinde ko`rse, onda og`an bunin` mazmunin tu`siniw ha`m o`zine baylanisli salistirip qaraw an`sat boladi.

Baslawish bilimlendiriw jasindag`i balalar xaliq erteklerinin` moralliq ta`repin tu`sinedi. Qaharmanlardin` unamsiz, moralliq qiliqlarinin` ta`repi keskin qarsiliq ha`m qa`ha`rleniwdi keltirip shig`aradi. Balalar an`li ra`wishte jaqsiliq ta`repke o`tedi.

6-7 jastag`i balalarda turmistag`i tu`rli awhallarda ushirasatug`in unamli yaki unamsiz minez-quliq haqqinda azli-ko`pli uliwmalasqan tu`siniklerdi o`z ishine alatug`in etikaliq etalon u`lgiler qa`liplesedi. Baslawish bilimlendiriw

jasindag`i bala o`zin tutiwin tek belgili bir u`lken jastag`i adamnin` minez-kulqina sa`ykeslestirip qoymastan, uliwmalasqan tu`sinikler menen de muwapiqlastiradi. Baslawish bilimlendiriw jasindag`i balada dosliq, o`z-ara ja`rdem, sadiqliq, jaqsiliq haqqinda uliwma ko`z-qaraslar, tu`sinikler qa`liplesedi.

6-7 jasta balalar o`z-o`zinen ju`z beretug`in a`dep-ikramliliqtan sanali a`dep-ikramliliqqa o`tedi. Olar ushin a`dep-ikramliliq normasi adamlar arasinda o`z-ara qatnasiqlardi retlestiriwshi sipatinda ha`reket ete baslaydi. Baslawish bilimlendiriw jasindag`i bala ja`ma`a`tlik jumis tabisli boliwi ushin normani saqlaw za`ru`rligin tu`sinedi. U`lken jastag`i adam ta`repinen normanin` saqlaniwin sirttan qadag`alaw za`ru`rligi bolmaydi. Balanin` o`zin tutiwi, ha`tte u`lken jastag`ilardin` joqlig`inda ha`m eger bala o`z is-ha`reketinin` jazalanbaytug`inina isengen jag`dayda da a`dep-ikramli boladi ha`m onin` normalarin buziwdan ol o`zi ushin hesh qanday payda ko`rmeydi.

Baslawish bilimlendiriw jas da`wirinde balanin` a`dep-ikramliliq tu`sinikleri onin` ku`ndelikli turmisina ta`sir etedi. Real turmista bala a`dep-ikramliliq ha`reketler islewge ha`m daw-ja`njellerdi sheshiwge umtiladi, bunda a`tirapindag`ilarg`a sezimtalliq, emotsionalliq bag`darlang`anin ko`rsetedi.

Sonliqtan, moral`liq oy-pikirler ha`m bahalawlardi rawajlandiriw za`ru`r, biraq bul a`dep-ikramliliqti rawajlandiriw ushin jetkiliksiz boladi. En` baslisi - moraldin` normasi balanin` haqiyqiy o`zin tutiwin ta`rtiplestiretug`in sharayat du`ziw, yag`niy a`dep-ikramliliq sanasi menen a`dep-ikramliliq jaqtan o`zin tutiwi arasinda baylanis ornatiw bolip tabiladi. Balanin` sanasi na`tiyjeden normani orinlaw protsesine o`tedi ha`m ol normanin` o`zi ushin-aq oni saqlaydi, sebebi basqasha ha`reket ete almaydi. Al normani saqlaw bolsa mektepke shekemgi jastag`i bala ushin emotsionalliq bekkemleniw bolip ha`reket etedi.

Solay etip, baslawish bilimlendiriw jas da`wirinde balalardin` a`dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwinin` tiykarg`i o`zgeshelikleri to`mendegiler bolip tabiladi:

- ❖ balalarda da`slepki moral`liq pikirler ha`m bahalawlar, a`dep-ikramliliq normasinin` ja`miyetlik ma`nisin tu`siniw qa`liplesedi;

- a`dep-ikramliliq tu`siniklerinin` ta`sirshen`ligi artadi;
- balada sanali a`dep-ikramliliq payda boladi, yag`niy ol o`zin tutiwin a`dep-ikramliliq normasina baylanistira baslaydi.

Demek, balalardin` aynala-a`tiraptag`ilarg`a bolg`an o`z-ara qarim-qatnasi rawajlanip, a`dep-ikramliliq normani saqlaw ha`m emotsionalliq bekkemleniw protsessi bolip o`tedi.

Oqiwshilardin’ ja’miyetke, miynetke, adamlarg’a ha’m o’zine qatnasin xarakterlewshi qatnasdi ta’rbiyalaw, sanag’a, sezimge, ha’m balalardin’ minez qulqina ta’sir etiwge arnalg’an. A’dep-ikramliliq ta’rbiyasinin’ uliwma sistemasinda usi ta’rbiyanin’ pikirlew, bahalaw, tu’sinik beriw topari a’hmiyetli orin iyeleydi. Bul toparg’a etikaliq gu’rrin’lesiwler, a’dep-ikramliliqqa baylanisli gu’rrin’ler, oqiwshilar konferentsiyalari kiredi.

Etikaliq gu’rrin’lesiwler o’spirim a’wladqa a’dep-ikramliliq bilimlerdi o’zlestiriwge, oqiwshilarda etikaliq ko’rsetpeler menen tu’siniklerdi payda etiwge, sol temadag’i mashqalalarg’a qizig’iwshiliqqa ta’rbiyalawg’a, a’dep-ikramliliq xizmetti bahalawg’a umtiliwg’a mu’mkinshilik beredi.

Etikaliq gu’rrin’lesiwdin’ basli waziypasi-oqiwshilarg’a minez-quliqti, a’dep-ikramliliq ta’jiriybesin tu’sindiriw, ta’rbiyalaniwshilarg’a a’dep-ikramliliq ko’z-n’araslardi bahalawdi bilimdi u’yretiw.

Etikaliq gu’rrin’lesiw balalardin’ ku’ndelikli turmisinan aniq faktler ha’m waqiyalardi ko’rkem a’debiyattan, baspa so’zden, kinofil`mlerden u’lgilerdi analizlew ha’m dodalawdan du’ziledi. Etikaliq gu’rrin’lesiwlerdin’ ayriqshalilig’i sonda bul balalardin’ a’dep-ikramliliq is-ha’reketleri haqqinda pikirlerin ha’m duris baha beriwin o’zleri islep shig’iwg’a iytermeleydi.

Baslawish klasslarda mug’allim minez-quliq ma’deniyati, oqiwshilar qa’desi boyinsha gu’rrin’lesiw sho’lkemlestiriledi.

Etikaliq gu’rrin’lesiwdin’ ta’rbiyaliq ta’sirin A.S.Makarenko joqari bahaladi. «Menin’ kollektivimde ha’r bir maral temasinda bolg’an gu’rrin’nen keyin, ayirim waqiyalardi ha’m mashqalalardi dodalawdan keyin, menin’ kollektivim tez ha’m quwanishli tu’rde qaytadan janlang’ani esimde»-dedi ol. «Birneshe ret qayta-qayta

o’tkerilgen etikaliq gu’rrin’lerden son’ menin’ kollektivimde u’lken filosofiyaliq emleniw bolip o’tti».

Bunday unamli na’tiyjeni jaqsi tayarlang’an ha’m uqipli o’tkerilgen gu’rrin’lesiw g’ana payda ete aladi. Gu’rrin’lesiw temasin tan’law balalardin’ jas ayirmashilig’ina, a’dep-ikramliliq ta’rbiyasina, da’rejesine balalar ja’ma’a’tinin’ o’siwine baylanisli. Mug’allim balalar menen olardi qanday mashqalalar qiziqtiratug’ini, gu’rrin’lesiw waqtinda nelerge qaraw kerekligi jo’ninde ken’esedi. Mug’allimge ha’m klass basshisina «Oqiwshilardi ta’rbiyalawdin’ u’lgi mazmuni» ja’rdem etedi, onda a’dep-ikramliliq ta’rbiyasi boyinsha klasstan sabaqlardin’ tematikasi berilgen. Baslawish klasstin’ mug’allimine etikaliq gu’rrin’lerdi o’tkeriwge, onin’ tematikasin aniqlawg’a, «A’dep-ikramliliq ta’rbiyasinin’ a’lipbesi» qollanbasi u’lken ja’rdem ko’rsetedi.

Etikaliq gu’rrin’lesiwdi baslawish klasslarda o’tkeriwdin’ ayriqshalilig’i sonda, bul jerde instsenirovkalardi, ko’rkem shig’armalardan u’zindiler oqiw mu’mkin. Mug’allimler jumisi a’meliyatindag’i a’dep-inramliliq ta’rbiyasinin’ forma ha’m metodlari arasinda etikaliq temadag’i gu’rrin’ ken’ qollaniladi. Oqiwshilar gu’rrin’ ja’rdeminde maral`liq tu’sinikler jo’ninde o’z tu’siniklerin toliqtiradi, a’dep-ikramliliq ta’jiriybelerin bayitadi. gu’rrin’ o’zinin’ mazmuni boyinsha balalardin’ turmis ta’jiriybesine jaqin, olarg’a tu’sinikli boliwi kerek. A’dep-ikramliliq ta’rbiyasindag’i etikaliq temadag’i gu’rrin’di paydalana otirip, mug’allim oni o’tkeriwdin’ ornin ha’m waqtin belgileydi.

Etikaliq temadag’i gu’rrin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasinda unamsiz obrazlardi ken’nen paydalaniwg’a mu’mkinshilik beredi. Ulli watandarliq uris qaxarmanlari haqqindag’i gu’rrin’ler, a’sirese, kishi ha’m orta jastag’i mektep oqiwshilarin o’zine tartadi.

Balalar o’zlerinin’ ha’reketlerin bahalawg’a u’yrenedi, o’zin-o’zi ta’rbiyalawdin’ da’stu’rin du’zedi, qaxarmanlarg’a elikley baslaydi. Bunda mug’allim tek g’ana unamli is-ha’reketlerdi aship g’ana qoymaydi, al satqinliq, hiykerlik, a’shko’zlik u’stinen ku’liwge ta’rbiyalaydi.

Oqiwshilardin’ a’dep-ikramliliq ta’rbiyasinda ekskursiya u’lken a’hmiyetke iye. Ekskursiya oqiwshilar menen oqiw sabaqlari barisinda alip bariladi. Oqiwshilar menen ekskursiya oqiw jili dawaminda ha’r qiyli maqsetlerde o’tkeriledi. Ekskursiyanin’ temasi ha’r qiyli. Balalar «Qalamizdin’ jan’a qurilislari» «Bizin’ ata-analarimiz minnetleri» t.b. ekskursiyalarina qatnasadi.

Mug’allim ekskursiya a’dep-ikramliliq jaqtan bahali boliw ushin ja’ma’a’tte emotsionalliq qatnas qa’lpin payda etedi, oqiwshilar arasinda ta’rbiyaliq waqtinan baslap tapsirmalardi bo’listiredi, oni ekskursiya waqtinda orinlawg’a tayarlaydi.

Ta’biyatqa ekskursiyag’a shig’iw a’dep-ikramliliq ta’rbisinin’ o’z aldina mektebi bolip esaplanadi. Olar balalardin’ ha’r qiyli topari menen o’tkeriledi. Bunday ekskursiyalar mug’allimge balalardi o’z wataninin’ iyeleri boliw sezimlerine ta’rbiyalawg’a, ta’yobiyatqa abayli qatnas jasawg’a mu’mkinshilik beredi.

Klasstan tis jumislar oqiwshilarg’a ko’rsetiletug’in maqsetke bag’darlang’an pedagogikaliq ta’sirdin’ waqtin uzaytadi, ol oqiwshilardin’ sabaq waqtinda alg’an bilimlerin ken’eytiwge ha’m teren’lestiriwge, balalardin’ uqipliliqlarin rawajlandiriwg’a, olardin’ wa’r qiyli mazmundag’i qizig’iwshiliqlarin ken’eytiwge, bos waqitlarin sho’lkemlestiriwge mu’mkinshilik beredi.

Baslawish klass mug’allimleri ha’m klass basshilari ta’repinen sho’lkemlestirilgen balalardin’ ja’ma’a’tlik xizmetinin’ ha’r qiyli tu’rleri olardin’ jas o’zgesheliklerin esapqa aliwdi talap etedi. Solay etip, baslawish klass oqiwshilarinin’ xizmetin sho’lkemlestirgende bul jastag’ilardin’ o’zine ta’n o’zgesheliklerin; ha’reketshen’lik oylawinin’ aniqlig’i; u’lken ta’sirshen’lik~ eliklewshilik h.t.b. esapqa aliniwi tiyis.

«Kadrlar tayarlawdin’ milliy da’stu’ri» ha’m «Bilimlendiriw haqqindag’i» nizamlar da’wirimizdin’ sotsial-ekonomikaliq ha’m ilimiy texnikaliq rawajlaniw tarawinda keleshek talaplarina muwapiq qabil etildi. En’ da’slep ta’lim-ta’rbiya protsesissinde kishi jastag’i bala shaxsin rawajlandiriwdin’ teoriyaliq negizlerin jaratiwshi ha’m ta’rbiya protsessin sho’lkemlestiriw ushin za’ru’r bolg’an

ko'nlikpe, uqipliliqlar menen quramlantiriwshi pa'nlerdin', yag'niy psixologiyaliq ha'm pedagogikaliq tsikldin' rolin ku'sheyttiriw lazim.

Ta'biyatqa muxabbat, ta'biyat go'zzalliqlarin su'yiw, ta'biyattan u'nemli paydalaniw ideyalarin kishi mektep jasinan baslap oqiwshilar sanasina sin'dirip barilsa ha'm bul ideyalar joqari klasslarda dawam ettirilse, gu'rlengen maqsetke erisiledi. Sonda g'an «Ekologik krizis», «Ta'biyat ta'slimi» degen tu'siniklerge ba'rha'm beriledi.

Oqiwshilardin' ta'biyatqa qizig'iwshilig'in arttiriw arqali olarg'a bilim ha'm ta'rbiya beriw, estetikaliq sezimlerin qa'liplestiriwde ta'biyat go'zzallig'in seziw ha'm ta'biyat bayliqlarin asirap-saqlawda oqiwshilarda juwapkershilik sezimlerin payda etiwde kishi jastag'i oqiwshilarda o'tiletug'in ha'r bir pa'n arqali ha'm sol menen birge klasstan tisqari orinlanatug'in isler, yag'niy ta'biyat qushag'ina uyimlastirilg'an ekskursiyalar, gu'rrin'lesiwler, oqiwlar ha'm basqa isler a'hmiyetli rol` oynaydi.

Ekskursiyalarg'a, sa'yirlerge shig'iw oqiwshilardin' ta'biyatqa tiyisli ishki sezimlerin ja'ne de arttiradi, ta'biyat ha'm onin' go'zzallig'i haqqindag'i oy-o'risin bayitadi. Oqiwshilardin' ta'biyat qushag'inda boliwi olarda eskekikaliq keshirmelerdi payda etedi, yag'niy ta'biyat o'z go'zzalig'i, ra'n'ba'ren'ligi, jag'imli iyisleri menen birge seziw organlarina ta'sir etip, oqiwshilarda do'gerek a'tirapti bilip aliwg'a qizig'iwshiliq ha'm za'ru'rlik ha'm de ta'biyat bayliqlarin asiraw haqqinda qayg'iriw tiegin payda etedi. Balalar quslardin' sayrawi, gu'beleklerdin' ushiwi, o'simliklerdin' ha'r qiyli ren'de gu'llewin ko'rip quwanadi ha'm estetikaliq zawiq aladi.

## 3.2.Baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa'liplestiriw arqali a'dep ikramliliqqa ta'rbiyalawda ortaliqtin' ta'siri.

Baslang'ish klasslarda oqiw ha'm ta'rbiya sabaqlari oqiwshilarg'a watansu'yiwshilik, ana-watang'a muxabbat, a'tirap-ortaliqti go'zzal ha'm ko'rkem etiwge qizig'iwshiliq oyatadi. Baslawish klass oqiwshilarinda dosliq qatnasti qa'liplestiriw arqali a'dep ikramliliqqa ta'rbiyalawda ortaliqtin' ta'siri og'ada ulli. Sebebi balani a'dep-ikramli etip ta'rbiyalaw birinshi gezekte onda Ana Watang'a

degen su’yispenshilikti, ana ta’biyatqa degen muxabbatti qa’liplestiriw arqali g’ana erisemiz. «Ta’biyat insan tu’singende g’ana ta’biyat ulli ta’rbiya (negizi) bolip qaladi»-degen edi V.A.Suxomlinskiy. Klasstan tisqari isler arqali balalar jasliqtan baslap insang’a, onin’ ku’sh-qu’direti ha’m jaratiwshiliq xizmetine ha’wes penen qaraw ha’m analizlew tilegi qa’liplesedi. Ta’biyat qushag’ina uyimlastirilg’an sayirlar baslang’ish klasslarda o’tilgen «A’tirapimizdag’i ta’biyat» ha’m «Ta’biyattaniw» pa’nleri arqali aling’an teoriyaliq bilmlerdi ken’eytiredi ha’m bekkemleydi, sol waqitta oqiwshilardin’ awizeki so’ylewi o’siriledi. Sonin’ ushin klasstan tisqari islerdin’ mazmunina ta’biyattin’ o’z-ara baylanislari haqqindag’i to’mendegi bilm ha’m uqipliliqlari kirgizilse maqsetke muwapiq boladi:

-suw, hawa ha’m topiraq o’simlik ha’m haywanlardin’ jasawi ushin ortaliq bolip esaplanadi, degen tu’sinikti rawajlandiriw;

-o’simliklerdin’ topiraqta, haywanlardin’ suwda ha’m qurg’aqliqta jasawg’a maslasqanlig’in u’yretiw;

-ortaliqtin’ o’zgeriwi organizmlerdin’ jaqsi rawajlaniwi yaki joq boliwina alip keliwi,o’simlik ha’m haywanlardin’ ta’biyatta ayriqsha emes, al bir-biri menen baylanisqan halda jasawi;

-ta’biyatta insannin’ rolin balalarg’a teren’ ha’m ken’ bilim beriw arqali ko’rsetiw;

-sabaq temasina qaray respublikamizdin’ ta’biyat bayliqlarinan u’nemli paydalaniw ha’m ta’biyatti qorg’aw haqqinda shiqqan ayrim qararlar menen oqiwshilardi tanistirip bariw.

Bunnan tisqari ta’biyattan tuwri paydalaniw ha’m oni qorg’aw ushin o’simlikler du’n`yasi, haywanlardin’ turmisi, hawa, suw, paydali qazilmalar, quyash nuri, issiliqtin’ xarakteri o’zgeshelikleri, ku’n menen tu’n, jil pasillarinin’ almasip turiw sebeplerin jaqsi wyrenip bariw oqiwshilarg’a tu’sindiriliwi kerek.

Oqiwshilardi ta’biyatti tu’siniw, biytakrar go’zzalliqti ko’riw, estetikaliq seziw ko’nlikpelerin ta’rbiyalawg’a ayriqsha itibar qaratiw lazim. Tilekke qarsi, keyingi waqitlarda ta’biyat go’zzalliqlarina keri ta’sir ko’rsetiwshi ta’shwishli ekologikaliq jag’daylar ju’zege kelmekte.

Baslawish klassta «A’tirapimizdag’i du’n`ya» pa’nin anna tili, oqiw pa’nleri menen tig’iz baylanista alip bariw maqsetke muwapiq. Sebebi, anna tili, oqiw kitaplarindag’i tekst ha’m shinig’iwlar ta’biyat ha’diyseleri, insanlar miyneti haqqinda jazilg’an. Sonni esapqa alip «A’tirapimizdag’i du’n`ya»ni u’yreniw ushin ajiratilg’an ha’ptelik (bir saat) waqitti mektep a’tirapinda, ta’biyatta, mektep ha’wlisinde, ta’biyat qushag’inda sayir etiw arqali o’tkeriw jaqsi na’tiyje beredi. Balalar do’gerek a’tiraptag’i zatlardi ko’redi, o’simlik ha’m haywanatlar du’n`yasinda bolip atirg’an ma’wsimlik o’zgerislerge guwa boladi, ta’biyat penen qatnasiqti u’yrenip aladi. Bunda oqiwshilar qurilip atirg’an ha’diyse, dene, ta’biyat bo’leklerin ko’rip baqlaw na’tiyjesinde alg’an su’wretlemelerin so’ylep beriwge u’yrenedi.

Uyimlastirilg’an sayirdin’ ha’r biri oqitiwshi oqiw sabag’inda baylap tan’lang’an yaki belgilengen da’stu’rge sa’ykes bolg’an halda o’tkeriledi.

2-3-klasslarda to’mendegi temalarda sayir uyimlastiriw mu’mkin:

1-ha’pte sayirdin’ temasi: Mektebimiz a’tirapindag’i ta’biyat.

Bunda:

-oqiwshilar ta’rtip penen mektep baqshasina alip shig’iladi;

-mektep baqshasindag’i gu’lzarliq, ag’ar suw, terekler, egin egilgen maydan menen tanistiradi;

-o’simlikler ne maqsette egilgenligi haqqinda gu’rrin’lesiw uyimlastiradi;

-Sol ko’rilgen na’rselerdin’ ha’mmesi ta’biyat ekenligi tu’sindiriledi.

2-ha’pte. Sayirdin’ temasi: ”Hawa rayinin’ qisqi halati menen tanistiriw”.

Bunda itibar to’mendigilerge qaratiladi:

-hawada bultlar gu’zdegige qarag’anda a’dewir ko’beygen;

-ku’nler suwiq, izg’irg’an samal espekte;

-bult gu’zdegi qarag’anda a’dewir pa’s qalin’;

-g’arg’a siyaqli qisqi quslardin’ kelgenligine itibar beriledi.

Shinig’iw balalar ushin ja’ne de qiziqli boliw ushin to’mendegi qisqasha gu’rrin’lesiw o’tkeriledi:

1. Bultli ku’nlerde qanatli shimalay payda bolsa, jawin jawadi;

2. Bayiwli qa’weterlenip qishqira baslasa, tez arada hawa o’zgerip bultlar payda boladi;

3. Tirnalar waqtinan burin uship kelse, ba’ha’r erte keledi;

4. Keshke taman batip atirg’an quyashtin’ qizg’ish nurlari u’stinde qara bullt payda bolsa, ertesi ku’ni hawa ashiq boladi;

5. Qarlig’ashlar jer bawirlap ushsa, hawa jaqsi boladi.

3-ha’pte. Sayirdin’ temasi: Ta’biyatqa ekskursiya.

Balalardi bag’ yamasa eskertkishlerge ekskursiyag’a alip shig’iw, alg’an kewil keshirmelerin o’zlerine gu’rrin’ etkiziw so’ylewin o’siriwde u’lken a’hmiyetke iye. Oqitiwshi ekskursiya arqali oqiwshilardi ta’biyatti ja’ma’a’t bolip baqlawg’a, na’rse ha’m ha’diyseler haqqinda tu’sinik payda etiwge ha’m olardi este saqlawg’a, ta’biyatti su’yiwge ha’m oni saqlawg’a u’yretedi.

Baslawish klass oqiwshilarinin’ so’zlik baylig’in arttiriw maqsetinde olardi mektep janindag’i xojaliq bag’ina ekskursiyag’a alip shig’iw, ekologiyaliq du’n`ya qarasin ta’rbiyalawg’a, ha’diyselerdi baqlawg’a, ta’biyat kolendarin ju’rgiziwge u’yretiledi.

Ekskursiya aldinan oqitiwshi oqiwshilarg’a onin’ maqseti ha’m o’tkeriw ta’rtibin tu’sindiredi, bul sabaq klassta emes, al ta’biyat qushag’inda o’tkeriliwin ayriqsha atap o’tedi. Oqitiwshi kishi jastag’i oqiwshilarg’a ta’biyattin’ ma’wsimlik o’zgerisleri haqqinda toliq gu’rrin’ etip beredi. Bag’qa, dalag’a, parke ekskursiya uyimlastirilg’anda oqiwshilardin’ diqqati a’weli sol jaylardin’ ko’rinisi, ra’n’ba’ren’ligi, tu’ske engen terekler, tiniq ko’p-ko’mbek aspan, anda-sanda ju’zip ju’rgen bultlar, jarqirap turg’an quyashqa qaratiladi. Bunda a’welden tayarlap qoyg’an to’mendegi sorawlar beriledi:

1. Bu’gin hawa qanday?

Juwap: «Bu’gin hawa jaqsi»

2. Siz bag’ ko’rinisi haqqinda ne deysiz?

Juwap: «Bag’ shirayli bag’dag’i terekler Sari, jasil ren’de».

3. Bul qanday terek?

Juwap: Bul jiyde (alma, erik) teregi.

Oqiwshilarg'a ekskursiya haqqinda u'yge tapsirma jazip keliw tapsiriliwi mu'mkin. Bunnan tisqari oqiwshilardin' qorshag'an ortaliqqa bolg'an qizig'iwshilig'in arttiriw ushin qosimsha tapsirma sipatinda barliq balalarg'a o'z u'y a'trapin baqlap, kishi-kishi gu'rrin'ler du'zip keliw tapsiriliwi mu'mkin.

U'lketaniw materiallari tiykarinda klasstan ha'm mektepten tisqari islerdi usi taqilette sho'lkemlestiriw ha'm bunday ilajlarg'a baslang'ish klasstan baslap jaslardi ko'birek qiziqtiriw, ekologiyaliq ta'lim-ta'rbiyanin' mazmunin bayitiwg'a ken' imkaniyatlar ashіp beredi. Olar watanimizdin' go'zzal ta'biyati, tariyxiy obidalari, awil, qala ha'm walayatlari, ma'deniy miyrasi, ha'zirgi bayliqlari, zavod ha'm fabrikalari, tawlari, bag'lari, ka'nleri, haywanat du'n`yasi, suw ha'wizleri, tu'rli da'ri-da'rmaq o'simlikleri, xaliq o'nermentshiligi, u'rp-a'detleri, da'stu'rleri, awizeki do'retiwshiligi menen tanisadi.

Na'tiyjede oqiwshilardin' so'ylewi, oy-o'risi rawajlanadi, da'stu'r boyinsha alg'an o'z bilimlerin ja'ne de ken'eyedi, bekkemlenedi, xalqina, watanina mehr-saqawatli sezimleri ja'ne de artadi.

Baslawish klasslarda balalardi estetikaliq jaqtan ta'rbiyalawda ko'rkem-o'nerdin' ha'r tu'ri ha'm janrlarinan muzika, su'wretshilik, xaliq a'meliy o'neri ha'm a'debiyat paydalaniladi.

Ko'rkem-o'ner joqari zawiqtin', adam quwanishinin' tawsilmas negizi bolip xizmet etedi. Sonin' menen bir waqitta ol ha'r bir adamnin' rawajlaniwi, ruwxiy bayiwi ushin da qural bola aladi. Ko'rkem a'debiyat adamnin' sezimlerine ta'sir etse, ishki keshirmeler adamda pikirlewdi oyatadi. Qiziqli ertek yaki su'wret balada pikirler oyinin oyatadi. Bul haqqinda S.Ya.Marshak sonday degen edi: «Qizil qalpaqsha» ertegin alalar qatarina 20 ma'rte esitiwge tayar. Bug'an sebep ertek o'z du'zilisi boyinsha aniq, onin' logikasi ha'm motivi izbe-iz, ha'r qanday bala o'zinin' ertektegi qaharman ornina qoya aladi ha'm «Qizil qalpaqsha»ni oynay aladi. Ko'rkem o'nerdin' ha'mme tu'rleri-a'debiyat, muzika, su'wretshilik, skul`ptor, teatr, kino balalarg'a tu'sinikli.

Baslawish klass oqiwshilarinda qosiq aytiw, ayaq oying'a tu'siwde tiykarinan xaliq awizeki do'retiwshiligi shig'armalarinan paydalaniladi. Bul

oqiwshilardi a'dep-ikramliliq, estetikaliq ta'rbiya ushin a'hmiyetli qural boladi. Oqiwshilar xaliq qosiqlari ha'm obrazlarin atqara otirip, xaliq tili ha'm qosig'inin' rawajlig'in bilip aladi. Bul balalarda watan su'yiwshilik qa'biletliligin ta'rbiyalaydi.

Ha'r qiyli sa'nelerge baylanisli o'tkeriletug'in bayramlar balalarg'a teren' ta'sir etedi. Bayramnin' ta'rbiyaliq ku'shi ha'm o'zine ta'nligi, onin' ideyaliq ha'm estetikaliq mazmuni ko'rkem o'nerdin' tu'rli ko'rinisleri menen baylanisli boladi. Ha'r bir bayram o'z ideyalarina iye bolip, ol balalarg'a jarqin obrazlar arqali ta'sir ko'rsetedi.

Bunnan tisqari mektepte ha'r bir pa'n boyinsha pa'n do'gerekleri sho'lkemlestiredi. Bug'an sol pa'n boyinsha qizig'iwshilig'i ku'shli balalar o'z qa'lewiboyinsha qatnasadi. Bunday do'gereklerde balalar o'zi qiziqqan pa'nnin' barliq ta'replerin teren' u'yreniwge, o'z betinshe islewge u'yretedi. Ma'selen «Ana tili» do'geregi oqiwshilarg'a tiyisli da'rejede ha'r ta'repleme bilim beriwde u'lken xizmet atqaradi. Mektepte til boyinsha klasstan tis jumistin' tiykarg'i waziypasi to'mendegilerden ibarat:

a) balalardi ruwxiy jaqtan jetilisken etip ta'rbiyalaw, olardin' ja'miyetlik jumisqa do'retiwshilik belsendiligin arttiriw.

b) Oqiwshilardin' psixologiyaliq jaqtan rawajlaniwina itibar beriw, miynet su'ygishligin duris qa'liplestiriw.

s) oqiwshilardi tildi u'yreniwge qizig'iwshilig'in arttiriw.

d) oqiwshilardin' ja'miyetlik paydali jumisqa belsendiligin arttiriw

e) oqiwshilardin' do'retiwshilik uqipliliqlarin qa'liplestiriw

Til boyinsha klasstan tis jumis mekteptegi basqa pa'nler boyinsha o'tkeriletug'in klasstan tis jumislar siyaqli oqiw-ta'rbiya isinin' birden-bir ajiralmas bo'legi bolip esaplanadi.

### 3.3. Baslawish klasslarda alip barilatug’in ta’rbiyaliq saatlarda dosliq qatnasti qa’liplestiriw arqali a’dep-kramliliqqa ha’disler ha'm ertekler misalinda ta’rbiyalaw.

Ha’mmege ma’lim, ha’r qanday pedagogikaliq texnologiya ta’limnin’ rawajlandiriwshi printsiplerine tiykarlang’an bolip, ol oqiwshi shaxsina bag’darlang’an boliwi kerek. Solay eken, oqitiwshi ha’m oqiwshi, ata-ana ha’m oqiwshi, ata-ana ha’m oqitiwshi, oqiwshilardin’ bir-biri menen birgeliktegi isleri, o’z-ara qatnasi, bir-birine ta’siri yag’niy insaniyliq, a’dep-ikramliliq ta’replerin qa’liplestiriw en’ zamanago’y ha’m milliy talaplar tiykarinda, oqitiwshi ha’m ata-analardin’ birgelikte islew uqipliliqlari qa’liplesedi.

Interaktiv usillar tiykarinda sho’lkemlestirilgen, yag’niy birgelikken islewge tiykarlang’an ta’limde oqiwshilar o’z-ara pikir almasadi, ha’r bir oqiwshi o’zi, topari, klassi ushin juwap beriwge ha’reket etedi, o’z-ara isenim payda boladi, ha’r bir oqiwshig’a basshiliq rolin orinlaw ushin imkan beriledi ha’m usinin’ na’tiyjesinde o’z-ara dosliq qatnas qa’liplesip baradi.

Oqiw jili basinda o’tkeriletug’in ta’rbiyaliq saatinin’ tiykar bolip ha’m sol protsesste keyingilerge fundament quriliwi kerek. Bunin’ ushin bolsa baslawish klass oqiwshilari menen birgelikte ta’rbiyaliq saat o’tkeriw qag’iydalari islep shig’iwi lazim. Bul protsess «aqiliy hu’jim» usilinda o’tkeriledi, yag’niy oqitiwshi taxtag’a za’ru’r bolg’an qag’iydaladi birme-bir jazip, bir jola toliqlap baradi. Demek, oqiwshilar boysiniwi kerek bolg’an qag’iydalardi taliqlap, birgelikte qabil etiwi za’ru’r.

Ma’selen:

- o’z-ara hu’rmet
- «on’ qol» qag’iydasi, yag’niy qol ko’terip so’ylew,
- birin-biri esitiw
- qisqa so’ylew
- initsiativlilik
- do’retiwshen’lik
- «siyqirli so’zler» den paydalaniw

Oqitiwshinin’ waziypasi joqarida qabil etilgen qag’iydalardi birme-bir talqilaw. Usi arqali oqiwshilarda o’z-ara hu’rmet, dosliq, adamgershilik siyaqli a’dep-ikramliliq qa’siyetlerin ta’rbiyalap baradi ha’m bir-birine ortaliq arqali ta’sir etiwge u’yrenedi.

Baslawish klassta o’tkerile`ug’in ta’rbiyaliq saatlar oqiwshilardi bag’ri ken’lik, insaniy tuyg’ilardi qa’liplestiriwde, o’zin shaxs sipatinda seziniwge ja’rdem beredi. Insandag’i bar ku’shler ha’m ha’lsiz ta’repler haqqinda pikir ju’ritiw, o’zinin’ unamli ta’replerin ko’beytiwge tu’rtki boladi.

Ta’lim-ta’rbiya ma’selesi, quramali ken’ ko’lemli ma’selelerden biri. Bunday juwapkershilikli isti shan’araq, ma’ha’lle, mektep, ken’ ja’ma’a’tshilik penen birgelikte alip bariw a’hmiyetli orin iyeleydi. Sonliqtan pedagoglar oqiw-ta’rbiyaliq protsesske shan’araq, ma’ha’lle, ken’ ja’ma’a’tshilik wa’killerin shaqiriw, qatnastiriw maqsetke muwapiq boladi. Baslawish klasslarda oqiwshilar menen alip barilatug’in ta’rbiyaliq saatlar balalarda ortaliqta o’zin qalay uslaw, u’lken kishige qatnas jasawdi, o’zinshe pikirlewge u’yretedi. Ha’r bir ta’rbiyaliq saat o’z atina iye. Ma’selen: «Menin’ familiyam» klass ta’rbiyaliq saatinin’ o’tkeriliwine toqtayiq.

Maqseti: Oqiwshilardin’ negizleri, a’wladlari haqqindag’i bilimlerin bayitiw, shan’araqliq da’stu’r ha’m a’detler menen tanistiriw, o’zinin’ ha’m basqalardin’ a’wladina hu’rmetti asiriw, o’z shan’arag’i, negizi, a’wladi, da’stu’rlerine juwapkershilikti sezdiriw, da’wirler arasindag’i baylanisliliqti tu’siniw.

Sha’rti: Oqiwshilar, ata-analar ha’m oqitiwshi menen birgelikte o’tkeriledi. Na’wbet arqali o’zleri menen tanistiradi. Shinig’iwda ata-analar, ma’ha’lle wa’killeri de qatnasiwi mu’mkin. Biraq oqiwshilardin’ aktivliligine ta’sir ko’rsetpewi kerek. Oqiwshilar to’mendegi sorawlarg’a juwap beriwi za’ru’r:

1. Familiyan’ kim?
2. Ol kim bolg’an?
3. Basqalarg’a qaysi ta’repimiz benen uqsaymiz?
4. Basqalardan ne menen parq qilamiz?
5. Ma’ha’llede familiyalaslarin’iz barma?

6. Olar qarindaslarin’iz ba?

Oqitiwshi oqiwshilarg’a aldinnan waziypa etip, «Shejire teregin» jasatiw kerek. O’zin tanistiriw protsessinde Terek arqali qisqa tu’sindiriwge erisiw mu’mkin.

Milliy ta’rbiya bag’dari arqali jaslarda o’zligin an’law, watansu’yiwshilik, dosliq qatnas ma’deniyati ha’m paziyletleri qa’liplestiredi, sonday-aq, aqiliy, a’dep-ikramliliq ta’rbiya bag’darlari a’melge asiriladi.

Balanin’ qanday insan bolip jetilisiwi oqitiwshi, ata-ana ta’rbiyasi ha’m qorshag’an ortaliq ta’sirine baylanisli. Bala jaslig’inan ata-anasi, ustazi, doslari, a’tiraptag’i adamlardan ruwxiy aziq aladi, olarg’a elikleydi, ko’p g’ana u’rp-a’detlerdi, minez-quliqti o’zlestiredi. Bala ta’rbiyasinda olardin’ jasina, ruxiyat ha’m tu’sinigine, minez-qulqina ayriqsha a’hmiyet beriw za’ru’r.

Qullasi, ta’rbiya islerin birgelikte alip bariw barqulla unamli na’tiyje bergen. Ta’rbiyanin’ o’z waqtinda, jeterli da’rejede beriliwi shan’araqtin’, mekteptin’, ma’ha’llenin’ tinishlig’i bolip esaplanadi. Ha’r bir shan’araq baxitli bolsa, ja’miyet gu’llep jasnaydi, rawajlanadi, du’n`yag’a taniladi. Insan ruwxiylig’inin’ qa’liplesiwinin’ tiykari onin’ a’dep-ikramlilig’i bolip esaplanadi.

A’dep-ikramliliq - bul insanlar ortasindag’i hadalliq, insanparwarliq penen baylanisqan a’dalatli mu’na’siybetler esaplanadi. Insannin’ belgili bir jag’dayda bolip atirg’an waqiya ha’m ha’diyselerge erkin baha beriw, o’z mu’na’siybetin bildiriw, ja’miyetlik qatnaslar negizinde ayrim shaxs sipatinda bar bolg’an insannin’ o’zin-o’zi basqara aliwi, belgili ko’z-qaraslarg’a iye boliwi, o’z-ara qatnasiqta ja’miyetlik o’lshemlerge boysiniwi onin’ ruwxiy kelbetin ko’rsetedi.

A’dep-ikramliliq o’lshemlerdi biliw ha’m olarg’a a’mel etiw ortasindag’i pariq insan a’debinin’ su’wretlemesi sanaladi. A’dep insannin’ a’tiraptag’ilar menen bolg’an qatnasi, sa’lemlesiw, u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet, ja’miyetshilik arasinda ha’m shan’araqta o’zin tuta biliwinen baslanadi. Mine, usinday ortaliqtag’i a’dep-ikramliliq qa’siyetlerdi baslawish klass oqiwshilarina sin’diriwde klass ta’rbiya saatlarinda ertek, ha’dislerden paydalang’an halda o’tkeriw maqsetke muwapiq. Sebebi, kishi jastag’i balalar ko’binese, ertek, ha’dis

aytip beriwdi jaqsi ko'redi. Olarg'a ertek qaharmanlari, olardin' xarakterleri, is-ha'reketleri, jaqsiliq-jamanliq, hadal-haram, dos-dushpan ka'bi qa'siyetlerdin' hasil ma'nisin aship ko'rsetiwge imkan jaratadi.

Baslawish ta'lim mektep oqiwshilarinin' a'dep-ikramlilig'in qa'liplestiriw isleri sabaqta ha'm sabaqtan tisqari islerde dawam ettiriledi.

Klasstan tisqari ta'rbiyaliq islerdin' baslawish ta'lim mektepleri ushin da'stu'riy emes bolg'an formalari, usil ha'm qurallarin u'sh tu'rge bo'lip ko'rsetedi, olar to'mendegiler:

-g'alabaliq formada;

-toparlar tiykarinda;

-jeke ta'rtipte.

G'alabaliq tu'rdegi ta'rbiyaliq isler. Bularg'a o'tmishtegi ulli danishpanlar Imam Muhammed ibn Ismayil al-Buxariy ha'm Imam Muhamed at-Termiziy siyaqlilardin' tuwilg'an ku'nlerin yaki hayt bayramlarina atap sho'lkemlestirilgen keshelerdi kiritiw mu'mkin.

Topar tiykarinda o'tkiziletug'in keshelerge, bularg'a ha'dislerdi u'yreniw menen baylanisli; a'debiy kesheler, do'retiwshen'lik isler ko'rik tan'lawlari, jarislar, «Quwnaqlar ha'm tapqirlar» jarisi, «Zakawat klubi» siyaqli kiredi.

Jeke ta'rtipte sho'lkemlestirilgen ta'rbiyaliq islerge ha'dislerdi u'yreniw maqsetinde oqiwshilar ta'repinen erkin ra'wishte lektsiya tayarlaw, referat jaziw, konspekt jaziw, ha'disler keltirilgen albomlar ha'm kartochkalar du'ziw siyaqlilar misal bola aladi.

Oqiwshi ruwhiyatin qa'liplestiriwde ta'rbiyaliq isler ushin ha'dis tan'lawda to'mendegi printsiplerge a'lem qilinadi.

-Oqiwshinin' aqiliy da'rejesi, seziwshen'ligi, ruwxiy du'n`yasina, a'meliy xizmetine sa'ykesligi;

-Oqiwshinin' jeke imkaniyatlari ha'm mektep sharayatina sa'ykesligi;

-Sabaq protsessinde u'yrenilgen temani bekkemlew, toltiriw, ta'rbiyaliq ta'sirshen'ligin arttiriw, teren'lestiriwge xizmet ete aliwi.

Alip barilg’an islerdin’ na’tiyjeliligi og’an basshiliq etiw ha’m baqlaw menen xarakterlenedi. Basshiliq etiw bolsa pedagogikaliq sheberlikti, teren’ bilim ha’m do’retiwshilikti talap etedi. Arnawli o’tkeriletug’in ta’rbiyaliq islerdin’ g’alabaliq formada oqiwshilar xalqimizdin’ bay ruwxiy miyraslarin u’yreniw imkaniyatina iye boladi.

Ulli alim Imam Muhammed ibn Ismayil al-Buxoriydin’ tuwilg’an ku’nlerin o’tkeriw, oqiwshilar alimnin’ o’miri, ha’dislerdi jiynawdag’i xizmeti haqqinda sol da’wirde jasag’an basqa alimlar haqqinda bilimge iye boladi.

G’alabaliq ta’rizde o’tkerilgen ta’rbiyaliq isler xarakterine qaray, oqiwshilar ruwxiyati qa’liplesiwinin’ belgili bir ta’repin o’zinde ko’rkesiwi menen insaniyliq paziyletlerinin’ qa’liplesiwine ta’sir etedi. Usinday isler na’tiyjesinde oqiwshilar Alla bizge topirag’i hasildar, suwlari tiniq, ta’biyati ja’nnetti esletiwshi u’lkeni watan etip bergeni ha’m pidayi insanlar bolip jetilisiw lazimlig’i, Watan keleshegi o’sip kiyatirg’an jas a’wladtin’ baxit-kamali ekenligi haqqinda mag’liwmatlarg’a iye boldi. Watandi su’yiwge, oni sanali ta’rizde qa’dirlewge u’yrendi.

Oqiwshilardin’ a’dep-ikramlilig’in qa’liplestiriwde toparlar menen o’tkeriletug’in ta’rbiyaliq isler o’zine ta’n qa’siyetine iye bolip, ol sabaq protsessinde alg’an bilimlerin bekkemlew, toltiriwg’a xizmet etedi. Bul topardag’i ta’rbiyaliq isler qizig’iwshiliqlarina qaray uyimlastiriladi; g’alabaliq islerden parili ta’rizde jen’ilgen ha’m jen’gen aniqlanadi, ta’rbiyaliq isler protsessinde ha’r bir oqiwshinin’ ruwxiy qizig’iwshilig’i, qa’bileti, sanasi, ta’rbiyalang’anliq da’rejesi, ruwxiy miyrasqa qatnasi aship ko’rsetiledi, qa’biletliligin rawajlandiriwg’a ayriqsha itibar beriledi; ta’rbiyaliq isler o’tkeriwde joba, da’stu’r tiykar bolip xizmet qiladi na’tiyjeni juwmaq  ha’m bahalaw aktivlestiredi.

Toparlar tiykarinda sho’lkemlestirilgen ta’rbiyaliq isler protsessinde a’dep-ikramlilig’in qa’liplestiriw bilim, teoriyaliq, a’meliy, ja’miyetlik ruwxiy iskerlikler arqali a’melge asiriladi. Ta’rbiyaliq islerden «Jas muhaddislar jarisi» temasinda aniq da’stu’r tiykarinda alip barilg’an klasslar araliq jaris tipindegi jarista oqiwshilar ha’disler haqqinda anig’iraq ha’m tolig’iraq mag’liwmatlarg’a iye boladi.

Stsenariydin’ qisqasha ta’rtibi:

1. «Ha’disler-ruwxiyliq negizi».

2. «Ha’diske kim jaqsi tu’sinik bere aladi».

3. «Kim qansha ha’disti yadtan ayta aladi», dep atalg’an bo’limlerden ibarat. Bul islerde oqiwshilarda uliwmainsaniyliq qa’diriyatlardin’ bir bo’legi bolg’an ha’disler haqqindag’i bilimlerin ken’eytiriw, qizig’iwshilig’in o’siriw, ha’dislerdin’ mazmunin ja’ne de teren’irek tu’sinip jetilisiwine imkaniyat jaratiw edi.

Jaris u’sh basqishtan ibarat boldi ha’m toparlar qurami 5 oqiwshidan ibarat etip du’zildi. Birinshi basqishinda «Ha’disler-ruwxiyliq tiykarlari» temasinda jaris o’tkerildi. Ekinshi basqishta bolsa, «Ha’diske kim jaqsi tu’sinik bere aladi» dep ataldi ha’m bunda oqiwshilardan konvertlerde jaylasqan ha’disler tekstin oqiw ha’m olarg’a tu’sinik beriw talap etildi. U’shinshi basqishta, «Kim qansha ha’disti yadtan ayta aladi» soraw viktorinasi oynaldi, yag’niy konvert ishine jaylasqan ha’dis temalari tiykarinda oqiwshilardan ha’dislerdi yadtan aytip beriw soraldi. Ma’selen, konverte «Ata-anani hu’rmet etiw» temasi jazilg’an boliwi mu’mkin. Demek, topar ag’zalari sol tema boyinsha bilgen ha’dislerin yadtan aytiwi kerek. Ha’r bir basqish boyinsha ball jazilip bariladi ha’m aqirinda qaysi bir topar jen’ip shiqqanlig’i aniqlanadi, jen’gen topar siyliqlanadi. Bul islerdi o’tkeriw protsessinde oqiwshilar ha’disler haqqinda bir qansha mag’liwmatlarg’a iye boladi ha’m ha’r bir ha’distin’ ma’nisin tu’sinip, toliq tu’sindirip beriwge ha’reket etedi.

### 3.4. Baslawish klasslarda oqiwshilardi a’dep-ikramliliqqa ha’disler ha'm ertekler misalinda ta’rbiyalaw.

Ha’dislerdi u’yreniw na’tiyjeliligin ta’miyinlewde tartis pikir tipindegi jarislar qol keledi. Ma’selen, «Quwnaqlar ha’m tapqirlar» jarisi tipindegi o’tkerilgen ilajdin’ u’lgisin ko’rip shig’ayiq. «Quwnaqlar ha’m tapqirlar» jarisi «Oqiwshilarda ruwxiy a’dep-ikramliliq paziyletlerdi qa’liplestiriwde tutqan orni» temasinda eki komanda ortasinda sho’lkemlestiriledi:

1. Kirisiw.

Ha'mmenin' tanisiw saxna ko'rinisleri: ha'disler haqqinda mag'liwmat beriw. «Ha'dislerdin' tariyxi ha'm qa'liplesiw protsessi»

2. Tiykarg'i bo'lim:

Tema: «Ha'dislerdin' ruwxiy a'dep-ikramliliq ha'm ta'rbiyaliq a'hmiyeti»

Jaris to'mendegi tu'rde a'melge asiriladi:

a) konvert ishine saling'an qag'azda ko'rsetilgen ha'dislerdin' ruwxiy a'dep-ikramliliq ha'm ta'rbiyaliq a'hmiyetin tu'sindirip beriw

b) ha'disler tiykarinda ko'rgizbeli saxna ko'rsetiw

v) komanda sa'rdarlarinin' ha'disler arqali ruwxiy a'dep-ikramliliq paziyletlerin qa'liplestiriw haqqindag'i juwmag'i ha'm usinislari

Sonday-aq «Zakawat klubi» jarisin o'tkeriw maqsetke muwapiq, jaristin' maqseti to'mendegishe belgilengen:

Milliy ideyani jas a'wlad qa'lbi ha'm sanasina sin'diriw, ideyaliq bosliqqa jol qoymasliq, oqiwshilardi o'z watanin su'yetug'in ha'm oni qorg'awg'a tayar, itibarli, sag'lam ko'z-qarasqa iye insanlar etip ta'rbiyalaw.

Oqiwshilardin' jarisqa shekem iyelewi lazim bolg'an bilimler shen'berine to'mendegiler kiredi: ha'disler haqqinda mag'liwmatlarg'a iye boliw, ha'dislerdin' tariyxi menen, alimlardin' ism-sha'ripi ha'm de do'retiwshilikleri haqqindag'i mag'liwmatlarg'a iye boliw. Jaristi o'tkeriwde to'mendegi pedagogikaliq sha'rt-sharayat tuwdiriladi; jaris 40-50 oqiwshig'a mo'lsherlengen jiynalis xanasinda o'tkeriledi. Onda «Zakawat klubi» tipinde oqiwshilar ortasinda intelektual oyin-jarisi o'tkeriledi. Jarista eki topardan ibarat bolg'an qi oqiwshi qatnasadi. Qalg'an oqiwshilar bolsa olardin' xizmetin baqlaydi ha'm bahalaydi. Oqitiwshi jaris sha'rtin ja'riyalaydi.

Jaris sha'rti boyinsha 1-turda oqiwshilardin' ha'disler tariyxina tiyisli bilimleri sinaladi. Bunda to'mendegi sorawlardan paydalaniw mu'mkin`

-«Ha'dis» so'zinin' ma'nisi ha'm birinshi ma'rte ha'dis jiynaw menen shug'illang'an insan kim

-Ha'dis iliminin' rawajlaniw da'wirleri haqqinda ne bilesiz

-Ha'disler neshe bo'limnen ibarat

-Imam Muhammed ibn Ismayil al-Buxoriydin’ ha’dis toplamlarinan qaysilarin bilesiz

-Ha’disler qanday ta’rbiyaliq a’hmiyetke iye

2-tur jarista jumbaq-soraw ta’rizinde du’zilgen ha’dislerden paydalaniladi. Bunday tu’rdegi ha’disler qatarina to’mendegilerdi kiritiw mu’mkin`

1. Rasululloh Sallallohu alayhi va sallom ha’dislerinin’ birinde sonday delingen: «Kisi denesinde bir parsha go’sh bar, eger ol du’zelse, ag’zalarinin’ ba’ri du’zelgey, eger ol buzilsa, ag’zalarinin’ ba’ri buzilg’ay».

Soraw: Bul ha’diste ne na’zerde tutilg’an? (juwap: Ju’rek)

2. Rasululloh Sallallohu alayhi va sallom aytti: «Terekler arasinda bir terek bar, japirag’in to’kpeydi, ol musilmang’a usaydi. Aytin’izshi bul qaysi terek?».

Soraw: Bul jerde Rasululloh qaysi terekti na’zerde tutqan? Ne ushin musilmanshiliqtin’ tereginin’ japirag’i iyman delingen? (Juwap: Xurma teregi)

3. Rasululloh Sallallohu alayhi va salomdan: «Yaki Rasululloh, musilmanlardin’ abzali qaysi kisi» dep sorag’anda ol ne dep juwap qaytarg’an? (Juwap: qolinan ha’m tilinen basqa musilmanlar azar tappag’an kisilerdur.)

4. Rasululloh Sallallohu alayhi va sallomdan soradi: Qaysi ta’repler insanda en’ jaqsidur? (Juwap: «Ashlarg’a tag’am bergennin’  ha’m tanig’an yaki tanimag’ang’a sa’lem bergennin’» siyaqlilar)

3-tur sha’rtinde bolsa Zakawat klubinda qatnasip atirg’an qarsi toparlardin’ bir-birine beretug’in soraw-tapirmalari tiykarg’i derek bolip xizmet qiladi. Ha’r eki topar qatnasiwshilari u’shewden soraw tayarlap, konvertke jaylastiradi. Qarsi topar qatnasiwshisi o’zi tan’lap alg’an konvert ishindegi sorawg’a juwap beriwi lazim.

Jaristi bahalaw oqiwshilar ta’repinen belgilengen jyuri ag’zalari hu’kimine tapsiriladi. Ilajlarda qollanilatug’in bul tu’rdegi da’stu’riy emes ta’rbiya tu’rleri oqiwshilar iskerligin rawajlandiriw, olardi erkin pikirlewge u’yretiw, ruwxiyatin qa’liplestiriw sonday-aq diniy qa’diriyatlarg’a tiyisli bilimlerdi tuwpi iyelewge jigerlendiriwde a’hmiyetli orin tutadi.

Baslawish klass oqiwshilarin ruwxiy, a’dep-ikramli, milliy qa’diriyatlar tiykarinda ta’rbiyalawg’a bag’darlang’an klasstan tisqari ta’rbiyaliq islerdin’

tiykarg'i qa'siyetleri, oqiwshi ku'ndelik turmisinin' a'hmiyetli bo'legi sipatinda ko'rinedi. Bul islerde qatnasiw na'tiyjesinde oqiwshi birinshiden, oqiw islerinin' dawami sipatinda tu'rli temadag'i soraw-juwap protsessinde qatnasadi, o'zinin' bilim ha'm ruwxiy da'rejesin bayitip baradi. Ekinshiden bul isler ta'lim protsessinde beriletug'in ruwxiy, a'dep-ikramliliq ko'nlikpelerin bekkemleydi, qosimsha mag'liwmatlar menen bayitadi, ruwxiy, a'dep-ikramliliq qa'driyatlarina qizig'iwshilig'in o'siredi. Ha'disler quralinda balalardi ruwxiy, a'dep-ikramliliq qa'driyatlar ruwxinda ta'rbiyalawdi ko'zde tutqan klasstan tisqari ha'm ta'rbiyaliq islerdi uliwma mekteplik ta'rbiyaliq islerdin' bo'legi sipatinda qorg'aw maqsetke muwapiq. U'shinshiden, oqiwshilardi klasstan tisqari ta'rbiyaliq isler protsessinde ha'dislerden paydalaniw arqali insaniyliq paziyletlerin qa'liplestiriw tiykarinan mekteptin' bar imkaniyatlarinan kelip shiqqan halda uyimlastiriladi. To'rtinshiden, ha'dislerdegi a'dep-ikramliliq paziyletlerdi u'yreniw, balalardi ta'rbiyalawg'a bag'ishlang'an ta'rbiyaliq islerdin' mazmunina u'yreniletug'in da'wir ja'miyetlik, ekonomikaliq ha'm ruwxiy o'mir mazmuni sin'diriledi.

Klasstan tisqari ta'rbiyaliq islerdi o'tkeriwde to'mendegi talaplardi orinlawg'a itibar qaratiw lazim:

-klasstan tisqari islerdin' jobalastiriliwi;

-temanin' mazmunin oqiwshilarg'a duris tu'sindire aliw;

-ruwxiy, a'dep-ikramliliq ta'rbiya barisinda klasstan tisqari islerdin' tu'rli formalarinan paydalaniw h.t.b.

Sonday-aq, klasstan tisqari ta'rbiyaliq saatlarda baslawish klass oqiwshilarina a'dep-ikramliliq ta'rbiya beriwde erteklerden paydalaniw maqsetke muwapiq. A'sirese, 2-3 klass balalarina ta'rbiyaliq saatlarda ha'r tu'rli temalarda haywanatlar haqqinda, qiyaliy erteklerdi su'yip tin'laydi. Ertekler balalarg'a ku'shli ta'sir jasaydi, balalar o'zleri jaqsi ku'rgen, o'zlerine unag'an erteklerden ku'shli ta'sirlenip, oni uzaq waqit umitpaydi, aytip ju'redi. Sebebi, olardan bala jaqsiliq penen jamanliqtin', a'dep-ikramliliq penen a'depsizliktin' gu'resin, hadalliqtin', a'dilliktin' a'depsizlikti jen'iwin o'tirikten shinliqtin' u'stem boliwin,

jamanliqtin’ a’shkaralaniwin, hadalliqtin’ adamdi o’z a’rmanina jetkizetug’inlig’in ko’redi.

Baslawish klass oqiwshilarinin’ turmisinda ertekler u’lken ta’rbiyaliq a’hmiyetke iye. Oqiwshi ertek mazmuninin’ a’piwayililig’i, qiziqlilig’i, ondag’i qaharmanlardin’ ziyrekligi, shaqqanlig’i, haq niyetliligi, tapqirlig’i xarakterlerdin’ aniqlig’i, tuwrilig’i, tilinin’ ko’rkemliligi, baylig’i ha’m tazalig’i ushin jaqsi ko’redi.

Ertek oqiwshini  o’z qaharmanlarinin’ qiziqli is-ha’reketleri menen qiziqtiradi, a’dillik penen jaqsiliqtin’, jawizliq penen haramliliqtin’ u’stinen jen’iske erisiwin sa’wleleniwi arqali tolg’andiradi, unamli, su’yikli qaharmannin’ quwanish-qayg’isina ortaqlasiw sezimin qa’liplestiriw menen birge, ta’rbiyaliq mu’mkinshilikleri menen o’zine tartadi, a’dep-ikramliliq tu’siniginin’ qa’liplesiw tiykarin payda etedi.

Oqiwshilarg’a qaharmanlardin’ sezimin bastan keshiriwlerin ashiwda a’dep-ikramliliq ha’reketlerdin’ sa’wleleniwi arqali oqiwshilardin’ aqil-oy tu’snigin rawajlandiriwda qaraqalpaq xaliq ertekleri ku’ta’ ta’sirli qural, sebebi ertek qahramanlari o’zlerinin’ psixologiyasinin’ a’piwayililig’i, ha’reketlerinin’ aniqlig’i menen ku’ta’ baslawish klass oqiwshilarinin’ turmisinda ertekler ayriqsha a’hmiyetli orin tutadi.

Oqiwshilar jas waqtinan baslap-aq, ertekler menen  tanisa baslaydi. Teatrda, televidenie arqali ko’rgeni, ata-analarinin’, joldaslarinin’ aytip beriwi arqali esitken ertekleri oqiwshilardin’ sezimine ku’shli ta’sir etip, olardin’ mazmuninin’ qiziqlig’i menen o’zine tartip, qiyalin rawajlandiradi, a’dep-ikramliliq tu’sinigin ken’eytedi, turmisqa estetikaliq qatnasin qa’liplestiriwde u’lken ja’rdem beredi.

Al bul waziypani jemisli tu’rde a’melge asiriw mug’allimnin’ ertekti sabaqta o’tiw protsessinde alip barg’an is usili ta’sirligine tikkeley baylanisli. Ol ushin mug’allim oqiwshilardin’ ertektin’ mazmunin  duris qabillawina erisiwi tiyis.

Bul birinshiden-mug’allimnin’ oqiwshilarda shig’arma mazmunin qabillawg’a belgili da’rejede diqqat awdariwdi payda ete biliwine, ekinshiden-shig’armanin’ ta’sirli oqiliwina, u’shinshiden-qaharmanlardin’ a’dep-ikramliliq

sipatlarinin’ ruwxiy jag’daylarinin’ imotsionalliq sezimlerinin’ oqiwshinin’ ju’rek tolqiwin payda eterliktey da’rejede ashiliwina, to’rtinshiden-oqiwshilardin’ shig’armanin’ su’wretlew usilin ha’m til ko’rkemliliginin’ ayriqshalig’i tu’siniwine baylanisli.

Oqiwshilardin’ a’dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwi, qaharmanlardin’ a’dep-ikramliliq ha’reketin tuwri tanip tu’siniwi olardin’ biliwge umtiliwshiliq ha’reketinin’ jedellesiwi do’retiwshilik oylawina jag’day jaratip, sabaq barisinda oqiwshilardin’ o’zliginshe izleniw, o’zliginshe izertlep oqiwina ta’sir jasawshi jag’daylardin’ qa’liplesiwine mu’mkinshilik beredi. Sonliqtan da mug’allim oqiwshilarg’a erteklerdin’ ja’rdemi menen a’dep-ikramliliq ta’rbiya beriwde a’melge asirilatug’in tiykarg’i qurallardin’ birine aylanadi.

Mug’allimnin’ ertekti tu’sindiriwde ha’r tu’rli usillardi qollaniw avtordin’ ertek qatnasiwshilarin awizsha su’wretlew, olardi o’z-ara salistiriw, ta’sirli oqiw oqiwshilardin’ do’retiwshilik belsendiligin ku’sheytedi, olardin’ tu’sinigin ken’eytedi, a’dep-ikramliliqtin’ adam o’mirin go’zzallantiriwshi qa’siyetine isenimin bekkemleydi.

Mug’allimnin’ erteklerdi tu’sindiriwi sabaq o’tiw barisinda qollanilg’an usillardi oqiwshilardag’i a’dep-ikramliliqtin’ ha’r qiyli ta’replerin qa’liplestiriwde jaqinnan ja’rdem beriwi tiyis.

Sonliqtanda mug’allim ha’r bir sabaqqa puxta tayarlanip sabaq barisinda oqiwshilar menen islesiwde qa’liplesken da’stu’ri klass jag’dayin oqiwshilardin’ rawajlaniw da’rejesin, o’zgesheliklerin, jas ayirmashiliqlarin esapqa alip, jumisti u’lken metodikaliq sheberlik penen alip bariwi tiyis. Sonda g’ana oqiwshilarg’a bilim ha’m ta’rbiya beriw isinde go’zlegen maqsetke erisiwi, sabaqtin’ ta’rbiyaliq maqsetin a’melge asiriwi mu’mkin.

Baslawish klasslarda erteklerdi tek g’ana oqip yamasa so’ylep beriwdin’ o’zi balalarg’a qiziqli boladi. Al eger usi erteklerdin’ ta’sirliligin arttiriw maqsetinde o’tkeriletug’in ha’r qiyli metodlardi qollaniw ju’da’ jaqsi unamli a’meliy na’tiyjeler beriwi so’zsiz. Ma’selen ta’rbiyaliq saatlarda mug’allim ha’r qiyli temalardag’i (watansu’yiwshilik, miynetkeshlik, miymandosliq, sadiqliq

ha’m t.b) ertek personajlarin rollerge bo’lip balalardiuqibina qaray tan’lap aladi ha’m o’tilgen ertek kishkene saxna formasinda o’tkeriledi.

Bunda oqitiwshi birinshi gezekte ha’r bir obrazdin’ so’zine, intonatsiya, test, mimikalarina diqqat awdariwi kerek, ekinshiden bunday ta’rbiyaliq saatlarinin’ waqti baslawish klasslarda 20-30 minuttan aspawi kerek, keri halda balalarda jalig’iw payda boliwi mu’mkin. Son’ balalar 2-3 toparg’a bo’linip usi ertektin’ temasina baylanisli naqil-maqallar aytip jarisadi.

Mug’allim bunday saatlardi sho’lkemlestirgende temag’a baylanisli ko’rgizbe qurallarinan paydalansa sabaqtin’ mazmuna ele de bayiydi. Ko’rgizbe qurallar da ashiq tu’rdegi ren’lerde boliwi kerek, sebebi, balanin’ fantaziyasinda ertekler du’n`yasi- a’jayibatlar du’n`yasi, ol en’ go’zzal du’n`ya. Olardin’ usi ko’z-qarasin bayitip, rawajlantirip, go’zzalliqqa talpindirip, ta’rbiyalawimiz kerek.

Ertekler arqali ta’rbiyalaw protsessinde qaysi paziylet qaysi erteklerde sa’wlelengenligin balalar qay da’rejede biledi. Mine buni aniqlaw ushin da oyin usillarinan paydalaniwimizg’a boladi. Misali, mug’allim erteklerdin’ atamalarin ataydi, al oqiwshilar olardag’i insaniyliq paziyletlerdi ko’rsetedi` (bul usil r klass oqiwshilarina qolay keledi).

Mug’allim - O’zbek xaliq ertegi «Zumrad ha’m Qimbat»

Oqiwshilar - miymandosliq, miynetkeshlik, haqiyqatliq ha’m kerisishe erinsheklik, turpayiliq, ashko’zlik.

Mug’allim - rus xaliq ertegi «Zolushka»

Oqiwshilar - miynetkeshlik, tuwriso’zlik, epshillik, kishipeyillik ha’m kerisinshe, menmenlik, hayyarliq, o’zimshilik.

Erteklerdi tan’lawda mug’allim tek g’ana qaraqalpaq xaliq ertekleri menen sheklenip qalmawi kerek. Ha’r tu’rli milletke tiyisli erteklerdi u’yretsek balalar o’z milletinin’ milliy o’zgesheliklerin anig’iraq ko’re aladi. Baslawish klassta ta’rbiyaliq saatlarda erteklerdi u’yreniw arqali balalardin’ o’zinde a’dep-ikramliliq qa’siyetlerin men’geriwge u’yretedi.

## Juwmaq.

Magistrlik dissertatsiya jumisi na'tiyjeli boliwi ushin baslawish mektepte baslawish klasslarda baqlaw ju'rgizip oqiwshilarda ushirasatug'in dosliq qarim-qatnas tu'rlerin, oni keltirip shig'aratug'in sotsialliq jag'daylardi, shan'araqta, mektepte ha'm balalardin' o'z ortalig'indag'i psixologiyaliq klimatti (ortaliqti) aniqlawg'a mu'mkinshilik aldiq. Ma'selen, ko'pshilik jag'dayda klassta balalar arasinda olar bir-birine adamgershilik sezimi ta'rbiyalanip qoymastan, al kerisinshe tikkeley qarama-qarsi qatnastin' kelip shig'atug'inlig'inida belgili boladi.

Mekteplerde ha'r bir klassta bir neshe aktiv oqiwshilar boladi. Olardi mug'allimler ko'binese klasstin' "o'zegi" dep esaplaydi, olardi quwatlaydi ha'm ta'rbiya jumislarinda solarg'a su'yenedi. Ekinshi ta'repten, sol klasstag'i toparlarg'a birinshilerdin' bag'inishinda ju'retug'in balalarda bar. Bul jerde bunday bo'liniw balalardin' jeke basinin' rawajlaniwina ziyanli ta'sir jasaytug'inin aniqladiq. I- gruppadag'i balalarda o'zine-o'zi joqari baha beriw, qanday jol menen bolmasin barliq balalardin' alding'i qatarinda boliwg'a umtiliwshiliq, passiv oqiwshilarg'a qatan'liq rawajlanadi.

Topardin' "o'zegine" kirmeytug'in balalarda qanday jol menen bolmasin o'zine "basshinin" qa'wenderligine erisiw ushin ya jag'impazliq, yamasa jekkeleniwshilik, adamlarg'a isenbewshilik ha'm t.b. qa'siyetler rawajlanadi. Bunday balalar o'z klassinda, toparinda o'zin qolaysiz jag'dayda sezip ju'redi ha'm ko'pshilik jag'dayda ol basqalarg'a qosilg'isi kelmeydi. Adamgershilikke, pedagogikag'a ha'm psixologiyag'a qarsi qarim-qatnas ko'binese baslawish klasslarda ushirasatug'inin baqlawlar ko'rsetpekte.

Oqiwshilar arasindag'i bunday qarim-qatnaslar ko'pshilik jag'dayda mug'allimnin' ko'riw maydaninan shette qaladi. Buni u'yreniw ushin

sotsiametrikaliq metodlardan paydalaniw kerek, yag’niy birinshiden, klasstag’i balalardin’ o’z-ara dosliq qarim-qatnasin bir tutas, bir pu’tin dep qaraw kerek. Bunda ha’r bir oqiwshinin’ barliq oqiwshig’a ha’m barliq oqiwshinin’ jeke oqiwshig’a qatnasi esapqa alinadi.

O’zbekstan Respublikasi g’a’rezsizlikke erisken waqitlarinan baslap, jaslardin’ ta’lim-ta’rbiyasina ayriqsha kewil bo’lip kelmekte. Hu’kimetimiz ta’rpinen qabil etilgen ”Bilimlendiriw haqqinda”g’i Nizam ha’m ”Kadrlar tayarlawdin’ milliy da’stu’ri” keleshek a’wladti ja’ha’n standartlar talaplarina juwap bere alatug’in, ha’r ta’repleme jetilisken insan etip jetilistirip shig’ariwdi o’z aldina maqset etip qoydi.

Mine, usinday maqsetlerdi a’melge asiriwda uliwma bilim beriwshi mekteplerdegi oqiw isleri menen birge klasstan tis jumislardi maqsetke muwapiq sho’lkemlestiriw oqitiwshilar aldindag’i turg’an a’hmiyetli waziypalardan esaplanadi.

A’sirese, baslawish klasslarda oqiwshilardin’ bos waqtin duris sho’lkemlestiriwde klasstan tis jumislardin’ tu’rlerinen paydalaniw; oqiwshilarda a’dep-ikramliliq qa’siyetlerin ta’rbiyalawg’a, olardin’ bos waqitlarin mazmunli, qiziqli etip o’tkeriwge, olardin’ qa’biletliligi, ruwxiy du’n`yasinin’ rawajlaniwina belsendiligi, initsiativalilig’inin’ jan’a basqishqa ko’teriliwine mu’mkinshilik jaratadi.

Klassan tis jumislardi baslawish klasslarda ha’r tu’rli temag’a baylanisli gu’rrin’lesiw o’tkeriw, ta’biyat qushag’ina ekskursiyalar sho’lkemlestiriw, tu’rli sport oyinlarin, ha’r tu’rli pa’n do’gereklerine qatnastiriw arqali a’melge asiriladi. Baslawish klasslarda oqiw ha’m ta’rbiya sabaqlari oqiwshilarg’a watansu’yiwshilik, Ana Watang’a muhabbat, a’tirap-ortaliqti go’zzal ha’m ko’rkem etiwge u’yretedi.

Baslawish klass oqiwshilarin bos waqtin duris sho’lkemlestiriwde mug’allim basshilig’inda pa’n do’gerekleri, ko’rik-tan’lawlar sho’lkemlestiriw balalardag’i o’zinde bar qa’biletlerdin’ rawajlaniwina, aqiliy jaqtan jetilisiwine ha’m de a’dep-ikramliliq qa’siyelerinin’ qa’liplesiwine imkan jaratadi. Olardin’ birgelikte

ja’ma’a’t bolip islewge, birgelikte miynet etiwge u’yretedi. Sonday-aq kishi jastag’i balalardi ortaliqta ta’rbiyalawda mektepten tisqari shan’araq, ma’ha’lle basshilari menen birge ta’rbiyaliq isler alip bariw maqsetke muwapiq.

Respublikamizda ta’lim-ta’rbiya tarawindag’i o’zgerisler ta’lim-ta’rbiyada jan’asha oqitiw ha’m ta’rbiyalaw ma’selesine itibar qaratpaqta.

Ta’rbiya protsessinde de, jan’a texnologiyalarg’a tiykarlanip is alip bariwdi go’zlegen halda, ta’rbiyaliq saatlarda milliy qa’diriyatlarimizdan, xaliq pedagogikasi u’lgilerinen paydalanip ta’rbiyaliq islerdi alip bariw oqiwshilarda birgelikte islewge, o’z-ara pikir almasiwg’a, o’z-ara dosliq, adamgershilik siyaqli qa’siyetlerdi ta’rbiyalaydi.

Sonin’ menen birge, baslawish klass oqiwshilari ushin ta’rbiyaliq saatlarda erteklerdi tallaw, ondag’i qaharmanlardin’ is-ha’reketin o’zlerinshe talqilawg’a u’yretedi. Ertekler balalardi jaqsiliqqa jetekleydi. Oqiwshilarda dosliq, adamgershilik, insaniyliq siyaqli a’dep-ikramliliq qa’siyetlerge ta’rbiyalaydi.

Baslawish klass oqiwshilarin ruwxiy, a’dep-ikramli, milliy qa’diriyatlar tiykarinda ta’rbiyalawg’a bag’darlang’an klasstan tis ta’rbiyaliq islerdin’ tiykarg’i qa’siyetleri, oqiwshi ku’ndelik turmisinin’ a’hmiyetli bo’legi sipatinda ko’rinedi.

Bul islerde qatnasiw na’tiyjesinde tu’rli temadag’i gu’rrin’ ha’m soraw-juwap protsessine qatnasadi, balalardin’ ruwxiy, a’dep-ikramliliq ko’nlikpelerin bekkemleydi, insaniyliq paziyletlerin qa’liplestiredi.

Juwmaqlap aytqanda, baslawish klass oqiwshilarin klasstan tis jumislar arqali a’dep-ikramliliqqa, bir-biri menen dosliq mu’ha’siybetke ta’rbiyalawda ortaliqtin’ ta’siri u’lken. Ortaliq - ta’rbiyaliq islerdi a’melge asiriwshi orin.

Barliq klasstan tis ta’rbiyaliq isler ortaliqta` ta’biyat qoyninda, mektep maydanshalarinda, sport maydanshalarinda, pa’n do’gereklerinde h.t.b. orinlarda oqiwshilardin’ birgeliktegi islerinde orinlanadi. Bunday ta’rbiyaliq isler kishi mektep jasi balalarin aqiliy, fizikaliq estetikaliq ha’m a’dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwina u’lken ta’sir tiygizedi.

Baslawish klasslarda erteklerdi tek g’ana oqip yamasa so’ylep beriwdin’ o’zi balalarg’a qiziqli boladi. Al eger usi erteklerdin’ ta’sirliligin arttiriw maqsetinde

o’tkeriletug’in ha’r qiyli metodlardi qollaniw ju’da’ jaqsi unamli a’meliy na’tiyjeler beriwi so’zsiz.

Oqiwshilardin’ a’dep-ikramliliq jaqtan rawajlaniwi, qaharmanlardin’ a’dep-ikramliliq ha’reketin tuwri tanip tu’siniwi olardin’ biliwge umtiliwshiliq ha’reketinin’ jedellesiwi do’retiwshilik oylawina jag’day jaratip, sabaq barisinda oqiwshilardin’ o’zliginshe izleniw, o’zliginshe izertlep oqiwina ta’sir jasawshi jag’daylardin’ qa’liplesiwine mu’mkinshilik beredi. Sonliqtan da mug’allim oqiwshilarg’a erteklerdin’ ja’rdemi menen a’dep-ikramliliq ta’rbiya beriwde a’melge asirilatug’in tiykarg’i qurallardin’ birine aylanadi.

Ha’disler quralinda balalardi ruwxiy, a’dep-ikramliliq qa’driyatlar ruwxinda ta’rbiyalawdi ko’zde tutqan klasstan tisqari ha’m ta’rbiyaliq islerdi uliwma mekteplik ta’rbiyaliq islerdin’ bo’legi sipatinda qorg’aw maqsetke muwapiq. Oqiwshilardi klasstan tisqari ta’rbiyaliq isler protsessinde ha’dislerden paydalaniw arqali insaniyliq paziyletlerin qa’liplestiriw tiykarinan mekteptin’ bar imkaniyatlarinan kelip shiqqan halda uyimlastiriladi. Ha’dislerdegi a’dep-ikramliliq paziyletlerdi u’yreniw, balalardi ta’rbiyalawg’a bag’ishlang’an ta’rbiyaliq islerdin’ mazmunina u’yreniletug’in da’wir ja’miyetlik, ekonomikaliq ha’m ruwxiy o’mir mazmuni sin’diriledi.

## Paydalanilg’an a’debiyatlar dizimi.


1. Karimov I.A. Barkamol avlod – O’zbekiston taraqqiyotining poydevori. «Sharq» nashriyot-matbaa kontsernining Bosh tahririyati. 1997 y.
2. Karimov I.A. Yangicha fikrlash va ishlash - davr talabi. 5 jild. -T.: O’zbekiston nashriyoti, 1997 y.
3. Karimov I.A. Ma`naviy yuksalish ywlida. -T.: O’zbekiston, 1998 y.
4. Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat-engilmas kuch. T.:Ma`naviyat, 2008y
5. Abdullaeva Q.A, Safarova R.G`, Bikbaeva N.U, Baxramov. Boshlang`ich ta`lim davlat ta`lim standarti. Boshlang`ich ta`lim jurnali, №6, 1998 y.
6. Abdullaeva Q.A, Safarova R.G`, Bikbaeva N.U, Baxramov. Boshlang`ich ta`lim Kontseptsiyasi. Boshlang`ich ta`lim jurnali, №6, 1998.
7. Adburaxmanov, Davletshin. Odamlar bilan qanday muloqatga kirish va endashish kerak. T.,1998.
8. Almetov N.Sh. O’quv-tarbiya jarayonida halq pedagogikasining tarbiyaviy imkoniyatlaridan foydalanish // O’qit.uchun.qo’ll.-Chimkent, Jan. KozMITI, 1993.-90b.
9. Adizov B.R. Boshlang`ich ta`limni ijodiy tashkil etishning nazariy asoslari. Pedagogika fanlari doktori ilmiy darajasini olish uchun yozilgan dissertatsiya avtoreferati. – T.: 2003 g. 44 s.
10. Barkamol avlod orzusi. -T.: Sharq nashriyoti, 1999 y.
11. В.З.Вульфов, М.М.Поташник. Организатор внеклассной и внеклассной воспитательной работы. Москва, 1983г.
12. Karimova V.M. Milliy istiqlol g`oyasini ta`lim jarayoniga joriy etishning pedagogik hamda psixologik asoslari.-T.:WAJBNT, 2002.
13. Qodirov B.O. O’zbek xalq pedagogikasining shakllanishi. – T.: Fan. 1992.
14. Qosimov U.A. Komil insonning ijtimoiy-psixologik xususiyatlari. Psix.fan.nom. ... diss. avtoref.: - T.: 2004.
15. Quronov M. Maktab ma`muriyati va milliy tarbiya. – T.: Fan. 1991.

16. Қурбанов Т.Формирование этической культурий старшеклассников ва основе ученика « Одобнома». Авто реф.дис. на соис.учен.степ. канд. Пед.наук.. -Т.: 1995 г.
17. Milliy g`oya va rahbar mas`uliyati. T.: G`.G`ulom nomidagi nashriyot, 2007 y.
18. Mahkamov U. O’quvchilarning ahloqiy madaniyatini shakllantirish muammolari. – T.: Fan, 1995.
19. Musurmonova O. O’quvchilarning ma`naviy madaniyatini shakllantirish. -T.: Fan, 1993 y.
20. Нишанова С.Воспитание совершенного человека в развитии педагогической мисли эпохи возрождения Востока: Автореф. дисс. док. Пед. Наук. – Т.: 1998.
21. Nurmuhammedov U., Ravshanov P., Mallaev R. Odob qomusi. -T.: RWMM, 1990 y.
22. Olimov Sh.Sh. Akademik litsey, kasb-hunar kollejlari o’quvchilarida axloqiy-estetik idealni shakllantirishning pedagogik asoslari («Ma`naviyat asoslari» fanini wqitish jarayonida).: Ped.fan.nom. ... diss. avtoref. – T.: 2002.
23. Ortiqov N. Milliy va umuminsoniy qadriyatlar asosida o’quvchi shaxsini axloqiy shakllantirish.: Ped.fan.dokt. ... diss. –T.: 2000.
24. Soifnazarov F., Soifnazarov I. Tarbiya, odob va oqibat. -T.: O’zbekiston,1991y.
25. O’zbekiston Respublikasi: mustaqil davlatning bunyod bo’lishi. -T.: O’zbekiston, 1992 y.
26. O’zbekiston Respublikasi. Entsiklopediya. -T.: Qomuslar bosh muharririyati, 2002 y.
27. O’zbekistonning milliy istiqlol mafkurasi. -T.: O’zbekiston, 1993y.
28. O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. -T.: O’zbekiston nashriyoti, 1998 y.
29. Tarbiyaviy ishlarni tashkil etish metodikasi. Qo'llanma. T.: O’qituvchi, 1996y.
30. Хасанов Т.Х.Теретические и методические основий воспитания дистсиплинированности и культури поведения младшех школьников в

целостном учебно-воспитательном процессе. Асторев.дис.на соис.учен. степ.д-ра пед.наук.-Т.: 1993 г.

31. Xalq pedagogikasi inson kamolatining asosi. -T.: WzPFITI, 1992 y.
32. Xo'jaev B.Q. Fuqarolik jamiyati va shaxs fuqarolik madaniyati. //Pedagogik mahorat/ J. 2008. 1-son, 8 – b.
33. Xasanbaev.O.Tarbiyaviy ishlar metodikasi. Toshkent-1995.
34. Yusupov E. Ismoilov F. Inson odobi bilan. -T.: O'zbekiston, 1983 y.
35. http://ziyonet.uz/
36. http://pedagog.uz/